

Kesyon Ak Repons Nimewo 3

64-0830M

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Ann bese tèt nou. Seyè Jezi, nou rekonesan anvè Ou maten an pou opòtinite pou nou vini nan Prezans Ou, ak tan fratènite sa, e pou nou chita isit la nan lye selès yo nan Kris Jezi. Kounye a, Seyè, nou priye pou W kontinye avèk nou pandan n ap pale de Ou. Se pou kè nou plen ak lajwa alòske n ap gade a Pawòl Ou epi a pwomès Ou fè nou yo. Beni pastè nou an, asosye nou yo, tout frè ak sè ki vin isit la pou rankontre ak nou e rasanble isit la nan ti plas sa a ke nou te deziyen kòm yon kote pou fè reyinyon pou Ou. Epi nou priye pou W beni nou nan tout sa n ap fè pandan jounen an. Nan non Jezi nou mande li. Amèn.

Nou ka chita. (Mwen gen liv ou a, Frè...?...)

2 Sa a se jis yon jan de ti soulajman pou mwen jis pou yon ti moman. Mwen te gen reyinyon dèyè a la, entèvyou; Mwen te dwe gen entèvyou oswa swa—oswa—oswa pran epi reponn kesyon yo. Prèske pou tout ka yo maten an te gen vizyon, e mwen jis te oblije... Mwen te di Billy, si Frè Neville pa t twò okipe, mwen t ap pran pakèt kesyon sa yo epi mwen t ap kouri vin isit la, pou m on jan soulaje lespri m yon ti kras. Sa... on jan epwize m, on jan de...Vizyon yo—yo...Men sa te ede moun yo; sa se bagay prensipal la. Bagay pwensipal la, sa te ede yo; sa a—sa a se bon kote a. E kifè, alò mwen pral pran yo yon ti kras pi bonè apremidi a, kidonk pou mwen ka kòmanse apremidi a ak ka espesyal mwen yo, entèvyou yo.

3 Kounye a, nou kontan maten an pou nou wè zanmi nou yo e...Koulye a, sa...Pa kenbe sa kont Billy. Kidonk...Li sipoze fè moun yo konnen si mwen ta pral kontinye reponn kesyon sa yo. Mwen te panse sa ta ka ban mwen yon, petèt yon—yon inèdtan oswa yon bagay pou reponn kesyon yo. Kèk nan...mwen renmen...mwen pa renmen pati, lè m ap fè yon bagay, mwen renmen fini sa m ap fè a. Ou wè? Alò kesyon sa yo e latriye, mwen—mwen jis renmen

di, mwen—mwen—mwen fini. Mwen jwenn twòp nan... nan tèt mwen; li fè mwen nève. E mwen pa vle nève konsènan anyen; Mwen—mwen pral Lakay mwen nan Laglwa youn nan jou sa yo.

4 Sa fè kèk jou, yon ansyen zanmi m te di m: "Mwen tèlman fatige viv san m pa janm arive defèt valiz mwen."

Mwen te di: "Chè Frè, mwen vle mande w yon bagay. Mwen vle di w yon bagay. Mwen gen anvi al lakay mwen. Mwen gen anvi al lakay mwen depi ven lane, e mwen pa gen okenn kay pou m ale." Se vre. Se vre. Sa se yon bagay terib pou di. Mwen ta kapab chita epi kriye pou ale yon kote ke m rele lakay mwen. Mwen pa gen okenn kay pou m ale. Tout kote mwen ale, mwen rete la jis pou kèk jou; Mwen pare pou m ale yon lòt kote. Mwen jis... mwen te toujou konsa; Mwen—mwen te fèt konsa. Madanm mwen rele m : "Van ajite." Se ke mwen jis—mwen jis isi e la. E se yon sitiyasyon terib sa, men mwen devine mwen te dwe konsa akòz ministè mwen. Men anpil nan nou admire... Ebyen, nou admire fè nenpòt bagay pou Bondye, men èske nou pa janm...

5 Bon, nou jis yon pakèt moun lakay maten an. Ou wè? Men, mwen—mwen anvi al lakay mwen. Mwen vle al lakay mwen, e mwen pa konn ki kote pou m ale. Ou di: "E si w ale nan Arizona, fanmi w laba?" M ap byen pou de oswa twa jou, epi mwen dwe ale yon lòt kote. E si m ale laba, mwen byen la de oswa twa jou, epi mwen dwe ale yon lòt kote. Kifè jis pa gen okenn kay pa m pou m ale, epi mwen anvi al lakay mwen.

6 Ebyen, gen yon Kay. Mwen pral—mwen pral ladann yon fwa, men mwen dwe ede nou anvan. Ou wè? Se pou sa mwen la, se pou ede nou. Epi jiskaske lè sa a rive, jiskaske mwen pa ka ede nou ankò, lè sa a mwen—mwen vle ale Lakay mwen. Mwen vle ale reyèlman Lakay mwen lè sa a. Men gen yon Plas yon kote ke mwen pral sitèlman renmen, mwen p ap vle retounen.

7 M kite Jeffersonville; Mwen pati pou kèk semèn; Mwen vle retounen ankò. M ale nan Arizona; mwen panse ke sa se bèl bagay; mwen vle retounen ankò. Mwen ale yon lòt kote; mwen vle retounen ankò. Epi m ale pa bò isit la, m ale laba, epi mwen...Answit mwen panse mwen vle

vini isit la. Mwen vini isit la; Mwen la jis pou kèk jou, epi mwen wè nou tout; mwen vle ale yon lòt kote. Ou wè, mwen gen pitit ki gaye toupitou sou latè, e mwen—mwen...sa mwen te anjandre pou Kris yo. Epi mwen... Alò mwen pa gen okenn kay. Mwen vle rasanble yo tout ansanm youn nan jou sa yo, ou wè, si Papa vle, epi answit nou pral—n ap gen yon Lakay kote nou p ap gen pou nou vagabonde ankò. Ou wè? M fatige ap vagabonde epi m pa gen okenn kote pou m rete.

8 Epi mwen ta konseye nenpòt moun, piga w janm yon nomad (ou wè?), amwens ke se yon sòt de ministè ki rele w pou w konsa, paske... mwen—mwen ta jis bay nenpòt bagay, maten an, si m te genyen yon kote isi a sou latè mwen te kapab ale epi di: "Sa a se lakay mwen!" Mwen ta —mwen ta... Si mwen te genyen l, mwen t ap bay yon milyon dola. Si mwen te gen yon kote mwen ta ka di: "Gason, mwen jis renmen sa a tèlman byen; mwen pa vle kite l ankò," mwen t ap—mwen t ap bay nenpòt bagay. Men, mwen—mwen pa ka jwenn li.

9 Mwen se yon bagay tankou Abraram te ye a; m ap chache yon vil. Ou wè? Mwen pa ka jwenn li, men mwen konnen li la. Men sètènman mwen pa ka adapte m nan nenpòt kote sèten sou tè sa a. Li jis pa sanble...Gen bèl moun, bèl kote, epi si w ale isit la, li twò imid; si w ale laba, li twò sèk; monte laba, li twò frèt; desann laba, li fè, twò cho. Ou wè? Epi ou...Pa gen plas; li jis pa Lakay mwen. M pa vle pran tan m ap kriye sou zepòl ou, men mwen...

Ebyen, nou rekonesan anvè Seyè a. Amèn! Bay remèsiman pou tout bagay. Mwen konsa, paske se konsa mwen ye. Bondye fè m sa mwen ye. E mwen pa ka anyen ke sa Li te fè de mwen an, melankoli, ak jan de bagay sa yo. Yo di m ke mwen jis dwe konsa pou mwen ka èd ke Li te voye m isit la pou m ye a. E mwen vle jan de moun sa. Si se konsa mwen te sipoze ye, se sa mwen vle ye. Kèlkeswa volonte Wayòm Bondye a, oswa volonte Bondye, se sa mwen vle ye.

10 Kounye a, ann lapriyè ankò. Seyè Jezi, kesyon sa yo poze devan nou isit la, Papa. Mwen pa ka reponn yo, Seyè. Mwen—mwen pa sifi pou kesyon sa yo, men mwen konnen ou tousifizan, paske se nan kè moun yo. Sèvi ak mwen, Seyè, pou soulaje presyon yo, Tanpri, Papa? Nan Non Jezikri mwen mande li. Amèn.

Kounye a, nou pral kòmanse sou... Mwen devine yo p ap anrejistre sa a, kidonk li se jis yon... Se kòrèk, mwen sipoze.

11 Kounye a, yon sèl bagay ki... Rezon ki fè m enkyete w pou kesyon yo, toujou gen yon bagay ki bèl... yon bagay ki grav, pito, ki toujou deranje m: se reponn kesyon sou maryaj ak divòs. O la la, apèl nan telefòn yo, lèt yo, epi yon frè vlope tèt li nan yon dra epi li chita sou galeri devan kay mwen an depi minwi jouk li fè jou nan demen maten. Minis k ap rele soti toupatou, marye de oswa twa fwa ak tout bagay. Minis yo... Mwen vle mande nou yon bagay. Mwen gen plizyè nan yo toujou isit la, mwen konnen. Mwen pa te gade yo, men gen plizyè nan yo toujou isit la.

12 Jis sonje sa! Nou menm moun ki marye, ki divòse, ki remarye, pwomèt mwen yon sèl bagay. Ou wè? Nou mete konfyans nou nan mwen. (Mwen—mwen devine sa a pa anrejistre. Mwen pa...) Nou—nou—nou te...Nou kwè m kòm pwofèt nou ke Bondye voye, sèvitè nou an, alò pran pawòl mwen pou sa, pa vre? Kontinye viv menm jan nou ye a. Pa eseye nenpòt lòt bagay tankou sa, men viv, jis ale pi devan, jis viv kontan. Nou gen... Nou sove. Si nou se Kreyen, kontinye viv pou Kris; Li te gen yon rezon kiè L te sove w.

13 Kounye a, lè m tounen, si Seyè a vle, m ap esplike nou sa nan Bib la. Ou wè? Epi pa fache. Anpil nan mesye yo te di m, yo te di: "Ebyen, mwen renmen madanm mwen, men mwen ... Mwen pral jis oblije kite l; Mwen—mwen pa vle rate Lanlèyman." Piga nou fè sa! Rete menm jan nou ye a jiskaske nou tande m ankò (ou wè?) sou sijè sa a. Lè sa a, lè mwen... mwen pa ka eksplike li nan dis oswa kenz minit; li pral pran yon ti tan pou eksplike li, paske li dwe Lekriti. Li dwe ENSI DI SEYÈ A. Si se pa sa, li pa bon.

14 Mwen konnen kesyon sa yo ke Jezi te di la a: "Si yon nonm kite madanm li epi li marye ak yon lòt, eksepte pou kòz fònikasyon, li fè adiltè, nenpòt moun ki marye ak yon fanm yo repidye, ap viv nan adiltè": Bagay sa yo, Li te gen yon rezon pou L di sa. Li te Bondye; se Pawòl Li.

15 Kounye a, ann tounen nan kòmansman an epi chèche konnen kisa tout sa vle di, ou wè, apre sa n a pote l. Men jiskaske nou fè sa, jis kontinye jan nou ye kounye a, menm jan nou te toujou konn fè, si nou se Kreyen. Si nou se yon koup Kreyen, epi nou marye, epi nou fè pitit,

ak bagay konsa, kèk ti lyen ki mare nou ansam, pa kite madanm ou oswa mari ou kounye a. Pa fè sa. Ou wè? Tann jiskaske nou tandè m ankò sou sijè a. Èske n ap pwomèt mwen sa? Leve men nou! Koulye a, nou te konfye nou nan mwen pou nou kwè mwen. Kounye a, nou—nou kwè m jiske la; kounye a, kwè m jis yon ti kras pi plis sou sijè a.

Kounye a—kounye a, ann wè, mwen resevwa kèk bon kesyon isit la maten an, kèk...

325. Èske tout moun ki nan Lepouz la dwe abite nan espas mil senksan mil bò tabènak la (mwen kwè mwen te gen sa ankò dimanch pase a. Mwen pral jis oblije pran yo epi sèvi ak yo jan mwen kapab.) –mil senk san mil bò tabènak la, jan li sanble tankou li soti sou kasèt nimewo de nan "Kay K Ap Vini Pou Lepouz La"? Mwen te toujou panse ke Lepouz la t ap soti nan tout pati nan mond lan nan moman Anlèvman an. Èske mwen nan lerè?

16 Non, mezanmi, ou pa gen tò, ou gen rezon. Kounye a, si mwen te di anyen sou bann lan ki ta fè w kwè...

Kounye a, mwen poko... Sa yo tou nouvo pou mwen kounye a, mwen pa janm gade nan—nan sa yo isit la. Ou wè? Sa yo se nouvo pakè ke mwen te resevwa lòt dimanch lan, epi mwen mete yo nan anvlop sa a, epi mwen kite yo ladan l.

17 Kounye a, konsènan sa a... Non, Lepouz la pa oblije nan yon sèten kote. Anpil nan yo pral nan pousyè tè a. Yo pral alantou tè a; yo pral jete nan—nèj la nan nò a, ak—ak pousyè nan forè twopikal yo, ak—ak tout atravè mond lan. Men, lè twonpèt Bondye a pral sonnen, moun ki mouri nan Kris la pral leve, reveye, epi soti nan pousyè tè a, kèlkeswa kote yo ye. Epi kounyeya, konsènan sa a, rezirèksyon an pral yon bagay inivèsèl. Ou wè? Tout kote tout kreyati ki sou glòb tè a ki nan Kris la ap vini avèk Li lè Li vini (ou wè?), kèlkeswa kote ou ye.

18 Jis panse ak arèn yo nan epòk premye mati yo, lè kretyen sa yo yo te konn jete nan twou lyon yo, e lyon sa yo te touye kretyen yo e yo te manje kò yo. Ou wè? Poutan, kò yo te dispèse nan dechè lyon sou sifas tè a. Kèlkeswa kote li ye, ou pa kapab... Ou wè, ou fèt ak yon sibstans ki soti nan yon matyè envizib, e Bondye pral—pral rebay sibstans sa—sa ankò. Ou wè?

19 Bon, tankou pa egzanzp lè w pran yon—yon selil. Si w brize selil sa, epi li vini yon—yon selil ki soti nan yon selil, epi yon atòm, ak yon molekil, e latriye; epi finalman li fini nan envizib la. Li soti nan yon natirèl, yon bagay ou ka manyen, pou l fini nan gaz; soti nan gaz pou l fini nan asid—acid nan gaz, epi de gaz, e latriye, jouk finalman tout vini nan yon sèl ti bagay, e sa se lespri. E lespri sa a ki te okipe gaz sa yo...Li ka pa menm gaz yo, men karakteristik ou yo pral egzakteman menm bagay ankò. Ou wè? Se lespri a ki kontwole sa.

20 E kounyeya, nan lòt mo, lè w vin yon jèn gason oswa yon jèn fanm, epi tankou, Bondye pran yon foto w...Koulye a, kèlkeswa laj ak rid ou genyen, ki jan w defigire, kèlkeswa sa li va ye a, tout bagay ap pase kòm sa te dwe ye, jouk lafen . Epi kò sa a ka detwi, defigire, boule, lyon yo ka manje l, kèlkeswa sa li ye a, men li te fèt ak gaz, sèz eleman ki sot nan tè a. Se te kalsyòm, ak potasyòm, ak petwòl, ak limyè kosmic, e latriye, tout ale ansanm pou fè kò a. Kounye a, pe enpòt, sa a... Tout tè a plen ak sa.

21 Men kounye a, foto sa a se bagay prensipal la. Alò nan rezirèksyon an, gaz sa yo, ak asid, ak bagay sa yo ap tounen imedyatman nan plas la epi devlope foto sa a ankò. Bon, foto sa a pa t pran lè ou te gen sèz, oswa dizwit, oswa ven lane nan moman w te pi anfòm. Kilè li te pran? Anvan te gen yon fondasyon mond lan, li te mete nan gwo dosye Bondye a. E alò sèlman bagay sa te fè li te materyalize isiba pou pèmèt ou te fè chwa w. Ou wè? Alò ou vin yon sèvitè Bondye. Li menm Li te konnen l davans, se sa ki fè Li se yon Redanmtè, jan nou te wè l la.

22 Alò foto sa a se absoliman ... Sa a se negatif la. Pati negatif nan lavi a se kote w ap viv kounye a. E nenpòt bagay, si gen yon negatif, se pou gen yon pozitif anvan ka gen yon negatif. Se poutèt sa, si sa a se yon negatif, dwe genyen yon pozitif yon kote. Epi sa a se pa bagay reyèl la; sa a se sèlman yon lonbraj yon bagay reyèl ki gen pou vini an. Koulye a nou sezi li?

23 Kifè, mwen pa okipe m de sa yo ta fè avè ou; yo pa ka detwi pwofil sa a, foto sa a nan gran galri Bondye a. Li pa ka detwi li, li nan syèl la. Ou ta ka boule l, bay lyon yo manje l, fè nenpòt sa w vle avè l; l ap retounen ankò menm jan se sèten ke de fwa de fè kat. Osi sèten ke Bondye te di l, li va parèt. Kidonk, kèlkeswa kote ou ye...

24 Kounye a, si mwen...mwen panse si w pral jwe bann lan...(mwen pa konnen kiyès ki ekri l; pa gen non ki siyen, jis yon ti moso papyè ak lank ble, ki ekri nan yon ti kaye nòt. Sanble tankou yo te rache l soti nan yon ti—yon—yon ti kaye nòt.) Men sonje, konsènan sa a, nan—nan kesyon sa a kounye a, nan bann lan, si w remake, mwen te di sa a, yon bagay sou sa a (kapab pa mo pou mo kounye a, si ou tcheke bann sa a ak lòt la): Mwen te di: "Pa egzanp, nou isit la maten an. Vil sa a ke nou anvi wè a pral gen anviwon mil senksan mil kare." Mwen te di: "Sa t ap rive soti nan Maine rive nan Florid, epi soti nan bò Lanmè Lès la rive nan uitsan mil nan lwès Rivyè Mississippi, mil senksan mil kare." Mwen te di: "Reflechi sou sa, isit la maten an, gen moun ki chita isit la ki—ki aktyèlman soti nan distans sa a, soti nan mil senksan mil kare, ki chita isit la." Koulye a, mwen pa konnen ki kote Tanp lan pral chita sou tè a, men mwen gen yon lide ke Tanp lan pral etabli apeprè kote Palestin lan ye kounye a. Sa pwal pwobableman nan plas sa menm tèt mòn lan pral ye. Li pral etann li. Natirèlman, p ap gen lanmè ankò lè sa a. Ou wè, mond sa a mezire vennsenk mil mil ozalantou li, men mil senkant mil se pa anpil k ap soti nan sa. Men gran Vil sa a pral chita sou mòn sa a ki mezire mil senksan mil kare.

25 Bon, rezon ki fè mwen kwè sa a se akòz pwofesi yo ak bagay ki konsène Mòn Siyon nan Jerizalèm ak vil sa yo. Epi se la kote pwofèt Abraham te chèche vil sa a, e se Bondye ki Achitèk li ak Batisè li. Li te chèche Vil sa a nan peyi sa a. Mwen kwè ke li pral kote peyi sa a ye a.

26 Peyi sa, se apèn si ou ka jwenn li sou kat la. Se yon ti pwen tou piti. Epi gade gwosè peyi Larisi, ak Etazini, Amerik di Sid, ak tout kote sa yo la... Poukisa Bondye te tèlman zeze pou plas sa a (ou wè?), pou sèl plas sa? Sa se kesyon an. Mwen pa ka pwouve li, men li jis sanble konsa pou mwen. Men kèlkeswa kote l ye a, n ap dirije nou nan direksyon sa, kifè lwanj pou Seyè a pou sa.

27 Kounye a, si w te gen enpresyon ke mwen—ke mwen te di li t ap ladann... anviwon mil senksan mil nan alantou tabènak la, se te yon move enpresyon (ou wè?), paske se p ap sa. Tabènak sa a gen...Sa a se jis yon ti kote ki pral detwi. Epi—epi mond lan pral boule, epi tout bagay sa a pral disparèt. Epi Indiana sa, ak Etazini, ak tout bagay pral jis fonn epi yo p ap vin

anyen lòt ke lav. Ou wè? Tout peche, tout maladi, tout mikwòb, tout lòt bagay pral detwi. "Epi mwen te wè yon Nouvo Syèl ak yon Nouvo Latè, paske premye a..."

28 Panse! Bondye te fè sis mil ane nan bati monn sa a, mete l ansanm, fòme li. Ki jan li te fè li? Bib la te di: "Li fè l ak bagay ki pa vizib"; sa vle di, Li te kreye tè a. Koulye a, remake; sa bèl. Kreyatè a menm ki te kreye tè a pou yon objektif (Satan te souye l), Li te desann pou rachte sa ki te rete isit la. Epi li te ale yon lòt kote epi Li nan biznis Li ankò ap kreye.

29 Bon, Li te pran sis mil ane pou l fè tè a—a, e Li pral pran de jou pou l kreye Vil ki pral sou tè a. Li se..."Nan Abitasyon Papa m, gen anpil kay: si se pa t konsa, Mwen t ap di nou. Mwen pral prepare yon plas pou nou (bati yon Vil ak lò transparan, lari yo ak lò). Ala yon bèl kote.

Ki kote Li ta jwenn li? Èske gen lòt materyèl sou lòt tè yo, oswa lalin yo, ak zetwal yo, ak lòt bagay? Li pa oblije genyen li, Li se yon Kreyatè. Li te ale bati Vil la. Amèn! Se bon ase pou mwen, pa vre? Se bon. Paske, si Li te bati sa a, epi mwen rejwi ak sa a, kisa sa pral ye lè Li bati nouvo sa a? O la la, ala yon bèl bagay. Kifè, mwen byen kontan ke nou prale nan Vil sa a. Trè byen.

326. Frè Branham, mwen renmen Seyè a, men pou ane ki sot pase a mwen te—mwen te fè fas ak yon pwoblèm. Sanble pafwa mwen te prèske pèdi tèt mwen. Kisa li ye? Tanpri priye pou mwen ak mari m.

30 Ebyen, si pa genyen... Si moun sa a te nan entèvyou prive, tankou nou menm moun ki te la maten an, sa t ap devwale, sa l ye a, kèlkeswa sa li ye a. Ou wè? Seyè a t ap revele sa li ye a. Men kounye a, sa mwen pa konnen ki moun ou ye, epi ou pa chita isit la; sa jis di: "Yon sè nan Kris."

31 Bon, kounye a, si se...si gen yon bagay ou te fè ki mal, sa deranje w, alò tcheke l ak Bib la epi wè sa ou dwe fè. Men si ou pa fè anyen epi ou pa kondane nan anyen, se petèt nè ou yo. Ou wè? Li ta ka anpil bagay ki te rive: petèt kèk pwoblèm nan lavi pase w. Petèt li se yon—yon fanm isit la ki ta ka nan tan menopoz la. Se lè sa a tout bagay mal avè l, e pa gen anyen mal avè l, poutan tout bagay mal avè l. Epi li pa jis ap fè sanblan, li reyèlman santi sa; li jis osi reyèl. Nenpòt moun ki nève se konsa li ye. Epi pa janm pa dakò.

32 Epi nou menm mari ak madanm nou yo, lè yo nan epòk sa a nan lavi a, si nou janm...si li te janm ti cheri nou, se kounye a menm pou l konsa, paske li bezwen w, li reyèlman bezwen èd ou; li bezwen yon moun pou ede l, epi konprann li. Pale ak li, pran l nan bra w tankou— tankou—tankou lè li te ti cheri ou, e se sa li ta dwe ye. Epi—epi konprann li, paske l ap travèse yon moman kote tout èt li ap chanje, epi ou dwe bon avè l nan moman sa a.

33 Mwen panse se poutèt sa Mesye Rockefeller te fè yon erè fatal. Nasyon an te renmen l, li te ka vin pwobableman pwochen prezidan nou an. Men lè madanm li te fè menopoz, li te antre nan menopoz, epi li te kite l epi li te marye ak sekretè li a, ou wè sa ki te pase? Sa montre gen kèk Ameriken ki vrèman ap panse byen ankò.

Bon, mwen renmen Mesye Goldwater, mwen panse, oswa—oswa Mesye Rockefeller, li se yon...Mwen renmen Mesye Goldwater tou; Mwen renmen tout moun. Men, mwen—mwen pa t vle...Kèk nan nou—kèk nan frè Repibliken m yo ki chita la k ap tandè m di sa, mwen...

34 Remake, men mwen pa yon politisyen, mwen—mwen vle yon kretyen. Ou wè? Epi sa a se pa yon plas pou politik. Ou wè? Tout bagay la fini de tout fason, chimen sa a, men sa a ke n ap pale a li Etènèl. Demokrat oswa Repibliken... Oh, se tankou yon dezòd; li pa janm ka rachte. Li fini, donk pa diskite sou sa. Bagay pou w fè se viv pou Wayòm sa a. "Paske isit la nou pa gen okenn vil k ap kontinye, men n ap chèche Youn ki gen pou vini." Amèn! Se vre. Wi mesye!

35 Donk, politik se yon bò nan kloti a, e mwen sou lòt bò a. Mwen te di, "Mwen—mwen te vote yon fwa; se te pou Kris; Mwen sèten ke m ap gaye." Se vre. Ou wè? Ou gen yon vòt kap vini. Ou wè? Bondye te vote pou ou, e dyab la te vote kont ou. Kounye a, fason w vote va detèmine lafen w.

36 Donk, kounye a, mwen kwè moun sa a jis... Mwen pral panse ke li jis nève. Si pa gen anyen ki kondane ou, kontinye wout ou epi jis di: "Wete kò ou sou mwen, Satan!" Jis kontinye wout ou. Pran inisyativ la epi viv pou Bondye.

327. Kounye a. **Èske gen yon sityasyon ki pèmèt remaryaj apre divòs, dapre** (Kounye a, mwen pral wè si sa a se yon ... Mwen panse ke gen de oswa twa kesyon sou sa a.) — **dapre Lèzekriti? Si mwen pa—si mwen pa rete marye nan epòk anvan yo, li...èske gen**

rezon pou yon divòs ki pèmèt ou remarye? Mwen pral—mwen pral (a-c-h...) la...achte bann lan (Wi!) Pou resevwa repons sa a. Mèsi anpil. Map tann li dimanch.

37 Ebyen kounye a, mwen di sa, ou wè. Pa—pa...mwen—mwen...Kite m jis kite sa trankil (ou wè?) jiskaske nou rive yon kote kounye a...kote nou pral...sa a pral regle. Epi kounyeya, jis sonje, sa se si Seyè a vle, osito ke mwen tounen ankò. Pwochenn fwa m vini, si Seyè a vle, m ap preche sou sijè sa a. Ou wè? Epi kounyeya...Epi lè sa a, nou va anrejistre l kanmenm. E si—si sa fè mal, li fè mal; si sa pote limyè, li pote limyè. Men se pou nou jis pran kouraj. Ou wè?

328. Chè Frè Branham, èske li posib pou yon moun gen batèm Sentespri a epi pou l pa gen siy ki swiv yo, omwen—omwen pa jiskaske... kèk tan ak kondisyon Lespri a te fikse alavni?

38 Kounye a, sa ka sanble tankou yon kesyon melanje, men sa se yon bon kesyon, yon trè bon kesyon. Ou wè? Kounye a, men yon ti okazyon pou mwen, ke mwen jwenn, pou montre sa k ap pase avèk fanmi mwen—mwen isit la kounye a (ou wè?), Mwen vle di nou menm, fanmi mwen, ak fanmi deyò a nan mond lan kote nou... kote bann nou yo prale a.

39 Bon, yon gwo pati nan kongregasyon mwen an fòme ak moun Pannkòtis, e paske Pannkòt se dènye mesaj nou genyen nan ran denominasyonèl yo. E pou mwen, mwen sètènman dakò ak yo plis pase nenpòt lòt legliz denominasyonèl. Mwen panche nan direksyon Pannkotis la, paske li se yon ... mesaj ki pi nèf. E tout konvèti mwen yo ke mwen pote bay Kris la, mwen eseye dirije yo nan kèk legliz pannkotis. Men mwen kondane yo nan tout fason ke mwen te konnen ki jan, ke yo te gen tò nan Lekriti poutèt yo se yon denominasyon epi yo pa vle mache nan Limyè a alòske Limyè a prezante devan yo. Men poutan, si mwen te oblije fè chwa mwen jodi a pou m pran yon legliz nan mond lan, mwen t ap pran Pannkòt nan sa ki konsène denominasyon. Men lè sa konsène endividi, kòm gason ak fanm, gen Kretyen otantik nan tout denominasyon yo: Metodis, Batis, Presbiteryen, Literyen, e Iatriye. Men m ap pale de sistèm ke moun sa yo ye ladann lan, se pa janm moun yo, men sistèm lan kote moun sa yo pyeje nan denominasyon pa yo. Yo konprann sa byen klè kounye a (ou wè?), ke mwen—mwen

panse moun yo...Si yo se Katolik Women, Temwen Jewova, Jwif Otodòks, kèlkeswa sa yo ye a, sa pa enpòtan pou mwen; men yo se moun pou ki Kris te mouri pou sove.

40 E kounyeya, mwen...E kanta pou m ta dakò ak sistèm kote yo ye a...mwen kwè gen otan de kretyen laba kay Batis la, menm jan genyen nan Metodis yo, oswa Presbiteryen an, oswa nenpòt lòt bagay ankò. Yo se Kretyen, vrè kwayan. Epi drèt menm nan legliz Katolik Women an gen moun otantik la ki se gason ak fanm reyèl ki renmen Seyè a. E yo pa fè yo manm nan legliz sa a pou yo vin movè, yo rantre nan sa a pou yo vin bon. Men se yon sistèm nan sa k ap dirije panse yo nan move direksyon. Epi si m rive nan yon pwen kote m ta fè yon denominasyon, mwen twonpe nou epi mwen mennen nou nan yon sistèm; se pou yon panse konsa ale byen lwen mwen. Epi se pou Bondye kenbe panse m kòrèk pou m dirije nou bay Jezikri, Pawòl la. Rete avèk Sa. Ou wè?

41 Men kounye a, moun sa a ap poze kesyon sou posiblite pou gen batèm Sentespri a san siy ki suiv yo. Kounye a, li ta...Si w ne de nouvo, ou se...Si w fèt an premye kòm yon èt imen epi yon èt imen nòmal...Koulye a, m ap reponn sa nan yon—nan yon—yon vrè fason jivenil pou m fè sa. Men si ou fèt tankou yon èt imen nòmal, ou pral aktyèlman fè bagay ke yon èt imen nòmal ta fè. Eske se vre?

42 Lè w fèt antanke yon imen, karakteristik natirèl yon èt imen ap suiv ou. Ou p ap viv sou yon pye bwa, epi eseye vole ak zèl ou tankou yon zwazo, oswa—oswa—oswa yon bagay konsa. Sa se pa—sa pa ta yon èt imen nòmal, aksyon nòmal yon èt imen. Aksyon nòmal yon èt imen ta dwe travay, gen... marye, gen fanmi, epi fè bagay sa yo. Sa se èt imen natirèl, nòmal, paske ou fèt konsa. Alò lè w fèt antanke yon Kretyen, fèt nan Lespri Bondye a, ou natirèlman pran atribi Kris la. Ou wè?

43 Kounye a, si nou te pran isit la maten an nan kongregasyon sa a kote nou chita isit la epi koute ansèyman an jou apre jou ak lòt bagay, n ap dekouvri ke nou t ap diferan youn ak lòt, paske nou—nou diferan. Fason nou—fason nou fèt diferan; apeti nou—nou yo diferan; nou—nou manje diferan; men nou tout manje nouriti. Men kounye a, jis soti nan...Ak yon endividi ki menm jan ak lòt la, ou diferan youn ak lòt. Kretyen yo fè menm bagay la. Ou pa ka di: “Kounye a tout...” Èske tout moun pale an lang, èske tout moun pwofetize, èske tout...? Ou wè?

44 Nou dwe veve bagay sa yo, paske yon Kreyen pran abidid yon Kreyen; epi yo viv tankou yon Kreyen. Jezi te di: "Siy sa yo va suiv moun ki kwè yo." Remake: "Nan Non Mwen, yo va chase move lespri yo; yo va sezi sèpan oswa...bwè bagay ki ka touye moun; epi yo va pale an lang." E—e bagay sa yo jis aktyèlman swiv Kreyen yo.

45 Bon, moun lan gen yon trè bon pwen isi a: "...oswa èske nou dwe tann on sèten tan oswa kondisyon Sentespri a fikse yo?" Mwen renmen sa. Ou wè? Koulye a, ou sezi lide a? Lè Sentespri a fikse li! Se Bondye ki fikse bagay yo.

E la, mwen panse si moun Pannkotis yo te eseye (sa yo k ap koute bann sa), nou t ap konprann mwen si nou te rive sezi isi a poukisa mwen diferan ak nou poutèt n ap mete aksan sou lide ke yo tout dwe pale an lang. Mwen—mwen pa ka wè sa byen, paske se ta... mwen renmen tat oseriz, men pa gen okenn itilite, e mwen se yon èt imen, men pa gen okenn itilite pou m ap eseye di w: "Si w pa manje tat oseriz, ou pa yon èt imen." Ou wè? Men, manje tat oseriz se jis youn nan abidid yon èt imen. Ou wè? Ou ka pa dakò avè m sou sa, men—men se—se vre. Bon, youn ap manje sa, epi lòt la pral fè yon lòt bagay.

46 Bon, se Sentespri a ki bay ofis sa yo, men lè w eseye fòse w antre ladan l... Si m te di ou te oblije manje tat oseriz, e si tat oseriz te fè w vomi? E poutan, ou ta vomi epi eseye manje tat oseriz epi vomi, epi...?...Ou wè? W ap—w ap—w ap fè tèt ou mal, e se konsa w ap eseye fè lè w ap eseye fòse tèt ou pou w fè yon bagay ki kontrè ak Lespri a. Li gen lavi w rezève pou yon sèten bagay. Ou konprann sa? Ou wè?

47 Epi ou menm, lè w ranpli ak Lespri a, men youn nan pi bon siy mwen konnen: ou sitèlman renmen Kris la e ou kwè tout Pawòl Li di se Laverite. Ou wè? Sa a se prèv la ke ou gen Sentespri a. Epi lavi ou plen ak lajwa, e—e o la la, tout bagay diferan (ou wè?) pase sa li te konn abitye ye. Se sa Sentespri a.

48 Bon, don sa yo se nan Sentespri a yo ye. Kounye a, si kongregasyon sa a maten an, sa a... jis yon bèl legliz byen ranpli ak ... (Chanm ki gen an plis yo, natirèlman, yo plen tou.) Men, nan ... Jis yon ... (San nou pa anonse nou pral reponn kesyon sa yo, men moun sa yo jis vini.) Remake, si chak moun isit la te ann amoni pafètman ak Sentespri a, chak nan nou te ranpli

ak Sentespri a epi ann amoni ak Sentespri a, siy sa yo t ap jis miltipliye nan mitan nou tout tan an (ou wè?); sa t ap jis toujou ap manifeste. Men kote ki gen konfizyon, se kote ki gen diferans, ak kote nou mete estrkti, Sentespri a pa ka bouje. Ou wè? Li pa ka opere atravè moun yo. Ou wè?

49 Epi la, si m te di: "Kounye a, nou chak, èske nou te pale an lang?"

"Wi."

"Oke, ou te resevwa Li." "Ou te pale an lang?"

"Non."

50 "Ou pa resevwa Li." Kounye a, m ap fè tèt mwen yon jij. Bondye se Jij bagay sa yo.

51 Men veye, Jezi di: "Siy sa yo pral swiv yo." Ou wè? Gwoup yo ki kwè, tout nati Sentespri a ap koule nan yo, epi yo tout plen ak lanmou, ak lajwa, e—e yo se jis yon gwo pakèt nan—nan—nan vrè moun ki ranpli avèk Bondye. Ou wè, se sa Sentespri a. E alò se la, yo pale an lang si okazyon an prezante (poukisa), oswa si se nesesè pou sa, yo pale an lang. Men, si gen yon pwofesi, li pale. E, o, li jis egzakteman pafè, chak fwa.

52 Mande kenz oswa ven moun sa yo ki te antre la nan entèvyou maten an si te gen yon sèl pawòl ki, yon fason, te manke egzak, yon fason, e moun sa yo se etranje yo ye pou mwen. Kisa... Sentespri a fouye desann la a, li devwale bagay sa yo, li mennen yo deyò, epi li di yo. Ou wè, ou wè? Pa gen okenn erè ladan l. Li di yo egzakteman kisa sa a ye, e kisa sa a te ye, epi kisa sa a ye, e sa a ki dwe fèt pou sesí, ak bagay konsa, ak sa yo te fè, ak sa yo dwe fè. Ou wè? Sa a se jis... Li mete tout sa nan lòd. Kounye a, yo dwe aji sou sa.

53 Lòt jou swa a, mwen t ap pale ak yon koup, e mwen te nan yon—yon kay kote nou t ap fè yon reyinyon, oswa jis—te jis chita bò kote yon tab ap pale. Epi toudenkou, Sentespri a desann nan mitan nou, epi mwen di yon moun ki te la: "Mwen wè yon *nonm*, epi yo... li te konfi nan lespri li sou yon bagay," epi mwen te di: "tankou nan konfizyon konsènan disènan an—an—an." Mwen te di, "Kounye a, li isit la kounye a." Mwen te di: "Mwen konnen sa w ap panse." Epi mwen te tounen imedyatman epi m te pran yon chemen detounen epi m te reponn tout

kesyon ke nonm sa te gen nan tèt li ba li, ke li ... Pèsonn pa t konnen menm de kisa m t ap pale, ke limenm. Ou wè? Men li te sezi li. Li te konnen kisa sa te ye. Ou wè? E sa te fè kisa pou li? Sa te montre l, konfime l ke Sentespri a te revele m sa ki te nan tèt li. Ou wè? E mwen pat oblije di rès lòt yo. Mesye a ap koute m kounye a. Bon, se vre. Kounye a, nou wè ki jan sa pase? Sa se yon konfimasyon.

54 Kounyeya, si tout legliz la t ap travay an amoni konsa, alò nan mitan nou nou t ap chase demon, pran sèpan, bwè bagay ki ka touye moun, tout kalite bagay t ap pase. Men lè w ap eseye enpoze sa sou moun yo, alò, ou jwenn tèt ou ... Sa a se Pannkòt ankò. Alò ou jwenn Babilòn, konfizyon. Ou pa ka jije sa. Ou wè? Kè nou plen ak lajwa ak kontantman, e o la la, zwazo yo ap chante, la...Tout bagay bèl, o, nou jis ranpli ak Lespri Bondye a, e nou tèlman renmen Jezi, nou vle priye tout nwit lan.

55 Kounye a, mwen pa ta vle jennen oditwa sa, ni mwen menm devan nou. Men m ap mande m, si m ta mande maten an kiyès nan oditwa sa a ki gen Sentespri a, t ap gen pwobableman katrevenkenz pousan nan mitan nou ki t ap leve men nou ke nou gen Sentespri a. Alò si m ta vire tounen epi ba nou yon prèv nan Bib la, jis youn, yon prèv nan Bib la; e mwen doute si ta gen youn oubyen de men ki t ap leve. Ou wè, ou wè? M jis ta ka...m jis ta ka mare nou, men lè w fè sa (ou wè?), w ap tou fè kongregasyon w lan mal tou. Men ou dwe fè yo soti nan konpòtman ti bebe sa a epi fè yo vin granmoun. Ou wè?

56 Tankou yon moun te ekri kesyon an lòt jou a, li te la a, li te di apwopo...te di yon bagay sou Frè Junior Jackson. Yon moun te desann laba, epi yo te di: "Ou pral desann kay 'pwa mouri yo," oswa yon bagay oswa yon lòt konsa. Frè Jackson... Paske kongregasyon Frè Jackson lan, yo kite yo pale an lang nan legliz la menm. Kèlkeswa kote yo santi Lespri a epi yo vle pale an lang, y ale pi devan epi yo fè l. Ebyen se legliz Frè Jackson lan. Sa pafètman kòrèk. Mwen pa gen anyen kont sa, pa yon sèl bagay. Junior Jackson se youn nan pi bon zanmi m yo, epi se yon vrè nonm ki gen Bondye, ki ranpli ak Lespri Bondye a, e nou se frè. Bon, li pa oblije manje tat oseriz mwen an, mwen kapab... Oswa mwen pa oblije manje tat opòm li a (ou wè?), men nou tou de ap manje tat. Nou tou de kwè Mesaj sa a egzakteman. Se lòd legliz la. Mwen te di: "Mwen vle legliz mwen an eseye reyini ansanm." Mwen te di...Lè nou kòmanse manifeste

isit la, Sentespri a ap pale an lang ak lòt bagay, mwen te di...Yon moun te mande m, e li te di: "Bon, Frè Branham, èske tout bagay sa yo otantik?"

57 Mwen di: Mwen pa yon jij. Mwen te di: "M pral di w sa n pral fè, ann fè l sibi yon tès. Ann kite l ale yon ti tan epi ann fè l sibi yon tès jiskaske Pawòl la prezante sou li. Alò gade byen. Si se Sentespri a, li va aliye touswit ak Pawòl la; si se pa sa, li p ap fè l. Ou wè? Se sèl fason pou w konnen; Lè sa a li—li jije tèt li. Ou wè? Ebyen, li—li pral move si se pa Sentespri a, li pral ankolè. Ou wè? Men, si Se Sentespri a, Li pral jis konfòme li dousman, paske se sa Li ye; Se Sentespri a k ap obeyi pwòp lòd Li a.

58 Bon, konsènan pale an lang ak lòt bagay, mwen ta swete nou chak pale an lang. Mwen sèten. E anpil fwa, bon Kretyen...

59 Ou wè, si m di w sa te nan pwogram lan...Mwen te jwenn yon moun...Pa pwogram, eskize m, nan entèvyou maten an. Yon moun (mwen devine yo toujou isit la nan bilding nan) ke yo... Konsènan pale an lang... Moun nan se yon moun otantik, yon moun reyèl, epi yo te viv byen. Epi yo te tandè m di prèv Sentespri a se pa t pale an lang, e se pa sa, men mwen te konseye moun sa a pou l mande Bondye pou l kite yo swa pale an lang oswa pwofetize, paske se nati a.

60 Premye bagay, mwen te ale kote moun sa a epi mwen te jwenn kote yo te fèt la, epi sou ki siy yo te fèt, epi mwen te kapab di kisa nesans yo te ye. Tandans ki nan nati moun yo, sou plan natirèl, fikse yo nan yon sèten direksyon. Alò lè yo ne de nouvo, yo sou bò kote sila, ak yon lòt nati. E alò, lè ou antre nan nati sa a, sa a, se anndan an, enkonsyan an, konsyans ki anndan an... Konsyans deyò a pouse w nan yon sèten direksyon; sa se nesans natirèl ou. Answit yo pral fabrike yon bagay epi li mete yo nan ki eta? Sa mete yo an kat, epi sa mete yo nan yon sitiyasyon kote yo pataje. Yo pa konn sa pou yo fè. Y a di: "Seyè a vle m fè sa ."

61 Anndan an, "O, mwen—mwen jis konnen se—se—li—li an liy ak Lekriti. E yo pral kòmanse fè sa, e premye bagay ou konnen, Satan sou deyò sa a pral montre yo tout kalite defo nan li. Apre sa, yo di: "Ebyen, mwen devine mwen..." Ou wè, ou wè? Yo koute Satan. Ou wè? Ou

dwe pran bagay anndan sa, sa ki anndan w la ki selon Bib la. Epi pa kite okenn plas bay Satan. Se...Se devwa l pou l kanpe la epi tape sou ou konsa. Men, pa koute l.

62 Men, moun sa a, mwen te di yo. Yo te di: "Ebyen bon, si m te jis sèten ke m gen Sentespri a." Ou wè? Yon moun senpatik, yon moun ki vrèman fidèl ak Sentespri a, men li ta bon pou li di: "Papa, jis ban m sa a pou m gen yon bagay pou m kanpe sou li."

63 Bon, si m te anseye l konsa, moun yo t ap chache pran sa san yo pa konnen kisa moun sa a genyen. Ou wè? Sentespri a pale an lang, men ou dwe gen Sentespri a anvan Li ka pale an lang. Kounye a, nou sezi li? Kidonk, si w ap chache yon don pale an lang epi ou jwenn li san...

64 Kounye a sonje, sa kapab yon don otantik; sa ta ka Sentespri a k ap pale nan ou ak lang enkonni, epi w pèdi epi w ale nan lanfè. Bib la te di sa. Ou kwè sa? Èske w ta renmen gen ekriti sou li? Ou vle Lekriti, leve men ou. "Menmsi mwen ta pale lang lèzòm ak Zanj yo..." Èske se vre? Tou de, youn ka entèprete epi sa pa ka entèprete, otantik lang Sentespri a. "Mwen pa anyen," ou wè, sof si lòt sa akonpaye li. Ou dwe gen sa a (ou wè?), kifè, pa chache sa san w pa gen sa a. Resevwa sa a an premye, e alò, sa *pral* swiv li otomatikman.

65 Kounye a, lapli tonbe sou moun ki jis ak moun ki enjis yo. Solèy la klere sou mechan yo ak bon yo. Lapli tonbe pou fè rekòt la vin mi; li fè raje a vin mi tou, menm lapli a. Sentespri a ka tonbe nan mitan yon gwoup moun, epi pale an lang, epi fè li egzakteman vre, gaye nan mitan moun yo, epi fè li pwofetize, epi li dwe egzakteman vre. Se egzakteman sa!

66 Pafwa ou ka al konsilte yon—yon sòsyè oswa yon medyòm, epi yo ka di yon bagay ki kòrèk. Gade sòsyè Endor pou Sayil. Li ta ka egzakteman vre; la ankò se pa sa. Yo se sòsyè. Pale an lang, mwen wè demon yo pale an lang, epi ekri nan lang enkonni. Sa pa vle di anyen. Men bagay reyèl la se Pawòl sa a ankò. Retounen nan Pawòl sa a!

67 Donk, ou ka fè bagay sa yo san w pa gen Pawòl la. Men, lè ou gen Pawòl la, epi Li fè li, alò, gade li ki jis egzakteman rive, egzakteman sa ki jis la. Ou wè? Alò ou egzakteman an liy.

68 Wi, Sentespri a sèvi ak moun sa yo jan Li te deziyen pa Pwòp Sajès Divin Li. Men premye bagay...

69 Kounye a kisa? Kite m jis kole w on ti kras isit la jis yon minit. Si mwen ta di: "Konbyen ki gen Sentespri a?" Nou tout t ap leve men nou. Mwen ta di: "Dakò, mwen pral wè si nou genyen L." Bib la te di ke moun ki te gen Sentespri a t ap soupire epi kriye lajounen kou lannwit pou abominasyon yo ki fèt nan vil la. Kounye a, konbyen men ki t ap leve? Konbyen nan nou ki pa ka repoze nan mitan lannwit, tèlman plen ak lajwa, pwisans Bondye, e sitèlman tris pou moun ki pèdi yo, ke lajounen kou lannwit ou kriye epi jemi pou abominasyon yo? Ou p ap...Ou wè? Ki moun ki ta konsa nan vil la? Konbyen ki konsa, nan legliz la? Se sa Bib la te di ke prèv Sentespri a te ye.

70 Li te di zanj k ap sele a (Ezekiel 9, se vre), Li te di:

"Pran...Ale nan vil la epi mete yon mak sou moun ki soupire epi kriye pou abominasyon ki te fèt nan vil la. Rès yo, se pou zanj destriksyon an detwi yo." Se pa enpòtan ki bon manb yo te ye ni konbyen nan bagay sa yo te fè, te di, "Mete yon..." Epi yon nonm ak yon ekritwa ki ranpli ank, abiye an blan (ki te reprezante Sentespri a) te soti epi li te mete yon mak sou tout moun ki t ap soupire, ki t ap kriye pou abominasyon ki te fèt nan vil la. Kounye a, ou di...Epi gade sa Li te di la tou.

"Touye tout nèt, timoun piti, granmoun fanm, ti bebe, touye yo tout!" Timoun piti? Wi!

71 Lè Jozye antre nan peyi Kanaran, li di: "Pa kite youn nan yo viv. Si se yon bèl ti bebe, yon ti Amalekit, oswa yon Amorit, touye li! Sonje, li pral vin yon Amalekit; I ap souye kan an." E lè ti bagay sa yo retounen an kontradiksyon ak Pawòl Bondye a, debarase w de bagay sa a. Se pa enpòtan de ki denominasyon li fè pati.

72 Ou di, "Oke, yo se bon..." Se pa enpòtan kijan yo se bon moun! Si yo an kontradiksyon ak Pawòl sa a, retire bagay sa de ou. Li se yon ti Amalekit k ap grandi. Li sanble bèl, li sanble inosan; li sanble ke li kòrèk, men ou pa gen relasyon avè l. Ou rete lwen li.

73 "Oke, Frè Branham, mwen—mwen ale isit la, paske... Ebyen, Mwen pa..." Jis sonje, nenpòt Amalèkit, nenpòt bagay ki nye Pawòl la, rete lwen li; pa gen okenn relasyon avèk li ditou! Konbyen moun ki kwè se Laverite? Sètènman. Ou wè? Rete lwen li!

74 Moun k ap soupire epi k ap kriye pou abominasyon ki fèt nan vil la...Ki kote ou wè sa? Mwen ka montre w dis mil pale an lang a yon moun ki vrèman akable pou peche...ki pa menm ka priye inèdetan. Men, èske w te konnen Bib la te di sa... make sèlman moun ki soupire epi kriye pou abominasyon yo nan vil la? Konbyen ki deja li sa? Sètènman! Se te Sentespri a ki soti pou make pèp la, epi Li di zanj destriksyon a: "Ale epi detwi tout sa ki pa gen mak sa a sou yo." Epi mak Bondye a se Sentespri a, se So Bondye a.

75 Kounye a, kote moun ke sa enterese yo? Mwen ka tandè nou menm moun k ap vole desann epi kriye nan legliz la; mwen kapab montre w moun k ap rele epi kouri nan tout bilding nan; mwen kapab montre nou moun ki pwofetize, epi sa rive; Mwen ka montre sa yo ki pale an lang, epi— kouri monte desann nan bilding, epi di bagay ki aktyèlman entèprete, ki rive; men

kote moun sa a ki soupire epi kriye pou abominasyon yo ki te fèt nan vil la? Kote nanm akable sa? Ou ta ka pouse kèk nouvo fèy sou sa. Ou wè sa mwen vle di a?

76 Kounye a, mwen fè tout sa m kapab pou—pou—di nou epi dirije nou tankou yon papa ta mennen pitit li yo. Nou se pitit mwen; Mwen anjandre nou pou Kris la grasa Levanjil sa a m ap preche a. Ou wè? E mwen—mwen—mwen vle nou grandi an zanfan plen matirite, oswa—oswa timoun. Epi mwen vle prezante w bay Kris jou sa a, tankou Pòl te di: "Yon vyèj chast." Pa gen okenn bagay nan Pawòl sa a ke w pa di "amèn" a li.

77 Peche pa genyen... Natirèlman ou pral fè bagay ki mal, men lè a lòt, premye bagay la kondane ou, "Papa, padonnen m."

78 Mwen pral di sa. M jis gade yon moun kèk minit de sa. Yon bon ti gason te mande m lòt jou a. Nou t ap chase ekirèy. Maten sa a mwen te atrap senk; Mwen kite youn nan yo pou apremidi a. Ou gen dwa sèlman a sis nan eta Kentucky; sa a se limit la. Alò moun sa a te di, "Mwen atrap nèf." Yon ti gason kretyen, bon timoun.

Mwen te di, "Ou te mal aji. Ou te mal aji!"

Li te di, "Oke..."

79 Mwen te di: "Mwen te atrap senk maten sa a, mwen te konsève youn pou apremidi a. Aprè sa, lè mwente jwenn grenn ekirèy sa, mwen gade nan pye bwa a, epi konte senk oswa sis ki chita dirèk la kote mwen te kapab gade yo, mwen te deplase epi kite yo." Mwen te di, "Mwen te monte nan yon pye bwa isit la pa lontan

de sa, e te gen anviwon kenz oswa ven ki te chita la. Mwen jis pran limit la, epi deplase, kite rès yo la." Mwen te di: "Si m vin nan peyi sa a, m ap preche nou, jèn gason, ak nou menm moun isit la, bagay ki dwat, mwen dwe viv egzanp sa a." Krisyanis se pa sa w di, se sa w ap viv, se sa w ap fè; se yon egzanp. Ou se sèl tè a. Mwen te di, "Alò, lalwa di...Jezi di, 'Ou ba Seza bagay ki pou Seza yo.' Ou dezobeyi lwa vitès laba a, ki sa w ap fè? Ou mal aji; ou peche. Bay Seza sa ki pou Seza, epi Bondye sa ki pou Bondye."

80 Di, "Oke, lalwa a pa bon." Mwen pa ka fè anyen kont sa; li pa bon pou dezobeyi kòmandman Jezi a. Men, si ou pa bay Seza bagay sa yo ki pou Seza, alò, ou te fè sa Jezi te di ou pa fè, epi transgresyon lalwa a se peche. Pa vre?

81 Nou tout koupab; nou fè li. Men, lè ou wè tèt ou mal aji, sispann! Moun ap gade w; moun p ap ale legliz, men yo pral etidye ou, wè sa ou fè.

82 Kidonk, mete Kris nan kè nou; sa se yon reyèl...Kris ak Sentespri a se menm bagay la. Sentespri, Kris vle di "Wen an." Epi Sentespri a se wen sa a, epi ou menm se moun ki wen an. Ou wè? Epi se Kris nan ou Ki ap wenn ou. Ou wè sa mwen vle di a?

83 Alò, ou gen bagay korèk la. Alò, li ka itilize ou nan nenpòt bagay li vle itilize w, paske ou nan kò a epi sijè a nenpòt nan kado sa yo. Men, wè, pou gen youn nan kado yo andeyò kò a, li pa ta itil ou anyen. "Menmsi mwen pale lang

lèzòm ak zanj, san charite, sa pa sèvi m anyen. Menmsi mwen gen lafwa e mwen ka konprann tout mistè Bondye yo, pa itil mwen anyen. Menmsi mwen bay kò mwen pou boule tankou yon sakrifis, bay pòv tout byen mwen yo, menmsi mwen gen lafwa pou deplase yon montay, mwen pa anyen." Ou wè? Pa depann de bagay sa yo. Sentespri a se yon moun; Se Bondye, Bondye nan ou, La Pèsòn, Bondye, li anflame w tout antye. Ou chanje; ou se yon nouvo kreyati. Nenpòt ti bagay ki mal, Li pral di ou ke se mal, alò, sispann; pa fè li. "Papa, mwen pa t vle fè sa, padonnen mwen." Ou wè? Epi sa a—se Sentespri a.

84 Li pa enpòtan konbyen ou pale an lang, konbyen ou kouri, konbyen ou sote, konbyen ou te fè *sesi, sela*, oswa *se lòt bò*. Ou wè? Kèlkeswa sa ou fè, li pa ta vle di anyen si Sentespri a pa t la pou kondane ou sou bagay sa yo ki byen epi ki mal.

85 Kounye a, se rezon ki fè moun sa a isit la gen rezon. Kite a Sentespri fè li. Men, kounye a (ou wè?), kounye a, kisa ki lakòz sa a ... Kite m di li ak lanmou, wouze ak lanmou epi—epi wenn ak Pawòl la. Ou wè? Si vrè Sentespri a te nan ou, ou pa ta p kesyone sa. Ou konnen sa ou menm, li se yon bagay endividyèl ant ou menm epi Bondye. Ou wè? Ou konnen ke yon bagay te rive. Ou konnen ke gen yon chanjman, menm si gen nenpòt-nenpòt lòt bagay, ou menm, ou se chanjman an. Ou wè? Ou moun ki fè chanjman an, andedan ou, epi ou konnen ou genyen li. Kit ou pale an lang, kit ou sote, rele byen fò, oswa nenpòt lòt bagay, ou konnen ke Bondye ap viv nan ou, ou pa mache selon pwòp tèt ou, se panse Kris la ki mennen ou ak Pawòl sa a, jis egzakteman jan Li ale a.

86 Kounye a! Men, mwen ta... Si moun di, "Ebyen, Frè Branham, ou pa kwè nou ta dwe pale an lang?" Ou wè? alò, ou konprann egzakteman le kontrè de sa mwen fèk di a. Sètènman, mwen kwè ou ta dwe pale an lang. Epi kèk pami nou ... Ou wè? Men, ou jwenn sa yo, epi... mwen jwenn sa yo, tankou pou kenzan mil sa a (ou wè?), yo te isit la nan tabènak la. Jis, si ou pa konprann li, alò, mande m. Ou wè? Ekri retounen ban mwen si ou pa konprann. Jis di sa mwen di isit la. Ou wè? E mwen...Epi ou menm...Kòm Pòl te di: "Swiv mwen menm jan Mwen suiv Kris la." Ou wè? Men, si ou wè mwen antò, alò, elwanye ou de mwen, wè, se tout, paske mwen ta—mwen pa t ap bon moun nan. Ou wè?

329. Tanpri eksplike. Moun yo di Frè Branham se plis pase yon nonm, li ka kreye, epi Jezi ka sanble tankou Frè Branham.

87 Kounye a, kite m... Moun nan di sa. Kèlkeswa moun li ta ye, mwen pa konnen. Men, mwen se frè ou. Ou wè? Jezi se Sovè w. Mwen pa kapab Sovè w, paske Li deja sove w. Kounye a, ou si tèlman pre de Laverite a, e poutan byen lwen Laverite a, moun ki te di moun nan sa a. Kounye a, li jis yon... Sanble pou mwen se ekriti yon fi, yon bèl anpil ekriti alamen. Donk, mwen ta di ke se te ekriti yon fi nèspe? Frè Capps, èske w pa ta panse ke se yon ekriti alamen yon fi? Yon bèl ekriti alamen. E mwen pa konnen kiyès li ye. Ou wè?

88 Kounye a, "Frè Branham, èske Jezi ka sanble ak ou, oswa ou menm se Jezi, oswa yon bagay konsa?" Yon sans mo a, se egzakteman Laverite; yon lòt sans mo a se yon antikris. Sa a se diferans ki genyen ant byen ak sa ki mal. Pou fè de mwen Pèsòn Seyè Jezi Kris la, t ap yon antikris(wè?), paske Pèsòn Seyè Jezi sa chita sou bò dwat Majeste a anlè, e l ap vini

ankò ak anpil glwa epi pouvwa . Men, pou lavi L ki te nan Li a sou mwen, epi sou ou menm ki genyen Li, se egzakteman Laverite; epi ou vin Kris.

89 Èske w sonje mesaj mwen an sou Mesi yo? Ou wè? Ou se...Mo Mesi a vle di yon... “Wen an”. Kounye a, ou se, si ou gen Sentespri, ou vin wen an. Ou wè? Alò, gen tout kalite wen.

90 Kounye a, wè, si se yon wen Labib. Anpil nan yo wen... Ou wè? Tout bagay la se tankou yon gwo konglomerasyon de... tout sòt de melanj; ak—ak nan... Satan ak tout malis vini epi imite alalèt, prèske alalèt. Gen yon sèl fason ou kapab absoliman sèten; tcheke mo pa mo, mo pa mo! Sa se sèl fason ou kapab fè sa.

91 Men, pou mwen kòm yon—yon moun, William Branham, oswa—oswa nenpòt lòt gason oswa fi pou vin Senyè Jezikri, Sovè nou an, sa se yon erè. Men, pou yo wenn ak Lespri Li a, ki pote Pwòp Pèsòn Lavi Li a nan ou...

92 Li te tèlman byen reprezante nan Eli ak Elize, lè Eli te anleve, Eliz, ansyen pwofèt la, te ale lakay li. Kòm Li te fatige epi bouke; alò te gen yon cha degè akwache sou bò larivyè a, epi li... pou monte Lakay avè l sou chrvo dife yo. Epi èske w remake lè Eli ak Elize te travèse larivyè a? Lekòl pwofèt yo te laba ap gade yo. Epi Eli te pran manto li a epi li te frape rivyè a. Epi lè li te fè sa, li te divize, li te travèse. Epi li di jèn pwofèt la:
"Kisa—pou kisa w ap swiv mwen? Kisa—ki—kisa ou swete?"

93 Li te di: “Yon pòsyon doub de lespri w vin sou mwen.” Yon doub pòsyon nan pwofèt pwisan sa a vin sou mwen?

Li te di, “Ou te mande yon bagay difisil; men si ou wè m lè mwen ale, alò, li pral vin sou ou.” Kidonk, ou ka imajine kijan li te gade pwofèt la.

94 Kounye a, nan jou sa a, pwofèt sa a se te Pawòl la, paske li te manifestasyon Pawòl la nan mond lan. Ou wè? Epi li te konnen te dwe gen yon pi gwo ministè ki vini, paske li te mande yon pi gwo bagay. Epi lè Jezi te isit la sou tè a, li te Eli a. “Bagay sa yo Mwen fè a, nou va fè yo tou; pi gran pase bagay sa yo nou va fè, paske Mwen pral jwenn Papa m.” Kounye a, kijan ou pral fè li? Gade L! Kiyès Li ye? Pawòl la! Ou wè? Gade Li!

95 Kounye a, lè li rive nan kreyasyon bagay yo, se vre. Jezi pa t janm kreye anyen dirèkteman e te pote l a legzistans. Li te pran yon sibstans an premye. Li pran dlo, li fè diven. Li pran pen answit fè plis pen. Li pran pwason, li fè plis pwason. Men, li te pwomèt pi gwo bagay pase sa

a t ap fèt. Ou wè? Ou wè? Kounye a, poukisa? Se nan yon jou ki pi move pase epòk pa Li a. Ou wè? Se toujou Li, men L itilize tabènak ou a. Ou wè?

96 Epi moun sa a ki nan ou a, ki se nesans ou... Ou se Jan Doe; ou te fèt nan yon sèten mwa, epi ou te fèt anba yon sèten etwal; ou te fèt anba yon sèten bagay, epi sa gen yon lyen avè w. Sètènman!

97 Mwen konnen mwen te konn... Papa te konn di: "Mwen pa ka plante pòm detè yo nan moman sa a, paske lalin lan pa bon. Ou pa ka plante pòm detè yo, Billy."

98 Epi m te di: "Mwen pa plante yo nan lalin lan, m ap plante yo isit la nan tè a!" Li di, "Oke, ti malen, kontinye! Ou gen kèk boul sou tèt ou epi w ap aprann yon bagay." Mwen te fè l. Mwen te fè l.

99 M ap di nou sa: Pran yon planch epi depoze l sou zèb la lè lalin lan nwa epi gade sa k ap pase. Zèb sa pral mouri kounye a. Depoze l lè lalin nan klere; ou ka depozel pou yon semèn; li pa pral deranje l yon ti kal.

100 Gade lanmè sa a lè lalin sa a ap chanje. Lè mare a...Lè lalin nan soti, mare an swiv li, epi li a dè milyon de kilomèt de tè a. Se pa sa sèlman, desann isit la nan eta Kentucky epi koule yon baton desann nan tè a jouk ou antre nan dlo sale; epi gade tiyo sa, kijan li anfonse lè lalin nan ... lè mare a vini epi gade kijan li soti, travèse anplèn anba tè a. Sètènman!

101 Ou plante yon bagay ki gaye anlè tè a. Lè lalin nan fè nwa gade li desann dwat epi fè li tankou yon radi oswa yon navè. Ou plante li nan lòt sans la epi gade li gaye anlè tè a. Sètènman, li gen yon lyen.

102 Poukisa Arawon te gen sou plastwon li wòch nesans chak patriyach sa yo? Gade manman sa yo lè yo fè diskou a. Lè yo manman ak ebre fanm ebre sa yo an travay fè diskou pou timoun sa yo k ap fèt, li mete non yo; li te di nesans yo; li mete yo nan peyi a; li plase yo pou letènite.

103 Youn nan jou sa yo lè m antre epi m rete yon ti tan, mwen vle pran sijè sa a. Egzakteman! Alò, gade Jakòb, lè li t ap mouri a, lè li te mete men l sou patriyach yo epi beni yo, li te di yo egzakteman ki kote yo ta ye. Epi sa a egzakteman dapre non yo, epi egzakteman dapre nesans yo. Donk sètènman, li gen yon lyen avè ou.

104 Kounye a, se chemen nesans ou a; se sa ou ye, yon gason natirèl oswa fanm natirèl. Men, lè w ap ne denouvo, sa a pa konsyans eksteryè a. Eksteryè a se sa ou wè, goute, touche, santi, epi tande, men andedan sa se sa ou ye reyèlman. Kounye a, sa a isit la, Satan jis tante ou epi frape ou toupatou isit la; men nan fon isit la li pa ka fè li sof si ou kite l fè li. Paske isit la ou gen lafwa, epi lafwa pa soti nan konsyans ekstèn, li rezone. Men, nan lafwa pa gen okenn rezon. Ou te resevwa l nan men Bondye, epi ou konnen li la. Mwen pa bay enpòtans a konbyen li sanble mal, ou toujou kontinye li bon; se ENSI DI LE SENYÈ. Ou wè? Epi pa gen anyen ki pral deranje sa. Anyen pa ka deranje sa; l ap avanse tou dwat. Difisil pa vle di anyen pou li; mache dwat sou li, paske Se Pawòl la. Epi Pawòl la se Epe a, epi Pawòl

la koupe... Epe a libere l de tout lòt bagay. Ou wè? Pran men lafwa pou kenbe Pawòl sa a. Lafwa sa a dwe...

105 Kounye a, wè, lè konsyans entèn sa... Enteryè a isiti la; eksteryè a isiti la. Li revele isiti la, Laverite se; isiti la, se rezon. Kounye a, èske l pa sanble rezonab si nou ta jis di, "Nou tout ap jis ale epi rejwenn Asanble yo"? Kounye a, mwen renmen Asanble de Bondye yo, mwen renmen Initè yo, mwen renmen tout legliz sa yo. "Poukisa pa nou jis ale epi afilye ak yo, petèt li ka fè kèk byen." Sa se yon rezon, eksteryè a. Men byen lwen nan enteryè a, obsève li. Lè ou wè isiti la, sa a pral-sa a pa dakò, alò, ... Gade nan Asanble yo. Anpil bagay ke yo fè ke mwen pa kwè se- li nan Bib la, epi ka pwouve ba yo ke li pa ekri nan Bib la. Men si tèlman gen anpil lespri ki anbale avè l. Genyen yon milye de frè ak sè de Asanble sa yo ki kwè sa a, Pawòl la, epi pa kwè ke sa Asanble yo anseye yo dwe dwat. Men yo nan rezo a.

106 Batis yo, Presbiteryen yo, Initè yo, ak tout rès nan yo a, yo nan rezo sa a kote yon gwoup gason reyini ansanm epi yo rezone li. Epi tèlman gen prestij sou yon nonm. Men yon evèk ki chita isiti la, siveyan jeneral; pe enpòt sa l di a, kisa ti kamarad la pral di? Li pè di anyen. "Mwen dakò avèk ou. Wi, se vre! En-en! Wi, Evèk, oswa—oswa Presbytè, ou se... egzakteman sa." Li dakò avè l.

107 Isiti la, ann pran yon alkòlik isiti la nan lari a, ke yon sitwayen òdinè pase nan lari a epi li di, "Vye vagabon, li pa vo anyen." Desann avè lisiti la, mete l nan yon fòs polis, epi mete yon badj sou li, epi yon zam sou li. "Bonjou, Jan, mwen si kontan wè w ankò!" Ou wè? Respè youn pou lòt.

108 Jezi di: "Ki jan w ka gen lafwa lè w gen respè?" Tip sa a, ou konnen, mande nou, respekte youn... Mwen pa jis sonje jis kijan pawòl ale laba a. Men, lè ou gen respè youn de lòt. Ou wè? Pa ka fè sa.

109 Epi lè yon moun reyini nan yon òganizasyon, yo chita; epi ti mesye a pè di anyen, paske evèk la di sa, presbitè a di sa. Men, pa neglije nonm nan, kwè li se yon bon moun; men toujou sonje, Pawòl Bondye a kòrèk epi pa tout lòt moun ki kontredi antò. "Se pou Pawòl mwen Verite, epi pawòl chak moun se yon manti." Wè li? Se sa nou vle fè, se kwè sa.

110 Kounye a sonje, nou pa Pawòl la, men nou se Pawòl la. En-en! Kounye a, ou konprann li? Jezi pa t Bondye, men li te Bondye. Li te yon moun, men li te Bondye. Li te kapab kriye, e poutan Li te kapab leve mò yo. Li te kapab kriye pou yon nonm ki mouri epi resisite l. Li te Jewova-jire, Jewova-rafa, Jewova Manase; Li te Jewova, tout antye. Li te Jewova, e poutan li te yon nonm. Li te posede tè a, li fè tè a, epi li pa t gen yon kote pou mete tè li. Li te di: "Zwazo Mwen te fè yo gennich, epi Mwen pa gen yon kote pou mete tè Mwen. Rena yo, ke Mwen te kreye yo, gen twou nan tè a, epi Mwen pa menm gen youn Mwen Menm, pou antere Mwen ladan l." Se vre. Li te oblije prete tonbo youn moun pou antere l te antere ladan l.

111 Li te kreye tout matris ki te nan yon fanm. Li pa te gen okenn matris kote pou l te fèt; li te oblije prete youn matris. Li te kreye tè a epi yo pa t gen yon kote pou yo antere l; Li te oblije

prete yonn pou-...twou nan tè a, pou yo antere L, Jozèf moun Arimate. Ou wè? Yo te gen—yo te oblije—te dwe prete yon kote, men li te Bondye, te pwouve ke li te Bondye.

112 Kounye a, èske w konprann? Nou pa...Nou se Mesiyèt, men se pa Jezi sa. Li se Papa nou; nou jis wenn ak Lespri Li, e se rezon ki fè Lavi Li...Epi sa deranje moun yo. Ou wè, si ou pa chita epi reflechi, li fè moun kwè, "Oke, mesye sa a se petèt Mesi a." Sètènman se sa li ye.

"Li menm isit la ta ka." Yo toulède se sa. Ou wè? "Oke, kijan ka fè genyen de nan yo?" Gen dè milye nan yo. Ou wè?

113 Men, nou wè, Lavi Li te separe nan Jou Pannkòt la. Lè Kolòn dife a desann, Li te separe tankou lang epi depoze sou chak pami yo, Bondye divize tèt li pami pèp li a, paske Legliz la ak Kris se youn, menm jan mari a ak madanm se youn.

330. Frè Branham, ki jan mwen sipoze montre madanm mwen ke mwen vrèman sousye de li epi poutan jwe...oswa rete ak Pawòl la (Sa a)—rete—rete avèk Pawòl la, men toujou genyen yon kesyon konsa ki te di: "Poukisa ou pa pratike sa ou preche oswa ou kwè?"

114 Ebyen, si madanm nan, si madanm nan ap di ou sa ki lè li... gen dwa di li, pito ou fè sa. Ou wè, wè? Pa kont, si li—si l ap di li jis pou mechanste, sonje, Bib la te di, "Li Li ta pi bon pou yo te pann yon ròch moulen nan kou ou epi nwaye nan fon lanmè pase pou ofanse menm pi piti pami sa yo, ti pitit Mwen yo." Kounye a, sa se jis ou...?...

115 E petèt madanm sa a pa tip moun sa a. Petèt li diferan. Petèt li se yon bon moun. Petèt li jis ap teste ou pou wè sa ou pral fè.

116 Kounye a, rete avèk lanmou pou li epi kite l wè Jezi nan ou. Ou menm fè sa. Ou wè? Ou jis kontinye. Gen kèk... Mwen bay yon ti ilustrasyon maten an sou yon moun ki...Yon fwa ti madanm sa a te genyen—te resevwa Sentespri a. Li te yon ti pèsòn trè dous. Yo...Li te di...Ebyen, li te gen yon lavi difisil, epi mari li te yon tafyatè. Se konsa, li jis kontinye; li te sipòte l. Li di, "Ou vle ale nan legliz, cheri, ale!" Men kounye a, li te desann nan salon an, desann nan ansyen Brown Derby a, anba isit la. Kontinye. Se konsa, yo te pandye desann la tout tan, otrefwa li te Bonifers. Anpil nan moun ansyen yo isit la sonje lè te gen Bonifer nan kwen an... Li rele Brown Derby kounye a, mwen kwè sa.

117 Kidonk, pandan yo pandye la a, premye bagay ou konnen, yon swa vin gen yon kesyon sou legliz ak sou Kretyen yo. Youn nan ansyen tafyatè ki te chita la yo te di: "Pa genyen bagay sa yo rele kretyen an ankò. Epi pa gen yon bagay konsa. Tout pakèt ipokrit sa yo," te di, "ou

wè yo deyò ap fimen, bwè, fè menm bagay ak nou, epi," te di, "rele tèt yo Kretyen. Pa gen sa ankò."

118 Tafyatè sa a leve, li di, "Jis yon minit! Gen youn ke mwen konnen."

Te di: "Ki moun li ye?"

Te di: "Se madanm mwen." Ou wè? Li te vin sale. Li t ap pran li tout tan.

Li te di, "Mwen parye si yo te mete li a leprèv ..."

Li te di, "Non, li t ap toujou yon kretyen; Mwen pral pwouve ou sa." Te di: "Mwen di nou sa pou n fè; ann monte lakay mwen, epi mwen pral montre ou menm si li se kretyen ou pa." Te di: "Ann monte lakay, epi kounye a, se pou nou vrèman aji tankou nou sou. Nou pral aji tankou nou vrèman sou." Frape nan pòt la, antre ap zigzaage sou tout bagay epi—epi... "Poukisa chèn la depoze nan fason sa a?" Elatriye. Apre sa, li mete yo tout chita (envite li yo, ou konnen)—epi te eseye byen akeyi otan ke posib. Te di, "Mwen vle ou prepare yon ti manje pou nou." Alò yo... Li te soti al fè sa. Li te di, "Nou vle janbon ak ze." Li te konnen yo te genyen l, alò yo te prepare janbon an ak ze yo. Lè li rive la bò tab la, li gade yo konsa, li pran asyèt li a, epi jete bagay la sou planche a, te di, "Ou konnen, mwen pa renmen ze mwen konsa. Ann ale mesye yo, ann soti kite isit la de tout fason," konsa—konsa.

119 Yo te soti epi yo te chita konsa, ou konnen. Epi manzè te soti; li te di, "Cheri, mwen—mwen regrèt mwen pa t byen prepare yo; Mwen pral fè kèk lòt pou ou."

120 "O, tenten, ou te konnen mwen pa t vle yo konsa pou kòmanse," jis kontinye konsa. Yo te soti laba a, yo te chita, epi aji tankou yo te sou. Yo te tandè li andedan k ap repwoche tèt li, k ap chante tou ba:

Èske Jezi dwe pote kwa a pou kont li,

Tout mond lan ale gratis?

Gen yon kwa pou tout moun,

Epi gen yon kwa pou mwen.

Kwa konsakre sa a mwen pral pote,

Jouk lanmò va libere m.

Yonn nan tafyatè yo gade lòt la, li di: "Li se yon Kretyen; li genyen li!" Epi ti madanm sa a te mennen mari l, plis lòt moun sa yo bay Kris nwit sa a. Ou wè? Poukisa? Ou wè? Jis dwe reyèlman dous. Jis sonje, Li konnen tout bagay sou sa.

121 Kidonk, sè, oswa frè, kèlkeswa moun li ye, oswa frè, li isit la, 'Paske li te mande sou madanm li, ou jis dwe sale; li pral swaf dlo si gen yon bagay nan pou li aswafe. Si se pa sa,

sonje, si ou te gen move moun nan, ou pral jwenn bon moun nan nan Milenyòm la. Ou jis kontinye ale; tout mal yo pral korije laba a.

331. Frè Branham, èske w anseye ke Epouz la pa dwe ale nan okenn legliz sof si ou la ap preche, oswa lòt tabènak la, lòt pawòl, tabènak la? (Gen lòt bagay, li vle di "lòt mo.")

332. Epitou, èske w anseye ke nou pa bezwen kenbe lè—lè-dimanach oswa jou ferye, pou travay, al lapèch, oswa elatriye? Oswa... (Mwen ta di sa te dimanch. Li te sanble dimanch pou mwen. Oswa dirèk pa anba li sanble... oswa dimanch, mwen devine li ye, jou sen oswa Dimanch. Wi, dimanch, se sa li sanble? Jou sen- jou sen, dimanch ak jou sen.)

122 Non! Ou fè erè. Ou wè? Kite m reprann epi jis reponn li ofiramezi.

Èske ou anseye ke Epouz a pa dwe ale nan okenn lòt legliz sof si w ap preche—preche oswa lòt kote, sinon, tabènak la?

123 Non! Mwen pa anseye sa. Mwen pa kwè sa; Mwen pa kwè li. Nou gen minis ki chita isit la ki gaye toupatou

atravè peyi a, e mwen kwè yo fè pati Epouz sa a.

Mwen kwè ke yon gason oswa yon fi ka ale nan legliz nenpòt kote yo vle ale ki anseye Pawòl la. Apre sa, mwen kwè, si yo pa anseye tout Pawòl la, epi ou pa ka ale nan okenn lòt legliz kote yo anseye tout Pawòl la, ale kote yo anseye mwaye nan Pawòl la jiskaske ou ka rive kote yo anseye tout Pawòl la. Ale legliz pe nenpòt sa wfè. Fè sa.

Epi èske w anseye tou ke nou dwe—nou dwe... pa bezwen kenbe Dimanch, oswa nenpòt jou sen pou Bondye, oswa—oswa travay, oswa tankou travay, oswa al lapèch dimanch?

124 Mwen kwè se yon peche pou al lapèch, lachas, ak travay dimanch lè ou ka ale legliz. Kounye a, mwen kwè ou transgese lwa Bondye yo. "Èske gen yon kòmandman pou sa?" Wi mesye!

Kounye a, nan Ansyen Testaman an nou te gen yon tip jou Saba a. Se te tout...Epi Jezi pa t vini pou ou kenbe jou Saba yo. Ansyen jou Sabs a te Samdi, ki te nan fen semèn nan. Dimanch se uityèm jou a, oswa premye jou nan semèn nan, ke Jezi te resisite.

125 Mwen pa kwè ke li bon pou...Kounye a, si w byen lwen nan yon dezè yon kote, epi ou pati nan yon vwayaj lachas, pa gen okenn legliz ozalantou, anyen tankou sa, e pa gen anyen ou ka fè; epi si ou te al lapèch, mwen kwè ke kòrèk. Men, si ou alantou nan vil la, oswa alantou kote legliz ap fèt, ou ta dwe ale nan legliz pa tout mwayen, yon kote.

126 Epi mwen kwè, konsènan travay, mwen kwè si bèf la nan twou a, oswa gen yon bagay pou fè nan Dimanch, ale fè li, si se yon bagay ke ou pa t kapab anpeche, li te mache nan fason sa. Men, si ou jis fè li, epi tann jiska Dimanch pou fè li, oswa jis fè l konsa, ou mal ajì. Ou wè? Nou pa dwe fè sa, nou dwe respekte jou ki sen sa a.

127 Epi kounye a, sonje, ale legliz yon kote, yon kote.

Si...mwen—mwen ta ka rele yon sèten legliz konfesyon, men mwen pa p fè li, paske legliz sa a, sèlman bagay mwen konnen ke yo anseye ke mwen kwè se, yo di yo kwè ke Jezikri se Pitit

Bondye a. Oke, mwen fè sa. Tout lòt ansèyman yo se...Yo kwè nan... ke remisyon peche se pa dlo. Kounye a, se pa Initè; yo fè menm bagay la, men mwen pa p pale de yo. Yo kwè sa—nan rejenerasyon pa dlo, elatriye. Epi Mwen pa kwè sa. Apre sa, yo, o, yo kwè si gen anyen nan Gerizon diven li soti nan dyab la. Epi yo kwè nan tout... Yo se sèl-yo se sèl bagay ki genyen, epi sèl bagay ou dwe fè se jis mete non ou sou liv sa a. E si ou pa genyen li la, ou pèdi. Kounye a, mwen pa kwè sa. Men, si pa te gen okenn lòt legliz pou ale nan (mwen pa ta ale la pou kritike), Mwen ta ale la ak entansyon de prezans mwen, epi mwen ki chita bò kote yon moun, pou Kris la ki te nan kè m ka enfliyanse yon moun. Ale nan mitan yo, men pa patisipe nan enkwayans yo.

333. Frè Branham, mwen vle resevwa Sentespri a. mwen vle konnen sa pou mwen fè. Mwen gen fado pou fanmi mwen sove. Epi sè a te siyen non I.

128 Si w vle resevwa Sentespri a, kite m di w yon bagay, chè sè mwen, si w la. Epi—e—mwen...

(Frè Neville, èske se yon manm legliz la isit la? Pa anba...?...) mwen pa—mwen pa sonje yo tou. Men si-si w la, Sè B-o-u-g-h, si w la, kite m di w. Bib la te di: "Benediksyon pou moun ki grangou ak swaf pou jistis..." Ou si tèlman beni pou menm vle I. Ou wè? Kounye a, sonje, se pa ke ou—ou—ou gen Li, men se benediksyon pou moun ki grangou ak swaf Li, "paske yo pral ranpli." Jis rete dirèk ak li.

129 "Kisa mwen dwe fè pou fanmi mwen?" Itilize menm lafwa sa a w ap itilize pou tèt ou a, pou fanmi ou. Remèt yo bay Senyè epi kwè ak tout kè w ke w ap sove.

Kite li... Pa kite li jis vini sou panse natirèl ou isit la, kite li desann pa andedan an, nan sibkonsyan la, alò yo pou ou. Bondye ba ou yo lè ou jwenn li anba isit la.

130 Tou sa ou gen nan kè ou isit la epi mande pou li, lè ou priye, kwè ou resevwa sa w mande a. Kounye a, ou pa kapab pa gen dout ankò. Ou pa ka kwè li epi doute li an menm tan an. Konbyen moun ki konnen sa? Ou pa ka kwè epi doute an menm tan. Ou dwe kwè ke sa ou mande a, ou resevwa li, alò, Li te di ou va resevwa li. Kidonk, ou jis kwè pou fanmi ou, epi yo pral jwenn li.

334. Frè Branham, e pitit gason nou an depi—paske yo pa t sou—pa preche sou Twonpèt yo? Sonje pwomès ou te fè mwen nan telefòn nan konsènan li ak Sèt Twonpèt yo?

131 Mwen pa sonje li. Mwen pa sonje sa li te ye. Men Kèlkeswa sa li ye, kite Billy Paul konnen sa li ye. Kèlkeswa sa mwen te pwomèt, mwen pral fè I. Mwen pa sonje. Ou konnen, mwen... Pafwa mwen resevwa, petèt nan yon nwit, reponn

trant, karant apèl nan yon sèl fwa, ou wè, kidonk mwen pa sonje nwit apre nwit, pafwa lè mwen alantou, kidonk mwen pa raple m sa li ye.

E sou frè ak sè Katolik mwen an? Mèsi.

132 Oh, moun sa a soti byen lwen vil, byen lwen nan Texas. Mwen... Oke, sè, si ou-si ou soti nan Texas epi ou jwenn band sa a, oswa si gen yon band, mwen devine pa pral gen okenn band sou sa a, men si gen...(Èske yo fè yon band? Ou ap fè li?) Trè byen, si yo ap ... Band lan ... Alò, mwen di ou sa. Si ou...Sou band sa a, lè ou jwenn sa a, sonje, "E pitit gason nou an lè... sou Sèt Twonpèt yo?" Mwen pa sonje sa, sof si mwen te pwomèt pou mwen wè l oswa yon bagay pandan Sèt Twonpèt yo. Si m te fè sa, m ap wè l; Paske mwen pa t preche Sèt Twonpèt yo, mwen te preche *fèt twonpèt yo*. Ou te konprann sa.

133 "Epi sè ak frè Katolik mwen an? Mèsi!"

Mwen pral di w, madan C-o-r-n-i-l-s-e-n... Si dam nan la, rankontre Billy Paul maten an. Epi—e si se pa sa, byen, mwen pral—mwen pral—mwen—mwen pa konprann sa li ye (ou wè?); se jis yon kesyon. Mwen—mwen pa kapab fòse (wè?), ki sa li ye, paske mwen te pwomèt yon

bagay sou ti gason li a ak Twonpèt yo epi sou yon sè Katolik; e mwen—mwen pa-li pa nan tèt mwen kounye a pou m sonje. Jis rankontre, Billy.

Sa a dwe... Sa se jis yon demann lapriyè. Bay moun nan non epi li di, "migrèn ak sinis." Se konsa, sa te jis ... Jis priye pou yo, mwen sipoze. Trè byen.

335. Tanpri eksplike maryaj ak divòs. (Mwen te gen sa deja. Sa a se sèt kesyon, uit kesyon sou yon sèl fèy papye.) **Tanpri eksplike maryaj ak divòs.**

Mwen te fè sa.

336. Moyiz ak—ak Eli sou tè a kounye a? Èske Moyiz ak Eli sou tè a kounye a? Èske yo nan Amerik la?

134 Non! Ou wè? Non, yo pa isit la; yo pa p vini jiskaske Legliz la anlve, Moyiz ak Eli... Konbyen konprann

sa? Trè byen. Epi ann wè. Yo pa gen okenn sinyati, alò... Trè byen. Si jamè moun ki te poze kesyon sa yo... mwen kwè gen te sèt ; Mwen te bay... make sèt. Trè byen!

337. Eksplike diferans ant "Non de Jezi," ak "Non de Jezi". (Tann yon minit.) **Eksplike diferans ant non "Jezi" ak "Non de Jezi."**

135 Ebyen, yo tou de pral parèy si yo aplike yo menm jan (wè?), aplike pou menm Pèsòn, non *Jezi* a, epi *Non de Jezi*. *Non de Jezi* ak non—non *Jezi* a se Kiyès

Li ye. *Non de Jezi* ap pale de Pèsòn nan, kidonk li ta p parèy... Mwen panse ke sa ta... Èske sa sone sansib? Ou wè? Non *Jezi* a se moun nan Limenm, epi *Non de Jezi* se ou menm k ap refere a Pèsòn sa a. Ou wè?

136 Di, non mwen se William. Sa se mwen. Trè byen. Kounye a, ou di...Mwen ap pale...Non de *William*, alò ou refere a mwen. Se non mwen. Ou wè? Bon.

338. Èske non Senyè a te chanje nan diferan dispansasyon yo?

137 Wi, wi! Yon fwa yo te rele I—Li te rele MWEN SE a. Li te rele Jewova, e li te chanje anpil fwa. Dènye fwa li te chanje a se lè Bondye te vin chè epi li pran yon non moun.

138 Jewova, MWEN SE, epi tout moun sa yo, se tit pou yon Non. Ou wè? Ou te batize nan non Jewova, li ta dwe non Jezikri. Ou te batize nan non Jewova-rafa, Jewova Manase, ak Jewova-jire, tout sa yo, li ta dwe Jezikri. MWEN SE an se Jezikri.

139 Sonje, Li te kanpe la jou sa a, epi Li te di: "Ou di ou manje laman nan dezè a..."

"Zansèt nou yo manje laman."

"Epi yo mouril!" Li te di.

140 Yo di: "Oke, nou konnen kounye a Ou fou, paske Ou se jis yon nonm ki pa gen plis pase senkant ane, epi di Ou wè Abraram." Li te di, "Avan Abraram te egziste, Mwen Se." Ou wè? Epi tout tit ak non ki te janm atribiye a Bondye te fè yon non sèl Non imen, Seyè Jezi Kris la. Trè byen.

339. Kounye a: **Si tan an sispann lè So yo te louvri, alò se...Si tan te sispann (eskize m) lè So yo te ouvri, alò, Milenyòm la tou—Alò, Milenyòm la fini tou, se pa vre?**

141 Non, non! Tan an pa t sispann lè So yo te louvri. Ou mal konprann li. Sa k te pase, mistè yo te revele, pa ke tan an te sispann. Ou wè? Jis obsève. Pran san w pou Gade byen kounye a, epi w pral jwe kasèt ou a si se sou yon kasèt ou te tandè l. Ou wè?

142 Tan pa janm sispann jiskaske... Sa dwe yon postmilenyòm iswa yon bagay konsa, ki te poze kesyon an. Paske ou wè ? Nou te gen mil an apre Legliz la te rantre lakay li epi te tounen sou tè a. Kidonk tan an sispann nan Nouvo Syèl la ak Nouvèl tè a.

143 Kounye a, Milenyòm nan se pa Nouvo Syèl la ak Nouvèl Tè a. Pral gen peche apre milenyòm nan. Milenyòm a se yon tip Noe k ap antre nan lach la, e l te transpòte pote l, epi te mennen Kam ak lòt yo lòt bò a. E menm peche te soti nan lach la. Ou wè?

144 Men Enòk, sila ki te anlve a, se te yon tip Epouz ki te monte a, pa sa ki te transpòte a. Konsa peche ap toujou nan lòt kote milenyòm nan, men pa pandan milenyòm nan. Ou wè? Pandan milenyòm nan se lapè. Ou wè? Men nan lòt kote milenyòm ap toujou gen peche, e nan moman sa a tan an ap etenn.

145 Bon kounyeya, ouvèti Sèt So ke Sentespri a te pèmèt la, sèt So yo sèlman te fè konnen sa k te rete nan dispansasyon apre nou yo.

146 Kounyeya, Tankou kèk gwo teolòjyen t ap eseye kwense m sou sa, li te di, "Frè Branham, oumenm...Bondye yon jou ap ba w sekre Sèt So sa yo. Sèt So sa yo pral yon bagay ke nou poko janm aprann, se pral yon bagay ki pa menm nan Bib la." Non, non! Se p ap sa, paske si w fè sa, sa t ap fè l yon...Si m ta di w sa, m t ap yon fo pwofèt, paske (ou wè?) Pawòl sa a...Gen...Tout bagay ki se—kise.... Tout revelasyon Jezikri a te konplete nan Pawòl sa a. Ou wè? Epi si sèt So yo te gen rapò ak sèt legliz yo, li ta dwe deja pase, paske nou nan laj legliz Lawodise a. Epi Sèt So yo fè ke revele sèlman sa yo te kite laba a, epi te louvri sa ke yo te

kite; sa Luther te kite; sa Wesley te kite; e tout refòmateur yo, ak pentkotist yo, epi kontinye pou rive nan tan nou an.

147 Kounye a, pwochen bagay ki rete a se anlèyman Legliz la, retou Moyiz ak Eli a, rèy milènè a sou tè a avèk Epouz e Epou a pou mil an, epi answit Ba Jijman an, epi answit aneyantisman total peche. Pa p janm gen sa ankò nan tan sa a.

148 Kounye a, se pa...yon arè...So yo pa janm met fen a tan an. Tan oswa sezon jouk apre milenyòm nan. Non! pral toujou gen tan menm apre Millenyòm nan.

340. Èske milenyòm nan gen rapò ak mil an yo? Èske li pa ta ka yon jenerasyon?

149 Non! Yon jenerasyon nan Bib la se karantan. Men, Bib la te di: “Epi yo te viv e reye ansanm ak Kris la pandan mil an.” Se pral mil ane sou tè a, paske mil an sou tè a te sèlman konte pou yon tan, pou fè yon parabol menm jan ak Bondye, se tankou yon jou. Mil an sou tè a se sèlman yon jou pou Bondye, jan ke Bondye konte tan an. Konbyen moun ki konprann sa a kounye a?

150 Kidonk, se jou Saba sa a kote Legliz la p ap lite ankò kont peche. Epi Satan mare pou yon ti tan, mil an, paske tout sèvitè li yo nan lanfè, epi limenm... Legliz ki sou tè a rachte e al tou dwat nan Prezans Kris la, kidonk li pa gen anyen poul lite kont. Kidonk, se pa yon chèn, jan m te di, yon chèn kadna, se yon chèn sikonstans; li pa gen anyen l ka fè. Li dekouraje e san espwa, jis ap tann pou rezirèksyon sèvitè l yo; apre sa yo te separe tankou mouton separe de kabrit yo.

341. Èske rènn Seba a pa t vin kot Salomon pou l teste l, pou l te chèche konnen pou limenm si non Senyè a te vreman Salomon oswa non? (Mwen pa kwè mwen konprann sa a. Jis tann.) Èske rènn Seba a pa t vin kot Salomon pou l teste l pou chèche konnen limenm si non Seyè a se te vrèman Salomon oswa non? (Mwen—mwen petèt pa konprann sa a. Jis...Ekskize m jis yon minit. Kite m li l ankò.) Èske rènn Seba a pa t vin kot Salomon pou l teste l pou chèche konnen limenm si non Senyè a te vrèman Salomon oswa non?

151 Non! Li pa t janm teste pou I konnen si—si non Bondye te Salomon. Salomon te yon wa. Li te vini, li te di, li—li te di, “Se vre wi, Bondye avèk wa Li a ak pèp Li a.” Ou wè? Li te vini epi te teste...Li te teste Salomon konsènan don li a, paske li te gen bagay nan kè I ke Salomon te revele I, sa te montre le I se wa Bondye sou tè a.

152 Ou sonje anba a, mwen kwè, anba a nan—nan—nan...Kote I soti a, nan peyi—nan—nan—Seba kote I te soti, moun yo te dwe ap pase, ou konnen, epi—epi. rakonte sou bagay espektakilè k ap pase yo, ke yo te gen yon Bondye laba a ki te wenn wa yo a... kouman wa te wenn pa Bondye. Mwen pa kwè I te panse ke non Salomon, oswa non Bondye te Salomon, paske si I te fè sa, sa t ap fè I ankò yon payen. Ou wè? Kidonk, li—li te kab fè sa. Nan kè I li te kab panse ke Bondye se Salomon, Salomon se te Bondye, ' paske li te yon payen pou kòmanse. Men, lè Salomon te revele I sekrè ki nan kè I, pa yon don disèman; ke yo te rele sajès. Li te disè sa. Li te konnen ke Bondye te avèk Salomon, paske lè sa a... Yo te gen... Li te reyalize... Si I te vini ak sa nan panse li...

153 Si—si moun nan la a, moun ki poze kesyon an, ap mande: “Èske li te konnen lè sa a ke Salomon vrèman... non Senyè a se te vre Salomon? Ou wè, Salomon pa t 'Seyè a; li aprann sa de pèp la, paske yo te adore Jewova, e te gen gran lach la, ak gran Testaman an, lach kote ki te gen kòmandman Seyè a. Epi yo te pale I de mòn Sinayi ak plizyè lòt kote yo te ye. Apre sa, li te kab wè Bondye—ke Bondye testaman sa a te nan nonm sa a, paske I te genyen—li te gen yon disèman ki te sèlman vin de Bondye. Ou wè? Konsa, li te konnen ke—ke Bondye te nan Salomon. Men kounye a, sa ta ka li konsa si moun ki poze kesyon an mande sa a. Men, "Èske I te konnen ke non Seyè a se te vrèman Salomon?" Petèt yo pa t ekri I jis nan fason yo te panse a. Ou wè? Kidonk mwen panse ke petèt yo ta di—di konsa: "Ke Senyè a te nan Salomon." Wi, sèten se te sa. paske si se sa kesyon an, se sèten! Manzè te konn Bondye, paske li te fè remak sa a. Epi li pa ta adore okenn lòt bondye. Epi mwen kwè li—li te di ke I ta toujou...Li te wè poukisa...Li pa t rete souf nan li; li pa te gen okenn kesyon ki te rete nan li. Salomon te jis revele tout bagay la, epi manzè te konnen ke Bondye te avèk li.

342. Nou—nou te marye venteyen lane de sa pa jij depè a. Èske se te yon erè?

154 Wi, li te yon erè pou w fè sa. Se nan kay Bondye a ke w marye. Men, etandone ke w marye, men lè nou marye toutbon: nou marye lè nou fè pwomès youn ak lòt, lè youn pwomèt lòt ke nou se... ke youn pral pran lòt. Jij de pè a ka ba ou kontra, sa se pati legal, pou w viv ansanm kòm mari ak madanm san ke yo madanm ak mesye nan plasaj. Men lè ou pwomèt ti jèn fi sa a, epi ti... ou pwomèt nonm sa a ke w pral viv fidèl avè l', epi ou pran li kòm mari w, ou marye lè sa a. Ou sonje, mwen te eksplike ke semèn pase a, mwen kwè se te sa. Ou wè? Lè ke w pwomèt li. Ou wè?

155 Menm nan ansyen an—nan ansyen Bib la, si yon nonm te fyanse ak yon demwazèl, epi (ou konnen lwa yo sou sa. Ebyen, se te menm jan ak yon adiltè. Se te sètènman sa!) lè li te pwomèt, se te fini.

156 Yo te poze kesyon an lòt jou, "Èske yon anilasyon—anilasyon—yon anilasyon te menm bagay ak yon divòs? Ou wè? Lè w poze m kesyon sa yo, zanmi, ou pa konnen kisa sa fè m. Mwen gen anpil zanmi ki chita isit la ki marye de oswa twa fwa. Èske w te reyalize m ap pale ak pwòp pitit gason m, Billy Paul? Èske mwen ta epaye Billy Paul? Vrèman pa! Billy Paul te marye ak yon ti jèn fi, epi li te vini, li di, "Papi, mwen pral marye."

157 M t ap lave machin mwen an; Mwen te di, "Ou pa serye," m jis kontinye ap lave machin mwen konsa. Li te di, "Mwen pral marye." Mwen te di, "Oh, ale non," M jis te kontinye konsa. Li vire epi li al di manman l, manman l ri l. Ou konn sa li fè? Li pati ak yon timoun ki toujou lekòl òdinè epi li marye. Nou anile maryaj la, papa ti fi sa a ak mwenmenm. Nou te anile maryaj la, men li te marye kanmenm. Li se piti gason m ki chita isit la ap koute m kounye a. Ebyen, se egzakteman sa.

158 Li vin jwenn mwen ak ti dam li abite kounye a, bèlfi mwen. Ti pitit pitit mwen an... Li te di, "Papi eske w vle marye m?"

159 Mwen te di: "Pa gen okenn fason." Se pwòp pitit mwen. Ou panse ke sa pap rache m anndanm lè m pote l' nan bra m 'ak fè tout sa mwen te kab fè, epi mwen te manman e papa anmenm tan pou li? Ou panse sa pa touye m pou di sa? Men se laverite. Sètènman! Pitit gason m nan ki chita isit la ap koute... Bèlfi mwen an ak ti pitit pitit mwen an ki chita isit la

kounye a... Men, mwen di l se mal (wè?), paske mwen te oblije. Mwen gen devwa anvè Pawòl sa a.

160 Apre sa, mwen di, ou te marye pa yon majistra? Ou ta dwe marye pa legliz la, pa pastè a. Se bagay ki desan pou yon kretyen fè. Men etan done ke w te deja fè pwomès sa a, ak ve sa a, epi w te marye venteyen lane de sa, mwen panse ke se kòrèk. Ou di, "Bon mwen..."

161 Kesyon an te kab "Èske m ta dwe marye ankò?" Si ou vle. Ou pa gen anyen nan tèt ou ki deranje fwa w, paske si gen yon bagay la a, ou pa ka ale pi lwen ke la a menm; kanpe la a menm. Lè entèwogasyon sa a vini, se la a ou bout, la a menm. Men koulye a, pou mwen li ta kòrèk.

162 Nonm ki te batize m nan Non Senyè Jezikri a te finalman mete m deyò nan legliz la, paske m pa t dakò avè l sou fanm yo k ap preche a. Sa pa t fè m rebatize ankò. Ou wè? Sètènman pa. Ou wè? Se kòrèk

162 Nonm ki te batize m nan Non Senyè Jezikri a te finalman mete m deyò nan legliz la, paske m pa t dakò avè l sou fanm yo k ap preche a. Sa pa t fè m rebatize ankò. Ou wè? Sètènman pa. Ou wè? Se kòrèk.

163 Men jis raple nou, ke bagay sa yo ap rache m. Mwen gen bon zanmi ki chita la a, gason ak fanm ki ta pran yo... depoze...retire je yo epi ban mwen li si m ta mande yo li (wi, mesye!), epi yo marye de fwa, pafwa. twa fwa, chita la a kounye a. Epi pwòp pitit gason mwen, pwòp pitit pitit gason mwen, ... ak bèlfi mwen ke mwen renmen... Gad Billy, ki jan mwen te kanpe bò kote l e ki jan l te kanpe bò kote m, men pou di verite oswa verite, verite se verite.

164 Mwen te gen...Mwen ta ka ale la a jodi a epi rele kèk nan Asanble De Dye sa yo oswa kèk nan moun sa yo epi di yo, "Mwen te...Mwen...te totalman antò, mwen pa pral rete ak Pawòl sa a, mwen pral rete avèk ou." Mwen ta pwobableman vin yon moun trè popilè byen vit ak don Bondye a. Pou jete tout enfluyans mwen nan youn nan òganizasyon sa yo, mwen ta pwobableman gen yon gran non nan mitan yo. Mwen paf è ka de non mwen nan mitan yo. Mwen renmen yo, se Laverite. Men, mwen te dwe fran. Mwen—mwen—mwen ta yon ipokrit si m te fè sa.

165 Epi m t ap yon ipokrit si m kanpe la a paske pwòp pitit gason m nan ki chita la a te fè pwomès a yon jènn fi, e m te di...Si—menm si seremoni an te fèt pou li, kenpòt si l te te janm viv avèk fi a, oswa te antre anrelasyon avè l, jènn fi a, oswa kèlkeswa sa li te ye a, lè l te fè ve sa a, li te marye, ke l se Billy Paul oswa pa Billy Paul. Se egzakteman Laverite ! Li te marye lè l te fè pwomès sa a. Si se mwen menm, se menm bagay la.

166 Nou dwe onèt. Si m pa ka onèt ak pitit gason m nan, mwen pa ka onèt avèk ou. Si mwen pa onèt avè w, mwen p'ap onèt ak Bondye. Epi mwen vle w kwè sa mwen di ou yo ke se opinyon mwen onèt e sensè. Pa fè okenn lòt bagay avè l, jis di li jan m te di l la (ou wè?), paske m ap di nou Laverite.

167 Kounye a, m pa pale ak nou tout konsa twò souvan, paske nou se pitit mwen, mwen rele nou. Mwen mennen nou a Kris la pa mwayen Levanjil la. Epi pandan ke nou isit la ansanm, jis pwòp gwoup nou an ki chita la a m la, mwen—m fwote nou yon ti kras. Men mwen vle di nou : lè n vin kote m pou mande nenpòt ki bagay, m ap di nou sa ke m konnen ki mye a! Si l nan Pawòl la, m pa fè ka si l kondane m, mwen te gen anpil bagay ke m ta dwe debarase m. Egzakteman!

168 Men lè w ap mande m yon bagay, m ap di w li. Si m di w yon bagay, se Laverite ll ap ye. Mwen te toujou eseye viv konsa. Se fason sa a mwen vle viv e se konsa m vle mouri, pou m onèt ak nenpòt moun nan.

169 Yon ti jènn fi vin kote m sa pa gen lontan; manzè a pa la a kounye a. Tom Simpson, anpil nan nou konnen l. Tom se yon bon kanmarad; pa gen youn nan moun li yo isit la la a. Mwen panse ke tout moun sa yo te retounen, sof Fred ki toujou la. Mwen... Fred Sothmann , mwen pa konn si l la deja ou pa, men mwen—mwen panse ke yo la. Men Tom Simpson, yo... li sot Kanada ak Fred. Epi yo... Ou konnen Frè Fred, administratè nou an.

170 Epi frè Tom, anpil nan nou konnen l isit la. Epi Tom se yon bon moun; li se yon nonm debyen; menm bagay la pou madan Simpson. Si li ta sèlman koute sa m di l la, li menm tou pral mache ankò. Ebyen li chita nan chèz woulant sa a tou andikape. Li pral mache si l jis fè

sa yo te di l fè. Epi jis gade wa wè si se pa vre. Ou wè? Byen. Men, li dwe fè sa yo te di l fè si l espere mache.

171 Epi youn nan ti fi l yo, ki byen janti...mwen...Lè yo te tou piti piti, mwen ta mete yo sou jenou m epi jwe avèk yo. Yo twò gran kounye a; yo prèske jènn fi, dis, douzan. E kidonk, youn nan yo te vin kote m epi l di: "Frè Branham, mwen te fè yon rèv." Epi l te rakonte m rèv la. E li di: "Kisa sa vle di?" Mwen te di, "M pa konnen, cheri. M ap priye, e si Senyè a ban mwen l, m va di w.

172 Li te di: "Dakò! Nan kèk jou li tounen, li di, "Ou jwenn rèv sa a?" Mwen di: "Non, cheri, mwen pa jwenn li; Li poko revele m li."

173 Anviwon yon semèn oswa de apre sa li tounen, li di: "Frè Branham, e rèv sa a?" Mwen te di, "Mwen pa konnen." Bon, sanble li te yon jan desi. mwen...

174 Ou sonje, lè w mande m pou m di w nenpòt bagay la, epi m pa t jwenn li nan men Senyè a, mwen desi tou. Men mwen pa pral yon ipokrit, oswa yon mantè, mwen pral di nou laverite. Si L di mwen l, m ap di nou l; si L pa fè l, mwen p ap fè l. Se tout sa m kab fè. E m vle w kwè m konsa.

175 Epi kounyeya, m te panse ke m te konn sa rèv la te vle di nan lespri m, men ki jan m te fè konnen. Mwen dwe wè bagay la ankò. Epi pa youn nan nou ka lonje dwèt ou nan nenpòt ki moman oswa nenpòt ki kote, kote m ke m te janm ba w yon entèpretasyon sa k egzakteman rive ba entèpretasyon yon rèv nan Non Senyè a ke sa k te rive egzakteman fason sa a. Wi mesye! Mwen pa janm di nou anyen nan Non Senyè a ke sa k rive a tou, jis konsa, paske mwen—mwen...Se Limenm. E alèkile, se pa responsablite m, se Li menm; se responsablite pa Li.

176 Mwen te di, "Gade, Trudy, e si nou pral Arizona. E si—si m ta vin di w ke lè w te soti la, 'ENSI DI SENYÈ A, ti frè w la pral...'? Ti Johnny, moun ke m ap takinen sou vant li ki deyò tout tan. Mwen te di, "E si machin ta woulw sou li nan lari a? Apre sa, mwen di, 'Ou konn kisa k pral rive? Machin pral woule sou li nan lari a.' Epi w ap vin kotem, epi—epi w ap di: 'Frè Branham...' 'Ale, mennen l bay Frè Branham,' pito. Lè sa a, ou pral cache toupatou, epi w

pral jwenn mwen kanpe sou mach yo, ap pale ak yon nonm ki gen yon kostim blan sou li. Apre sa, mwen jis pral etann men m yo sou ti Johnny; li pral resisite epi pete kouri." Epi, m te di, "Apre sa, ou ale nan Lwès, e premye bagay ou konnen, yon jou ou tande manman w k ap kriye, papa w k ap kriye, epi gade, machin te pase sou ti Johnny. Ki sa w tap fè?" Ou wè? Ou kwè mwen. Ou wè? E mwen vle ke w gen konfyans nan mwen. Mwen pa pral di w anyen ki se jis prezime ; Mwen pral di w Laverite, oswa m pa di w anyen. Epi m te di, "Apre sa ou vin kote m e w di, 'O, ti Johnny...' Oswa, vin jwenn manman ou, 'Oh, machin pase sou ti Johnny. Li mouri! Li mouri!'"

177 "Doktè a vini, tounen je l pa dèyè, tcheke kè l, respirasyon l. Li mouri. Mennen l nan mòg" "Kisa w ta fè? Ou pral di, 'Tann jis yon minit! Tann jis yon minit! l nan pran l nan bra m; ann kòmanse mache.'" Amèn! ""Kote w prale, Trudy?" ""M pa konnen."" ""Kisa ou genyen?' Ou gen kadav ti frè w la nan bra w. Jis kontinye ap mache nan lari a. Moun yo di, 'Èske ti fi sa a fou?' Non, mesye!" Li gen ENSI DI SENYÈ A. Kisa k pral rive?

178 "Premye bagay ou konnen, ou di papa w ak manman w, 'Tann, nou pral kot Frè Branham. Li pral kanpe sou mach yo ap pale ak yon nonm ki gen yon kostim blan sou li. Men l kanpe la a. Gade sa k ap pase.' Pa gen dout nan tèt ou. Monte la epi di, 'Frè Branham, ou konn sa w te di m'?" "Wi, Trudy. 'Johnny, resisite!'" Sote ponpe epi kouri desann nan lari a.

179 "Men e si m jis pretann di nou kèk bagay ke mwen panse ki byen, epi di nou nan fason sa a, ENSI DI SENYÈ A, epi li pa vre, epi li pa rive, li pa janm rive; alòs ou ta pè ti gason an jouk pou mouri. Ou pa ta konnen si pou mennen l ou pa."

180 Bondye voye m' isit la pou ede w, e mwen vle ede w. Epi pa gen pwoblèm si l blese, fè mal oswa kèlkeswa sa li ye, mwen te oblije di li kanmenm.

181 Men koulye a, sou ka maryaj ak divòs, mwen te mande w tankou yon frè, pa di anyen jiskaske w tande m pale de sa. Ou tande? Jis kontinye jan ke w t ap viv la. (Mwen pran twòp nan tan an la a.)

182 "Nou te marye venteyen lane de sa (ya)...kay jij de pè." Sè chè, chè Frè, yon lè yon vandè te di m ke l te antre nan yon legliz (li te yon kretyen) nan Connecticut oswa yon kote anwo a

la a, yon gwo legliz, li te jis antre pou lapriyè. Li pa t...Li te yon pannkotis, men li te antre la a pou lapriyè. Li te di lè l te antre la epi l te mete ajenou nan legliz la pou l priye... li te di li t ap plede monte desann, li te fatigue, li te anvi antre lakay, li se yon vandè, k ap vann bagay, epi li te di li... bay faktori yo. Epi li te antre anndan la a—pou fè kèk acha oswa kèk bagay, e apre sa li te vin nan legliz la la a, li te panse, "M prale...M kwè m pral antre epi lapriyè." Pòt la louvri; Li di li te antre. Li pa tandè pèsonn, kidonk li te mete ajenou epi li te kòmanse priye. Apre ke l te fin lapriyè, li te ret la a apeprè inèdtan, li di, dirèkteman li te tandè kèk pòt fèmen oswa yon bagay konsa; li te panse ke se te yon gadyen oswa yon bagay nan legliz la. Li te di, apre yon ti tan li te remake, men li... Li te tandè yon moun ap pale. Li glise kò l anlè a la a e l te gade, li te gade ozalantou pou wè si se te gadyen an. Se te yon mesye ak yon madanm ki te kanpe devan lotèl la youn te kenbe men lòt, yo te di: "Mwen pran ou, mezanmi, kòm madanm legal mwen." Ou wè? Li te di, "Mwen pran ou, cheri, kòm mari legal mwen." "Ou wè," li te di, "sa a se yon bagay etranj," li te di, Pannkòtis sa a, li te di, "mesye ak madanm sa a marye san yon predikatè." Ou wè? , li jis chita epi tann; epi apre yo fin fè ve yo pou yo viv nan verite youn ak lòt, se sèlman lanmò ki ta separe yo, yo pase bra yo otou youn lòt, yo te bo youn lòt, yo te vire epi yo te soti ap souri. Li di, "Jis yon ti moman!" Li te di, "Mwen yon jan kirye; Mwen se yon etranje." Li di, "nou tou de ap marye?" Li reponn: "Wi!" "San yon predikatè?" Li reponn: "Non!" Li te di: "Nou te marye pandan karantan." Li te di, "Nou te marye isit la devan lotèl sa a depi karantan, e chak ane nou tounen vin renouvle ve nou." Sa se yon bon lide. Ou wè?

183 Men, konsènan maryaj, lè ke wo pwomèt li, li pran pawòl ou; ou pran pawòl li; e Bondye pran pawòl nou tou de. Ou wè? Men, jis pa fè pwomèt a mwens ke ... [pati vid sou kasèt—Ed.]

343. Lè yo koupe l nan... Èske cheve a long lè yo koupe l sou fron? (Kounye a, tann yon minit, kite m konprann sa a la a.) Èske cheve a long lè yo...

184 Bon, mwen—mwen... Petèt yo vle di sa a: "Èske se cheve a long ankò lè yo koupe l sou fron?" Li pa long ankò, yo te koupe l. Ou wè? Men tankou nonm ki te gen pantalon yo koupe twa fwa epi l toujou twò kout. Kisa w di? Kisa w di? [Frè Branham gen yon konvèsasyon ak yon moun nan asanble a—Ed.] Oh, se de sa y ap pale. Tankou m ap takine ti fi m nan, li te

di... "Boum yo" mwen rele yo, ou konnen, danfans, oswa kèlkeswa sa li ye, ou konnen, sou fron an la a.

185 Ebyen, mwen imagine timoun sa yo k ap koupe cheve yo sou fron yo... Ou menm, petèt manman w ta ka pale de sa avè w, ou wè, si li vle w fè l fason sa a. Mwen panse ke li ta sanble yon jan— yon ti jan tankou yon fanm k ap gade nan retwovizè pa dèyè si li te pase vennsenk lane epi l te vle koupe yo sou fron l konsa, pou l sanble a yon timoun piti. Gade ki kote w prale, sè, pa kote w te ye. Ou wè?

186 Epi kounyeya, men nan koupe cheve a, mwen—mwen—mwen—m ap di nou sa a. Mwen pa kapab—mwen—mwen pa gen okenn—pa gen okenn ekriti ki di ke ou ka koupe kantite sa a ladann epi w pa ka fè lòt la. Mwen—mwen pa gen okenn ekriti pou sa, mwen—mwen pa t kab di w sa, sè, oswa frè, kèlkeswa moun li ye.

187 Mwen di yon sèl bagay. Mwen te swete...Koulye a, mwen konnen pitit mwen yo te fè sa tou, Rebekah ak Sara, mwen te wè lè yo koupe cheve yo devan la a, epi trese l pa dèyè, epi fè bagay sa yo ki travèse fron an, konsa, Mwen—mwen pa, mwen—mwen...Kounye a, mwen pa p pran pou yo. Ou wè? Non, mesye! Pou mwen, mwen swete ke yo pa menm met yon sizo nan cheve yo ditou. Men, lè ke l te long, ap pandye konsa, epi yo jis koupe nan devan pou debare je yo, timoun piti ki gen... Mwen—m pa ta konnen si sa ta dwe ...?... Mwen pa ta panse sa. Ou wè? Mwen...men lè w gen...Si ou kab, mwen...pou noumenm sè yo, mwen ta jis kite l jan Senyè a te fè l. Ou wè?

188 E sèten, mwen konnen ke medam yo vle parèt bèl; se lanati, e sa—se sa yo ta dwe ye. Ou wè? Yo ta dwe konsa. Se konsa, sa se byen, men jis pa fè sa—pa fè...otreman ke sa a, pa sanble ak mond lan (wè?); pa imite mond lan. Bagay ki mal yo... Ou vle koupe l, jan sa a, men pa koupe cheve w kounye a. Si ou te gen trèès ki pandye desann, oswa-oswa kèlkeswa sa l ye nan cheve w, kite l long. Pa koupe l kòm si l pral sanble ak mond lan. Si w se jis ti pitit fi sa yo...

189 Tonton m te gen yon ti jènfi anwo a—nan New York. Li te gen cheve ki pi bèl. Li yon jan mawon fonsè epi li konn trese yo... Manman m te konn gen ... Tres li yo te rive la a pa dèyè

jenou I. Epi ti fi sa a te gen menm trè sa yo tou; li te rele Jacqueline. Epi li te penyen yon pati konsa epi li koupe I konsa. Apre sa mwen te... Sa gen anviwon kenz, dizwit, ventan de sa. Apre sa mwen te konn mande, poukisa I pa t jis penyen tout bagay la pa dèyè, sa ta parèt pi bèl ke jis genyen I konsa la a tankou, Beatles modèn sa yo ki gen jodi a, ou konnen. Epi yon...Oh, se sa, mwen pa kwè m ta fè sa. Nenpòt bagay ki sanble a Beatles sa yo, ki sanble ki sot nan mond lan, ebyen kite I ... jis kite I trankil. Ya!

344. Mwen menm ak mari m pa wè menm jan sou Bib la, verite yo, tankou Verite ke w ap preche a. Li pa konprann. Èske mwen ta dwe al legliz avè I lè ke mwen pa kwè nan ansèyman yo a? Mwen trè boulvèse sou sa.

190 Wi! Si w se yon madanm pou mari sa a, epi li pa kondane w, oumenm pa fè I—Ou pa dwe kondane I (ou wè?), paske se mandan m ki sanktifye mari a. Ou wè? Epi mwen kwè, si I al nan kèk legliz denominasyon oswa yon bagay konsa, li vle w desann anba a avè li... Ou wè? Si w pa... Ou wè, pa gen anyen la a ki ka fè w mal, paske w pa pral koute sa y ap di de tout fason, paske ou te deja di ke kote sa a ou pa kwè nan predikasyon yo. Ou wè? Kidonk, sa p ap fè w mal, men w ap jis montre respè pou mari w. W ap sede w a limenm, e petèt lè w fè sa, ou—ou pral...Si yo anseye epi fè de bagay laba a...Yo te anseye w bagay ki pi elve pase sa; ou pral sale; li va wè epi vin a Seyè a. Mwen kwè kem ta ale de lavan. Mezanmi, gad ki lè li ye!

345. Èske Zakari 4 ak Apokalips 11:3-12 pale de menm moun? Gad nan Zakari 4:12-14 e Apokalips 11:4. Yo te siyen non yo anba I, frè ak sè legliz isit la.

191 Ann gad, Zakari 4. O, wi, se de pye oliv yo. Ya, de pye oliv yo epi Apokalips 11 se...O, wi, se sa. Menm bagay. Se yo tou lè de. Sa—se—se Moyiz ak Eli, de pye oliv yo. Priye pou nou... Sa se yon demann pou lapriyè. Mwen regrèt, sa a mwen pa ka li I devan...Se sou relasyon familyal. Ya, mete sa a ak lòt la. M pa ka li sa pou piblik la. Yo nan entèvyou prive de tout fason, kidonk—kidonk...

346. Frè Branham, èske se mal pou—pou... (Kisa sa di? Mal kisa? Le Dimanch? Travay?) Èske li mal pou travay le dimanch?

192 Mwen fèk sot eksplike sa. Si bèf la nan twou a, mete l deyò, men pa pouse l nan twou a sèlman pou fè l soti nan dimanch! Frè Branham, èske w ap preche isit la dimanch pwochen?

193 Sa se jis yon kesyon. Non, Sè, Frè, kèlkeswa ki moun li ye. Koulye a, sa yo se kèk ki te jis depoze la a. Yo dwe te la a, oswa yon moun te mete yo nan pil la. Frè... Sa a se pou ou, Frè Capps. "Èske w vle chante, Nou p'ap janm vyeyi?" Mwen dwe te antre nan... Mwen te gen kèk nan rès yo ki melanje.

347. Frè Branham, yon moun vle konnen poukisa w pa t (m-a-n...) mansyone nan Bib la. Mwen kwè ou se Abakuk 2:1-4. (chache sa a, Frè Neville, Abakuk 2:1-4) Kite yo li sa a epi etidye l, 3yèm chapit...panse non ak tip kat chapit, kwè—mwen kwè ke se oumenm.

194 Kounye a, pandan l ap chèche sa, se Abakuk 2:1-4. Frè oswa Sè, nenpòt moun ki poze kesyon an (pa gen okenn non), se byen, mwen—mwen renmen pou w mande bagay sa yo. Mwen konnen sa ki nan kè w (wè?), e answit m va di w. Non. Ou wè? Ou pa ta dwe nesesèman gen non w nan Bib la, ou wè. Men, ou wè, toutotan ou nan Bib la, la a... Osi lontan ke w nan Kris, alòs ou nan plenitid Bib la. Ou wè? ou nan plen pozisyon ou lè w nan Kris la. Gade? Tout moun konprann sa?

195 Èske w genyen l, Frè Neville? Kisa? Ya. Abakuk—Abakuk...Mwen poko li l. Yo te jis mete sa a la a, mwen devine, maten an. *Abakuk 2:1-4. Se sa. Abakuk 2—Abakuk 2, e 1 a 4: M ap ret sou pòs mwen, m te kanpe sou toudegad lan, m ap veye pou m wè sa L pral dim e sa ke m pral reponn ke M—M lè ke yo te reprimande m. Epi Senyè a reponn mwen, li di: Ekri vizyon an, epi fè l byen klè sou tabyo, pou moun k ap li l ak fasilite. Paske, vizyon an deja pou yon tan fikse, men nan fen li pral pale, epi li pa p bay manti: kwake l ap pran tan, ret tann li; paske m pral vini sètènman, epi mwen p'ap mize. Gade, nanm ki anfle pa dwat nan li, men moun ki jis ap viv gras a lafwa li.*

196 Bon, kounye a, mwen—mwen ta imajine moun byenveyan sa a ki te mande sa... Ou wè? Se yon moun ki renmen m, oswa yo pa ta ekri sa. Ou wè? Koulye a, mwen pa t kab di ke m... Bib la pa site non mwen—non mwen, William Branham, oswa rele non w kèlkeswa moun li ye, men nou nan li kanmenm. E sa yo...

197 Epi, kounyeya, ou wè kote ki familye ki fè referans, nan Bib la, ki di kèk bagay. Ou wè? Kounye a, si w ap obsève, istwa ap repete nan Bib la. Ou wè? Kounye a, ann jis ba w yon Ekriti pou youn kounye a. (Mwen wè anpil nan nou k ap ekri l.) Kounye a, nan 3yèm chapit Sen Matye a, Li te di: “Epi lè Bondye te fè Pitit li a soti nan peyi Lejip pou ke sak te di a te rive vre: ‘Andeyò Lejip Mwen te rele Pitit mwen’...” Kounye a, si w gen yon—yon Scofield oswa nenpòt lòt Bib referans, si w suiv referans sa a, lekti nan maj sa a, l ap mennen w tounen kote li te rele Jakòb, Izrayèl pou kite Lejip. Ou wè? Men, Jakòb te pitit gason l ke l te rele soti nan peyi Lejip; Jezi tou te Pitit ke l te rele soti nan peyi Lejip. Kidonk (wè?) Pawòl Bondye a pa janm fini. Ou wè, nou idantifye tèt nou nan Bib la ak diferan... Konbyen moun ki sonje mesaj mwen an sou idantifye tèt ou ak pèsonaj kretyen, Phoenix, Arizona, kote ke m te preche l? Wi, anpil nan nou tandè l sou kasèt la. Ou wè? Nou idantifye nou nan Bib ak diferan. Gade? Ou ka idantifye w nenpòt kote ou vle a nan Ekriti sa a si w se yon kretyen, epi si w pa yon kretyen, ou ka idantifye w nan Bib la. Ou wè? Konsa mwen panse ke petèt sa ta ede. Mwen vle gen le plis ke m kab genyen de sa yo.

348. Frè Branham, gen moun ki di gras la fini epi pèsonn pa ka sove. Koulye a, èske sa a se vre? (Mwen byen kontan m te gen grenn sa a.) N ap veye e priye ... N ap obsève liy lapriyè yo, e sanble gen kèk ki toujou ap jwenn gras. Koulye a, sa a se premye kesyon an, ou te gen de.

198 “Èske gras la fini?” Pa janm panse sa! Ou wè? Jis kontinye ap fè tout sa w kapab jiskaske w anlve. Ou wè?

199 “Nou remake nan liy lapriyè a kèk moun jwenn gras.” Sèten! Gras yo, pòt yo louvri. Ou wè? Mwen panse ke kote w te jwenn sa a, panse sa a ta ka twouve l ant... Ou wè, mwen pa gen tan pou bay chak nan Ekriti sa yo vrè plas yo, (ou wè?), chak bagay sa yo vrè plas yo. Yo... Nan liy lapriyè ou jwenn gras, sètènman.

200 Si m te konnen Jezi t ap vini apremidi a, m t ap fè jis bagay m ap fè kounye a (wè?), jis kontinye drèt ale. Lagras toujou louvri. Ou wè?

201 Epi kounye a, kote m panse w jwenn li, se nan anviwon fin Sèt Laj Legliz yo ak sèt So yo k ap devwale a. Ou wè? Sèt So yo, li manifeste sa k ap pase a gen...sa k te pase. Setyèm Laj Legliz la, nou nan fen Setyèm Laj Legliz la. Lè m di fen an, sa pa vle di se nan menm lè sa a, menm minit sa a. Ou sonje, Bib la te di, tounen nan epòk Senyè Jezi a, Pòl te di: "Paske tan an rive." Èske w reyalize ki longè sa ye tan Bondye a? Sa se te yè. Tan mwen, sa fè de mil ane. Ou wè? Lè a rive. Ou wè? Sa Bondye vle di ki pa rive se pa sa nou vle di ki pa rive. Ou wè?

202 Kidonk jis kontinye kwè, kontinye priye, kontinye... Bondye toujou gen mizèrikòd; jis kontinye koule nan li osi vit ke w kapab. Bondye pral rete lè li lè pou rete. Ou wè?

349. Kounye a. Frè Branham, èske se vre pèsonn pa dwe preche eksepte oumenm? Nou te wè —nou te wè W òdone moun. Nou pa—pa kwè ou t ap fè sa si pa t gen...si yo pa t dwe preche.

203 Mizerikòd! Frè, sè, nenpòt moun ki ta di w ke pèsonn pa dwe preche sof mwen, mwen ta sèten yon pòv sèvitè Bondye ak tout sa. Non! Chak moun oswa...ki santi yon apèl Bondye nan lavi l, antre nan ministè a epi kòmanse preche; nou bezwen yo.

204 Gen dèzom de Dye wenn pou al nan tout mond lan pou preche Levanjil la. Ou wè? Mwen se jis yon ti wòch sou plaj la pami anpil gwo wòch. Ou wè? Kidonk mwen...Gen jis anpil ki plis elijib, plis diy, plis ke nenpòt ki bagay la pou preche ke mwen; Mwen se jis yon moun you piti, enb ki lonje la a. Mwen se yon grenn ble nan tout yon grenye a. Ou wè? Kidonk se jis yon... Ou konn sa m vle di!

205 Nenpòt moun ke Bondye rele gen bezwen pou preche Levanjil la.

350. Ki jan yon kretyen ka rantre pi pwofon nan lanmou Bondye?

206 Li Pawòl la epi priye. Li Pawòl Bondye a epi priye. Mwen pral Depeche m, m ap jis pranotan ke m kapab. Mwen te retounen yon kesyon, men mwen te poze l (i -nc-...) mal. Mwen vle konnen si ou pral gen yon sèvis gerizon anvan ou kite vil la. Si se non... m vle fè... M vle gen yon entèvyou pèsònèl avèk ou?

207 Kounye a, an pasan, mwen panse ke moun sa a te nan yon entèvyou maten an. Natirèlman, nou te gen yon sèvis gerizon; nou te gen yon sèvis gerizon tou.

351. Frè Branham, eksplike 1 Korentyen–1Korentyen 11–11, epi vèsè 4 a 6. Èske sa pa vle di yon (s-e-...) separe–separe (c-o-...) kouvèti pou cheve a, oswa èske cheve long lan se sèl kouvèti nou bezwen?

208 Chache 1 Korentyen 11 pou mwen. Annou gade, 1 Korentyen 11:4. Sa di, “Kan n ap priye...” O, ya, li...Yo jwenn li la. Sa di, “Lè n ap priye oswa ap pwofetize, èske nou kapab pran cheve nou–èske nou ka...” Annou gade, yo mete yon liy sou yon bagay la.

Kan n ap pwofetize–kan n ap pwofetize, èske nou ka pran cheve nou kan nou...? Hmm. Ou–ou di: Èske nou ka gade cheve nou avèk nou oswa retire yo kan n ap pwofetize?

209 Si ou–si w gen fo cheve, ou kapab, men mwen–m ta...oswa mete youn nan perik moun Beatles sa yo, oswa yon bagay konsa, men...Si m ka byen parèt avèk youn, pwobableman mwen t ap mete l mwen menm, men...pa yon perik tankou moun Beatle yo, men yon–yon fo cheve.

210 Sa a kòrèk. Si w pa gen cheve epi ou vle youn. Si w kapab fè l, sa pafètman annòd. Wi, mesye! Si yon fanm, cheve l pa long ase, li vle yon ralonj ladan l, m ta di, mete l, Sè.

211 Si yon nonm ap trape gwo grip ak bagay konsa, epi li vle on...kèk fason...menm pou aparans li devan madanm li, si l te vle pote fo cheve, fè l. Wi vrèman. Pa gen anyen mal ak sa (non, mesye!) pa plis ak dan w, oswa yon bra atifisyèl, oswa nenpòt lòt bagay. Si lanati gen kèk–pran yon bagay soti nan ou epi sa sitèlman byen pou ale an avan, sa pafètman annòd.

Men sa di la, “Èske nou kapab pote fo cheve nou yo oswa retire yo lè n ap priye oswa pwofetize? Kisa sa vle di vrèman?”

212 Dakò, li, Frè Neville...se te 4–4 a 6, se sa, dakò.

Chak òm k ap priye oswa pwofetize,...ak tèt li kouvri, dezonore chèf li. (Sa se, si li gen cheve long. Dakò)

Men tout fanm k ap priye oswa pwofetize ak tèt li dekouvri dezonore chèf li:...(Sa se mari li)...paske se kòm si li te kale tèt li nè.

Paske si yon fanm pa vwale, ke l raze tèt li:...(Si l vle koupe cheve l kout, ke l kale l nè bobis. Ou wè? Si l pa ka gen...)...men si se pa yon wont pou yon fanm vin—yon wont pou yon fanm vin tèt kale oswa raze, ke l kouvri tèt li.

213 Mwen pa wè anyen ki pale de mete oswa retire cheve la, sof si fanm lan vle...Li di, si manzè di li dwe koupe l, alò ke l kale l nè bobis. Ou wè? Paske si l pa kapab, ke l gade cheve l; paske cheve li se kouvèti li. Men pou yon nonm gade tèt li kouvri, ak cheve long tankou yon fanm, kanpe dèyè chè a, li t ap sanble ak yon fanm anwo la. Ou wè? Kidonk li pa dwe gen bagay sa konsa. Ou wè?

214 Sa se—sa vle di yo pote fo cheve yo oswa yo retire l...Mwen kwè moun lan te ka mal konprann si l panse la ke sa vle di yon—yon nonm k ap pwofetize ak tèt li kouvri, apre sa l ap retire vwal li. Ou wè? Non. Se pa ke li te gen cheve long, sa vle di, si li vwale...Bon, li l pi ba jis on tijan pi lwen, ou menm ki te poze kesyon an, ou va jwenn ke chèf fanm lan se mari li. Konbyen moun ki konn sa? E chèf lòm se Kris; kidonk, yon nonm ta dwe koupe cheve l akòz de Kris, paske nan li ou jwenn alafwa lòm, lafòm, ansanm. Li alafwa papa, manman, sè, frè, tout nè. Men nan yon nonm se pati maskilen an sèlman. Kidonk, li dwe koupe sa akòz de Kris; men nan fanm lan se pati feminen an sèlman, kifè manzè ka pote vwal li; paske mari li sou tèt li. Li se seyè li, chèf li; kidonk, li dwe gen cheve long.

215 E apre sa si l di li oblije, li dwe koupe l, alò ke l raze tèt li. Epi sa di, si se yon wont oswa yon dezonè pou yon fanm, ki sipoze parèt bèl, pou l gen cheve l raze, alò ke li kite vwal li nan tèt li; ke l gen cheve long. Ou wè? Kifè se...Nenpòt moun...Tou sa eksplike l? M vle di, èske sa byen sonnen? Di, “Amèn,” si sa fè l, si w sezi l. Ou wè? [Kongregasyon an di, “Amèn.”—Editè a.] Dakò.

352. Frè Branham (Nou gen jis dis minit kounye a.)—**Frè Branham, nou pa gen predikatè kote n ap viv la, men nou gen sèvis bann Dimanch swa sèlman. Èske nou ta dwe mennen timoun nou yo nan yon lòt legliz pou lekòl di Dimanch? Èske sèvis bann yo sifi?**

216 Ebyen, ke sa fèt dapre jan timoun nou yo ye. Ou wè? Bon, si nou gen timoun nou yo, yo jèn; epi nou mennen yo nan yon jan de gwoup laba la, k ap jis fòse antre dè bagay nan yo ke yo—ke yo—yo pa ta dwe konnen; mwen pa t ap fè sa. Si yo—si yo sanble ap aprann sifizaman apati de bann yo ak bagay konsa...Epi ou menm, ou di, ou mennen yo laba nan yon legliz Katolik, mennen yo laba nan legliz Katolik, mennen yo laba nan yon bagay konsa; m pa t ap konseye sa. Ou wè? Si yo...

217 Men, si w gen yon bèl ti legliz laba ki pa dakò petèt sou de oswa twa bagay avèk ou, epi timoun ou yo vle al lekòl di Dimanch, yo se moun Levanjil konplè a, oswa yon bagay konsa, ebyen, sa pafètman annòd. Men ou wè, lè w al nan yon plas kote...Sa depann de jan timoun ou yo sezi l. Ou wè? Obsève kisa timoun ou yo ap fè, kisa, kijan y ap reyaji a sa.

353. Annou gade. Si w pa gen yon legliz pou w ale, èske w ta dwe jis tande bann yo?

Wi! Se...Mwen ta—mwen...Sa t ap byen.

354. Èske timoun nou yo dwe fè yon eksperyans pou yo gen Sentespri a? Si se—si yo wè Mesaj tan lafen an, èske yo gen Sentespri a?

218 Chak moun dwe fè yon eksperyans! Timoun nou yo pa ka antre pa ankenn lòt fason ke pa menm fason pa w la. Ou wè? Yo dwe ne de nouvo. Pa gen pitit-pitit nan Wayòm Bondye a; yo tout se pitit. Yo dwe genyen l, yo dwe fè yon eksperyans ak Bondye pou yo antre, jis menm jan avè w. Bon m espere m ap ka pran sa. Se...

355. Chè byeneme: (Annou gade.) Konsènan Ekriti Efezyen 4:11 jiska 13, èske nou tout (Annou gade.)—èske nou jwenn tout pèfeksyon sen yo atravè bann yo, oswa èske nou dwe isit la, kote don Sentespri yo ap opere ak diferant pozisyon nan legliz la, pou ede pèfeksyon nou? Kè nou te kwè tout Pawòl Seyè a.

219 Bon moun sa soti Oregon. Kounye a, mon chè...M kwè m konnen kiyès. Ou wè? Se...O, wi, mwen konnen l, se sèten mwen konnen l. Ti gason w—ou a...Si moun lan isit la, m konnen ou...Si w pa isit la, se te petèt Dimanch dènye. Ou wè? Sa te dwe antre petèt Dimanch dènye. Men pitit gason w—ou a se yon ajan konsèvasyon, ou wè, e se...l ap kontwole...Li...mwen

panse li se sila ki te envite m laba pou al chase oriyal laba an Oregon, kote...E m panse se sa. Bon, m konn moun sa dapre lèt la dapre...kifè...

Non! Yo vle vin nan legliz isit la pou pèfeksyon an. Ou wè? Nou–nou ka gen fratènite youn ak lòt isit la nan legliz la, men pèfeksyon an se ant nou ak Bondye. San Kris la se sa ki pèfeksyone nou nan Sentespri a.

220 Kounye a, sa di nan legliz la, "...ou jwenn don yo ap opere." Bon, nou pa gen anpil don k ap opere isit la, men nou gen kèk nan yo. Nou gen don pale an lang, epi–epi don pwofesi (de oswa twa ladan yo).

221 Mwen kwè Frè nou Higginbotham la, kèlkeswa kote l ye a, li gen yon don pale an lang. Epi nou gen Frè Junior Jackson avèk nou, li pale an lang. E apre sa nou gen de oswa twa nan yo ki konn entèprete. Frè Neville la tou, pastè nou, pale an lang epi pwofetize pafwa, e Seyè a mennen sou li...

222 Jis lòt jou li te di yon bagay. Li te rele nan telefòn nan yon kay kote m te ye, li te pwofetize sou yon moun, pou di yo ke yon nonm tafyatè t ap...ta pral gen yon gwo chanjman nan li touswit oswa yon bagay konsa. E nonm lan te soti pami Alkolik Anonim, toujou alkolik, e pandan swasant jou pa t menm touche ankenn alkòl, oswa ankenn medikaman pou sa, oswa anyen. Sa se te Frè Neville ki te pwofetize sou yo.

223 Kidonk nou se...Nou gen kèk nan don yo k ap opere pami nou, e n ap kontan pou fratènize avèk nenpòt lan nou, ki gen yon mannyè, w ap travay, oswa ki vle vini pou fratènize avèk nou, tout sa nou ka fè, nou trè kontan pou sa. Ou wè? Men kounye a pèfeksyon an se zafè Kris.

Bon, annou gade, pou pran youn oswa de de plis.

356. Frè Branham, èske w vle ase janti pou eksplike foto ke Frè Arganbright te pran an? Premye kesyon: dezyèm lan se sou–dezyèm foto sou mi an, ak limyè toutotou w lan, ak senti an, e latriye.

224 Ebyen bon, m ap di w kichòy. Yo siyen non yo, e yo pa la kounye a. Nou konprann sa. Se Frè ak Sè Jackson ki soti an Afrik Di Sid; yo te retounen. Kidonk nou konprann sa; nou te deja eksplike sa.

357 Kilè legliz ap...kilè legliz ki te...ap ki (d-i...) te mouri pandan tribilasyon an epi res-...resisite? Èske y ap tann tou jiska rezirèksyon moun enpi yo? Èske y ap viv ankò pandan Milenyòm lan?

225 Bon, sa se yon bon kesyon. Li merite plis tan ke m ka ba li, men jis pou m ka gen...Ou wè? Mwen pa t...M pa menm omwen gen de-tyè sa m te kòmanse avèk yo maten an, sa fè dezèdtan. Gen sitèlman ke ou jis pa ka pase yo. Ou wè? E mwen jis vle pran otan m kapab, m senpleman pa wè ki kote yo rive. Mwen konnen gen kèk nan yo ki vrèman bon tou la ke nou ta dwe konnen, tankou semans sèpan an pou w ap eksplike, ak bagay konsa; men m pral depeche m pou antre nan sa rapid vit.

226 “Èske legliz ki te mouri pandan peryòd tribilasyon (ou wè?) ap nan rezirèksyon an?” Dezyèm rezirèksyon an, dezyèm rezirèksyon.

227 “Èske y ap tann tou jiska rezirèksyon moun enpi yo?” Jis la ak enjis la va resisite an menm tan.

228 “Èske y ap viv ankò pandan Milenyòm lan?” Non! E rès mò yo pa t viv jiskaske mil an te fini. Bon, sa vrèman kout, men mwen sèten...

358. Kisa Pòl vle di pa lib epi libète nan Kris? Ki fason pou w lib apati de lalwa?

229 Ebyen, ou pa lye pa lalwa. Ann di, pa egzanp, men menm bagay la; m ap eksplike l nan fason natirèl, rapidman. Pa egzanp, la sa di, desann nan lari a, a trant mil alè se pi vit ou ka ale. Dakò kounye a. Bon si m ap desann nan lari a a karant mil alè, lalwa kondane m. Men si m ap desann nan lari a jis a trant mil alè, lalwa pa gen pouvwa sou mwen. Ou wè? Sa se libète nan Kris (ou wè?), menm bagay la.

230 Ou pa anba lalwa osi lontan...Si m pa vòlè, bay manti, fimen, komèt adiltè, ankenn lan bagay sa yo la, m pa anba ankenn lwa. Ou wè? Mwen libere anba lalwa; mwen nan Kris.

359. Kijan w santi w konsènan planing familyal?

231 Mwen te gen kèk konsa nan antrevi maten an. M ta prefere pale pèsònèlman ak-avè w sou bagay sa yo (ou wè?) sou bagay sa yo la, paske gen de mo ak bagay ke m oblije di, ke mwen...M ta prefere di yo si mari a ak madanm...

232 Gen yon posibilite pou fè l nan fason kòrèk la. M ta ka di, tou, an jeneral. Pa gen tèlman jou nan vi yon fanm ke li pa fètil. Nou konprann? Dakò. Enben...

233 Bon, gen de ka pafwa yon-yon timoun ka touye yon fanm; si manzè ap pote yon bebe ki ka touye l. Ou dwe ap siveye sa tou. Ou wè? Kidonk jis pran vrèman prekosyon konsènan sa. Ou wè? Ou wè, sa se mennen lavi, se sa yo te mete w sou tè a pou w fè.

234 Si madanm ou malad, epi yon lòt ka, se yon timoun, ki ka touye l, mwen-mwen-mwen pa t ap fè l. Mwen pa kwè ke Seyè a vle w fè l. Epi vini-vini kote m pèsònèlman sou bagay sa yo; mennen l nan antrevi prive. Kite m pale avè w pèsònèlman (ou wè?) e mwen ka santi...

235 Ou wè, chak moun, m kapab detekte si y ap ban m manti ou pa. Ou wè? Y ap di m bagay ki diferan. M ta prefere wè w jis...Ou wè? Poutèt ou mete sa deyò konsa, ou pa konnen. Se paske gen moun ak bagay konsa; m ka disène l, si y ap di laverite ou pa. Ou wè?

360. Poukisa-poukisa Satan pral relache pandan yon ti sezon apre mil an Apokalips 20 epi vèsè 3, ak Apokalips 20:27?

236 Poukisa li pral relache? Se pou l rasanble moun li yo nan dezyèm rezirèksyon an, paske Satan dwe sibi jijman an-an tou. Ou wè? Li dwe kondane.

O la la, sa se yon-yon liv ranpli ak bagay sa yo. Mwen pa kwè...Epitou men yon lòt lèt ki plen ak bagay sa yo. Kite m pran kèk vrè, de vrè, rapid kounye a la.

361. Frè Branham, eksplike souple Ak 9 vèsè 7 epi Ak 20...Ak vèsè 22. (Èske w ka chache l pou mwen, Frè Neville.) Eksplike souple Ak 9 vèsè 7.

237 Kounye a, pandan l ap chache sa, m ap wè si m ka pran yon lòt rapid vit. Èske nou kòmanse fatigue? Mwen konsyan ou fatigue.

Eksplike souple mistè anlèyman Epouz la. Kouman sa pral fèt e ki kote, plas la, Lepouz prale.

Èske sa yo se pa dè bèl kesyon? Sa reyèlman bèl. M te ka rete la tout lajounen...

Jis yon minit kounye a, vèsè ...Ak 9 vèsè 7. Mèsi, Frè Neville. 9 vèsè 7:

E nonm ki t ap mache avèk li a te rete bouch be, pou ap tande vwa a, san wè pèsonn.

238 Bon, M konn ki kote w vle ale. Ou wè? Kounye a, pwochenn plas la sa te di ke yo...le kontrè. Bon, mwen–mwen pa konn sa k te rive la. M jis pa ka di w, paske pwochenn plas la yo te tande yo te tande. Youn, yo pa t wè l, epi pwochenn plas la, yo te wè l san yo pa t tande l. Konbyen moun ki te janm wè sa anvan nan Bib la? Mwen te wè l, e mwen pa ka eksplike l. Ou wè? Mwen...Seyè a oblije revele l pou mwen. Mwen–mwen te di nou sa fè on ti moman, mwen oblije onèt avèk nou. Ou wè? Mwen pa konnen. Mwen dezole. Si m–si m pa ka eksplike l, m ap ase onèt pou di nou m pa kapab. Men mwen–mwen p ap fòse sa si–si m pa konnen.

239 M pa ka eksplike sa, paske yon kote li di yo te wè Limyè a men yo pa t janm tande Vwa a, oswa yon bagay konsa; epi pwochenn plas la, yo te wè...tande Vwa a san yo pa t janm wè Limyè a. Mwen pa ka eksplike sa. Ou wè? Mwen–mwen pa konn sa k te rive, e m p ap konnen jiskaske Seyè a revele m li; pa plis m te ka di nou konsènan maryaj ak divòs. Mwen pa t konnen jisjaske Li te revele m li.

240 E menm maten an, Bondye Seyè a, Kreyatè syèl ak tè a konnen ke se verite, maten an Li te fini tout bagay la nèt, pou ap di m konsènan maryaj ak divòs. Se vre. Se pou rezon sa mwen di, kite m rasanble l ansanm. Fouye...

241 Kan youn nan bagay sa yo tankou semans sèpan an, kan sa te prezante a mwen menm, mwen–mwen pa t ka wè l, anyen; men m te jis kontinye ap swiv sa, e premye bagay ou konnen...Aprè sa ou dwe retire kò w lwen pou izole w, e alò Sentespri a kòmanse louvri l. Kounye a, mwen vle ke yon moun eseye kondane sa la. Ou wè? Ou pa ka fè l.

362. Eksplike souple mistè anlèyman Epouz la.

242 Se jis on chanjman, ou wè, pou kò nou. Bon, ann di se *pa nou*. Nou konn kisa m vle di lè m di sa? M pa vle di sa pou vin sakrilèj. Mwen pa vle di ke se *zafè nou*; mwen pa vle di legliz sa; mwen vle di chak kwayan.

243 Abraham, li t ap chache yon pitit ke yo te pwomèt, ke yo te pwomèt li. Èske se vre? E Legliz ap chache yon Fis ki te pwomèt. Lepouz (èske se vre?), Lepouz ap chache Fis ki te pwomèt la.

244 Anvan ke pitit ki te pwomèt la te ka vini pou Sara ak Abraham, kò yo te dwe chanje. Èske se vre?

245 Manzè te twò granmoun pou l te gen yon bebe. Li pa t gen venn lèt nan tete l; tete l yo te seche. Matris li pa t fètil; li te esteril. Li pa t ka gen bebe a; kè l te twò aje pou sipòte travay akouchman. Kidonk sa k te rive? Bondye te chanje l tounen yon jenn dam. E Li te fè menm bagay la pou Abraham, paske Li te di ke kò misye te osi bon ke lanmò. Ou wè? Li te oblije chanje kò yo pou yo te resevwa pitit ki te pwomèt la.

246 E nou pa ka resevwa Fis ki te pwomèt la ke yo pwomèt nou jodi a nan kò sa yo ke n ap viv la; kò sa yo se peche.

247 Premye konsyans sa kontwole kò sa avèk sans gade, sans goute, sans touche, sans odè, ak sans tande, e sa jis paralize nou nèt; nou rezone epi tout lòt bagay. Men nouvo kò sa, ki vini de sa ki ne de nouvo a (pa premye konsyans sa, sa ap pase)...Se sa ki anndan yon bagay k ap viv. Tout moun ki konprann li di, "Amèn." [Kongregasyon an di, "Amèn."—Editè a.]

248 Se pa sa ki deyò a sans wè a, sans goute a, sans touche a, sans odè a, ak sans tande a. Se pa sa. Sa soumèt a lanmò e li va mouri, men pati anndan w lan, desann isit la, anndan, se li, moun ki pa ka mouri a. Ou wè? E sa se moun kote nouvo vi a kòmanse, apati de nouvel nesans sa; e li bati yon lòt moun dapre imaj moun sa ou ye a, otou vi sa. Nou sezi li?

249 Kidonk potansyèlman se anndan la, e kisa sa ye? Pawòl ki te pwomèt anvan fondasyon mond lan. Epi toutotou la, sa sèlman relete negatif la; sa pral relete positif la, Pawòl la. Ou wè? E se menm bagay la...Oswa, anlèyman Epouz la ap menm bagay la. Pawòl la ki nan ou a, kò sa ap materyalize otou Pawòl sa, menm bagay la te fèt pou Sara.

250 Anvan...Kan vye kò sa manzè te posede a, premye kò sa, li dwe chanje pou I ka pwodui yon pitit. Ou sezi I? Kò sa pa ka fè I, kifè I ap oblije chanje menm jan an pou resevwa Fis la.

363. Kijan sa pral rive, e kilè se...ki kote...ki kote Lepouz prale?

251 Li pral nan Laglwa, nan Syèl pou Soupe Nòs la, jis sou fòm tip tankou Izarak ak Rebeka, lè Rebeka t al rankontre Izarak. Sonje Elyezè, ki reprezante la mesaj ki te soti de Abraham lan, Elyezè t al devan pou jwenn yon epouz pou Kri-...pou Izarak. Li te jwenn bèl Rebeka nan frechè tan aswè a, yon ti jèn fi ak po-fonse, ki t ap soti ak yon bokit dlo. E Elyezè te priye, pou di, “Bondye Seyè, fè m gen yon bon vwayaj kounye a ak siksè pou mèt mwen, Abraham.”

252 E li te di I, “Ale, piga w pran li pami Filisten yo; piga w pran manzè.” Ale laba pami pèp li, pou montre ke Lepouz Kris la ak Kris se yon relasyon menm san, paske Rebeka ak-ak Izarak te kouzen.

253 Kifè yo te desann ale, e bèl Rebeka sa te soti e li te gen dlo; e misye te priye; pou I te bay chamo yo dlo ak pe enpòt bagay an plis la. E alò, ou va remake ke Rebeka te gen...Chwa final la te nan men Rebeka. Li te mande papa a pou I gen jèn fi an; li te mande manman an pou I gen jèn fi an; e yo youn pa t ka dakò. Yo te vle I rete on tikras. Li te di, “Piga nou kontrarye m nan travay mwen.”

254 E Rebeka te dwe fè chwa a, paske li te di, “Se manzè ki an koz; ke manzè fè chwa li.”

255 E osito ke sa te vin a li menm, rapidman li te fè I yon lide; li te di, “Mwen prale.” E li te monte sou chamo e li t al rankontre...Gade, menm chamo li te bay dlo a se te chamo sa ki te transpòte al jwenn epou li avèk tout reyisit li yo. E menm chamo sa, menm pwisans lan (bèt nan Bib la reprezante pwisans)...E menm pwisans n ap bay dlo a epi bay louwanj lan (Amèn! Ou wè?), dlo, lavi, louwanj, Pawòl la, se bagay sa menm k ap transpòte nou nan Peyi-Laglwa pou rankontre Epou a. Wi, mesye! Amèn!

M ap siveye vini jou Milenyòm kè kontan sa,

Kan Seyè beni nou va vini, pou pran Lepouz ki ap tann.

256 Epitou sonje, Izarak te kite tant lan e li te kanpe deyò nan chan an ap medite ta nan apremidi. (Amèn!) Kan l te wè Rebeka ap vini...Manzè pa t janm wè l e li menm pa t janm wè manzè, men yo te tonbe damou depi premye rega a. Manzè te tonbe damou pou li e li menm tou pou manzè, menm si manzè te vwale. Amèn! O la la!

257 Epi gade, kan manzè te wè l, kè l te tèlman ranpli ak jwa. Li pa t konn kimoun li ta pral marye avè l, men pa lafwa. Amèn! Epi–epi–epi sonje, Jezi pral kite Wayòm lan, e nou p ap rankontre L nan Laglwa, nou pral rankontre L anlè a, ant syèl ak tè, kote li te detire pou rachte nou. E li menm li te rankontre Rebeka nan mitan, ant lakay manzè e lakay pa l. Amèn! Li te mennen manzè lakay pa l, pou l te marye avè l, e li te vin eritye tout bagay papa l te genyen. Amèn! O, sa pafè, sa jis pafè. Dakò.

Kesyon: **Èske Bondye separe lòm e lafàm nan...?**

258 Mwen–mwen ta fè mye pa li sa a. Ou wè, ou wè? Se yon–se yon...ou ka oblije di yon pawòl. Ou wè? Mwen konnen nou tout, men bagay sa yo–bagay sa yo–sa anrejistre (ou wè?), kifè mwen–se mye m pa fè l. Se yon bagay konsènan...Moun lan ki ekri sa, ou konnen kijan sa ye; mwen–mwen ta preferè wè w nan yon antrevi prive. Ou wè? Se preferab mwen pa fè l...m pa kwè sa t ap vrèman byen pou li sa a. Ou wè? Se–se kòrèk, pou moun lan, pa gen anyen mal ak sa; yo poze yon kesyon lejitim, men mwen–mwen kwè sa t ap mye pou mwen pou m wè sa nan yon antrevi prive. Èske w pa panse sa? Senpleman kèlkeswa moun lan...Ou konn kimoun li ye, pe enpòt kimoun ou ye.

259 O, la la! O, nou deja depase tan nou, zanmi. Nou–nou ta fè mye fini pou al–al pran dine nou. Konbyen tan nou vle m rete ankò...vantilatè a la? [Yon moun di, "Tout lajounen."—Editè a.] O la la, la la! Jis on–jis on... Ya, jis on...Petèt jis on tikras ankò. Si jamè ou dwe ale rapid vit, pa kite dine w la ap boule. Men si w–si w...Epitou–epitou mwen pral manje pwobableman laba nan Blue Boar la, oswa nan Pryor restoran, oswa youn nan kote sa yo, pwobableman yo p ap deranje w. Si w oblije ale, Bondye beni w; mwen konprann. Ou wè? Mwen jis pral pran apeprè...M ap jis depoze sa yo drèt la, epi se tout sa m ap reponn. Apresa m ap–m pral...sa yo dirèk...Se va apeprè...ap pran apeprè kenz minit de plis, apresa mwen pral, kite ale.

364. Mwen gen de pitit fi ki marye ak moun ki nan d-e-a-v-...e yo kwè Mesaj sa. Yo...denominasyon, (Se sa.), e yo kwè Mesaj sa epi yo te pran pozisyon pou Li, e yo te resevwa...Kisa yo ta dwe fè? Yo te jwenn opozisyon. Kisa nou dwe fè?

260 Kenbe pozisyon nou! Absoliman. Montre koulè nou. Se sa; pa sede ba yo. Non, mesye! Mwen pa di, piga w al pami yo, fratènize, oswa yon bagay konsa, osi lontan ou kapab fratènize; men kan li kesyon de chanje dyèt, ou konnen, yon kolonb pa ka manje ak yon votou.

365. Frè Branham, èske w ka eksplike souple Mak 13:27? Epitou, Frè Branham, kisa k rive a moun nan Apokalips 20:7 a 9 yo, kisa...ki va fè lagè kont sen yo? Ki kote yo soti? Èske yo pral travèse menm jan ak-fanmi Noye yo?

261 Apokalips 13 oswa...Non. Mak 13:27, Frè Neville. Apokalips 20. Ou gen Bib ou la, Frè Capps? Apokalips 20, e sa sanble se 7 a 9. Mwen kwè mwen, pandan y ap chache l...Men ni, li genyen l jis drèt la. Apokalips, kisa sa te ye la? Mak 13:27, 13:27.

E lè sa li va voye zanj li, e...rasanble ansanm eli li yo soti nan kat van, pou al...ak pati byen lwen tè a pou vin...ak pati byen lwen syèl la.

...pati byen lwen tè a pou al nan pati byen lwen syèl la.

262 Sa ap pale de rezirèksyon, tradiksyon an, se ap monte. Li va voye zanj li pou rasanble. Èske w te janm panse a kisa zanj yo ye? En? Mesaje. Li va rasanble yo ansanm, mete yo ansanm (ou wè?), mennen yo, makonnen yo ansanm depi pati byen lwen tè a ale nan pati byen lwen Syèl la, Pawòl ki te egziste a, ki manifeste sou tè a. Ou wè? Ou sezi l? Pawòl la ki te pwononse, la Li manifeste. Ou wè? Dakò, Frè Capps, Annou gade.

E lè mil lane yo te fin akonpli, Satan te...relache soti nan prizon li,

263 Dakò. Mwen jis sot eksplike sa, èske se pa vre, kijan li t ap relache soti kite prizon l alafen mil lane yo?

Dakò, mwen gen yon lòt drèt la, jis yon minit.

366. Frè Branham, èske sa vin de Bondye, oswa èske se te pwòp zak mwen lè bagay sa yo te rive, kan (t-e-...) m te tante...? Èske sa te...? (Ou wè si w ka demele sa. Sa

byen ekri, men nivo enstriksyon m ba. Kisa sa di la?...? Mwen—mwen pa kwè m ka reponn sa. Frè Capps oswa m pa ka demele l...Sa di,) **Èske se te...?** (Amwens ke se—se te...si se te yon enfimyè. Se yon bagay konsènan enfimyè.) **Èske sa te vin de Bondye lè m te sispann pratike kòm enfimyè, oswa èske se te fòt mwen?**

264 Mwen pa t ap konnen. Mwen ta prefere wè sa nan antrevi prive. Ou wè?

Bon, pratike kòm enfimyè se yon bagay lejitim, jis tankou yon enfimyè. M te ka di...Kounye a, moun lan pa janm...Mwen pa t mete sa de kote jis pou m pa reponn li, paske sa vle di otan pou dam sa ke kesyon pa w la pou ou oswa pa m nan. Ou wè? Men la, si se yon—si se yon—yon enfimyè, ki jis sispann pratike paske w panse ou pa ta dwe travay...Ebyen, mwen kwè pratike enfimyè ta dwe konsidere plis tankou egzès mizèrikòd. Ou wè? Ou dwe panse fè yon bagay, tankou doktè.

265 Yon doktè ki yon bon doktè, ap ede yon moun kèlkeswa si l pòv ou pa, yon vrè doktè. Ou wè? E mwen kwè yon minis, nenpòt la, sèvis nou ta dwe anvè youn lòt, paske sa fasilite lavi jis on tikras youn pou lòt.

266 Mwen...Kan yo te di m ke m te dwe pran san dola pa semèn nan legliz la pou salè mwen, enben, sa te manke—manke touye m. Bon...Madam Wilson, mwen konnen, e pwobableman pitit gason l lan, ak yo menm ki chita la, sonje sa fè dè zane pase, m te preche isit la pandan disetan san jamè pran yon peni nan vi m. Chak ti lajan , tout sa m te ka fè, m te mete l drèt nan sa. Ou wè? E kan yo te di m ke mwen te dwe pran l pou m te ka vin nan reyinyon sa yo, sa te prèske dekonstonbre m. Ou wè? Natirèlman, mwen kwè ke se kòrèk, men se jis pou mwen (ou wè?), mwen pa vle anyen, ankenn lajan, sèl bagay mwen vle se—se amitye ou—ou ak favè Bondye avèk nou.

267 Mwen—mwen renmen nou (ou wè?), mwen renmen nou, e mwen vle ke w kòrèk; e mwen vle kòrèk mwen menm. E mwen vle pou w kwè m; mwen fè w konfyans. E si w vin kote m ak yon kesyon, mwen vle onèt avèk ou. E si m—m di ou lan Non Seyè a, mwen vle w fè jis egzaktman sa mwen te di w fè a. Piga w devye de li on—on tikras, apres a mwen kwè nou va kontinye ansanm kòrèkteman konsa. Ou wè? E alò, lòt yo...

268 Kidonk kounye a, si se pratike kòm enfimiyè...E mwen kwè si ou menm, gen sou kè w pou w vin yon enfimiyè...Se pa tout moun ki ka vin enfimiyè. Yon enfimiyè se yon moun ki dou epi janti pou moun yo, e o, mwen kwè ke yon vrè enfimiyè...Si w te janm malad lopital, oswa yon bagay konsa, ou wè yon vrè enfimiyè de byen ka vini pou rann ou konfòtab, oswa on bagay konsa oswa yon lòt...

269 M te sibi yon operasyon lè yo te tire sou mwen nan moman sa; m te oblije al lopital. Te gen on ti enfimiyè aje la, mwen te ba l non "kònichon sikre," paske li te toujou gen yon kònichon nan bouch li, pou l ap manje. Se te konsa tout tan. E m te jis sèlman gen apeprè katòzan, e yo te tire sou mwen. E manzè te jis apèn on ti bagay de tout fason, e li te konn...janm ki te pran bal yo, prèske toulède te vole eklate konsa, e manzè te ka mete yon zorye pa si epi yon zorye pa la; e pandan tout tan an li te toujou ap ede m. E mwen te konn toujou panse (M te jis yon ti gason) – M te konn panse ke m te ka marye avè l, paske li te—li te tèlman janti e de byen avè m. Ebyen mwen...Sa...Ou wè, sa vle di kichòy (ou wè?) pou fè yon bagay.

367. Mwen ta renmen poze w on kesyon. Nimewo 1: Èske pijama pou dam...(La, tann jis on minit; kite m li l...?...Non, sa a kòrèk) Èske yon pijama pou dam se rad gason?

270 Gason mwen, piga w di m yo pa ka mande w kèk ki ka kole w. Mwen pa konnen. M ap jis kite w pran desizyon an sou sa. Ou pa ta dwe ap fè parad toutotou devan moun avèk yo sou ou; mwen—mwen konn sa. Kifè fason sa sa posib, men nan...lè w pral nan kabann ou mwen—mwen—mwen pa konnen. Mwen oblije apiye sou sila tou.

M di nou m ap onèt si m pa konnen. Mwen pa pral mete pwòp panse m konsènan sa (dakò), amwens ke ou vle pwòp panse pa m. Si w vle sa, m ap ba ou l. Ou wè?

Bon sonje, se pa sa...se—se...Sa—sa ka on milyon mil distans fo. Mwen kwè sa t ap byen pou w mete yon wòb de nwi. Men—men si ou—men si ou...Men sa depann de ou. Kounye a, sa—sa—sa se mwen, pa Li, sonje. Ou wè?

368. Èske se mal pou sote pwent cheve yon fanm?

Mwen kwè nou jis sot pase atravè sa gen kèk minit pase (ou wè?), pou ti...Mwen kwè yo rele yo—yo ti bagay ki pandye desann konsa...

369. Frè Branham, nan yon bann Sèt Aj Legliz yo ou mansyone ke Jida te jistifye, sanktifye. Èske sa te otantik...(Sa se youn ki bon.)...eksplike...eksperyans, se eksperyans otantik gras la ke li te resevwa? Ou te mansyone tou ke Jida te gen non I nan Liv Lavi a, e poutan, nou konnen li t al nan lanfè e li te pèdi. Kouman yon moun ki gen non I nan Liv Lavi epi pèdi kanmenm? Oubyen poukisa Bondye te mete non on moun nan Liv Lavi a lè Li konnen ke I ap pèdi alafen?

271 Bon, sa se yon bon, se pa vre? Kounye a, sa t ap byen. Bon, mwen jis dwe depann de Seyè a pou reponn sa, paske m jis ap vire an won, ap chache pito. Gade! Dabò, nan...legliz nou, mwen te mansyone ke Jida te gen non I nan Liv Lavi a. Se vre. Nou konnen sa, paske Jezi di yo lè yo te voye yo tout (Matye 10), pou chase demon, pou preche Levanjil, resevwa gratis, bay gratis tou; e yo te retounen ap rejwi yo, poutèt demon yo te soumèt a yo menm. Èske se vre? E Jezi te di yo, e Li te idantifye yo (kilès yo te ye, konbyen yo te voye); e yo te retounen ak Jida Iskaryòt ki te trayi L tou...Ou wè? Yo te retounen ap rejwi, poutèt demon yo te soumèt a yo menm. Bon, ou wè, atitid la te fo la. Ou wè? Ou pa dwe ap rejwi w poutèt ou gen pouvwa pou fè on demon ale. Ou wè? Ou pa dwe fè sa, ou dwe rejwi w paske ou te menm resevwa ase gras pou w sove. Ou wè, ou wè? Ou pa dwe ap rejwi w...Se konsa moun...

272 Dabitid moun ki gen don an se moun ki pa vle gen don. Ou wè? Pòl te eseye kouri pou bagay la, Moyiz tou. Gwo dirijan konsa eseye kouri pou djòb la; yo konn kisa k ap tann yo. Bondye...

Ou wè, si w pran on zanmi ke tout tan se, "O, Seyè, ranpli m ak pwisans, e mwen va ale isit la, e mwen va chase demon." Li pa t ap janm fè l. Bondye konnen mye ke fè konfyans a yon moun konsa. Ou wè? Li pa t ap janm fè l.

273 Se zanmi sa ki pa vle gen anyen pou wè ak sa. Ou wè? Se zanmi sa Bondye ka pran pou anseye l yon bagay a on moman done. Ou wè?

Kifè alò, Jida te retounen ap rejwi, yo tout, ke non yo...Li te di, "Piga nou rejwi nou poutèt demon yo te soumèt a nou menm, men rejwi nou poutèt non nou ekri nan...nan Liv Lavi a." Bon, si nou remake epi pran Danyèl tou. La Bi-...Ou wè?

Poutèt non nou nan Liv Lavi a (paske li nan Syèl, non nou te rekonèt), malgretou sa pa vle di ke w sove. Ou wè? Ou pa konvèti, jiskaske w resevwa Sentespri a. Sonje sa. Ou sèlman konvèti potansyèlman. Ou wè? Ou pa...

274 Si—si w mande yon pye bwadchèn epi mwen ba w yon semans li, potansyèlman ou gen yon pye bwadchèn, potansyèlman, men li poko devlope. Se pou rezon sa mwen kwè nan sekirite a fason mwen kwè l la.

Si m—si m ta mande w on chan mayi, epi m ap gade mayi pouse wotè sa, potansyèlman mwen gen yon chan mayi. Li poko devlope ankò, yon bagay ka rive. Ou wè?

Kounye a, ou sou wout pa w atravè jistifikasyon, ak sanktifikasyon jiska batèm Sentespri a. Men lè w batize otantikman ak batèm Sentespri a, ou nan Wayòm lan. Bon, ou va di, “Frè Branham, èske se vre?”

275 Bon, mwen pa gen tan kounye a pou—pou ba ou Ekriti a; ou va jis gade l lè w rive lakay ou, paske m pa konnen l...de tèt. Mwen ta dwe chache la nan konkòdans mwen pou jwenn li. Jezi te di Pyè, ki te alafwa sove e sanktifye...Li te kwè Jezi, li te sanktifye. Sen Jan 17:17, Jezi di, “Sanktifye yo, Papa, pa Verite a; Pawòl Ou se Verite a.” E Li menm ak Pawòl la se menm lan. Yo te sanktifye, potansyèlman, pa Verite a, Pawòl la, Verite a. E apres, Jezi di Jida, oswa—oswa, Pyè lannwit trayizon an, Li di, “Aprè ou fin konvèti, afèmi frè w yo,” aprè ou fin konvèti.

276 Nonm lan t ap swiv li depi twazane li te gen non l nan Liv Lavi Ayo a, e li te chase demon, e li te fè gwo zèv, epi geri, e li te fè tout sòt de...li te preche Pawòl la, ak tout bagay, e kanmenm li pa t konvèti. Ou wè...Y ap dirije w nan konvèsyon an. Ou wè?

277 Ti bebe ki...Kan aksyon an pwodui ant ze a—a epi espèm lan, oswa jèn lan...Men lè yo...Potansyèlman, ti bebe a la lè aksyon an te fèt. Apres, kò a devlope, dezyèm etap; men ti bebe a dwe ne isit la, e alò li resevwa souf lavi. Sa poko souf lavi a. Ou va di, “O, li vivan!” Non, li poko! Sa se ti venn yo k ap bouje, ti misk yo. Ou wè? Ti bebe a poko resevwa lavi toutotan li poko fèt. Ou kapab ap sote ap bouje, men ou poko...Ou wè, ou wè? Ou dwe pran nesans. Nou konn sa m vle di? Dakò.

278 Bon, kounye a, li te di ke sa pran...”Ou te mansyone ke Jida te gen non I nan Liv Lavi a, e poutan, nou konnen ke li t al nan lanfè epi li te pèdi. Kouman yon moun ka gen non I nan Liv lavi a, epi apres a pèdi kanmenm?” Bon, kite m pran yon lòt ti bagay ankò la pou moun presye sa.

279 Kounye a remake, Bib la di lè Danyèl te wè...Li-li te ekri premye Liv Apokalips la, Danyèl. E nou remake, nan vizyon an li te wè Li ap vini kòm Ansyen ki kenbe tan an ki gen cheve L blan tankou lenn. Konbyen moun ki sonje ke yo te li sa? Èske nou te remake, Jan nan Apokalips te vini ak menm bagay la, nan Apokalips 1? E Li te kanpe la; cheve L te blan tankou lenn, pye L ak fason sa te sanble—Ansyen ki kenbe tan an. Ansyen ki kenbe tan an, sa se, Li pa t nan zafè tan; Sila ki Etènèl la. E Li te vini...Kounye a obsève! E sen yo te vin sou tè a e liv yo te louvri, epi yon lòt Liv te louvri, sa se te Liv Lavi a, yon sèl liv. Yo te vini nan jijman an, epi...Li te vini, e avèk Li di mil fwa di mil te vini. Èske se vre? Yo t ap sèvi Li, Lepouz, Rèn lan ak Wa a...

280 Kimoun ki ti rèn pa w la lakay ou? Li sèvi w manje. Èske se vre? (Ou an reta sou sa kounye a.) Men kan manzè—kan manzè ap sèvi w. Se sa ke Lepouz ap fè pou Kris, Pawòl la. “Lòm p ap viv ak pen sèlman, men ak chak Pawòl.” Ou wè? L ap distribye Pawòl la pou Wa a, pou ap manifeste Pawòl Li te pwomèt nan aj ke Manzè ap viv la. Amèn! Aha, mwen di yon bagay men, ou pa t sezi l, men...

281 Remake! O, la la! Sa se te youn ki bon. Ou wè? Ap bay sèvis nan aj la, Pawòl la. Kounye a remake! E Manzè te vini...Li te vini, epi di mil fwa di mil te vin jwenn Li; e jijman te tabli, epi liv yo te louvri; epi yon lòt Liv te louvri ki se Liv Lavi a; e yo te jije yo fason sa. Kiyès sa ki te vini an? Lepouz ki pa t gen pou pase pa jijman an, Manzè te echape jijman.

282 Yon lòt liv te louvri se te Liv Lavi a, e sila yo ki te gen non yo nan Liv Lavi a te dwe jije dapre Liv sa. E Jida Iskaryòt te pretann li te yon kwayan, e li te gen non I ekri pami yo nan Liv Lavi a. Èske se vre? Li te pretann li gen Lavi Etènèl. E non I te plase nan Liv Lavi a. Kifè li te dwe...Enben, li te dwe jije apres a pou wè poukisa li te kondane alò Pawòl Lavi a, ke I te vann pou trant pyès an ajan. Genyen ki vann li pou yo vin Metodis, Batis oswa nenpòt-lòt la. Vann pozisyon kite Liv Lavi a. Yo va jije l...li pral oblije...kanpe la ap jije pa sa, pa Pawòl la. Ou wè?

Se poutèt sa Jida te oblije fè l. Ou wè? Jida dwe vin lan jijman. Non l te nan Liv Lavi a, men sa pa vle di ke li te sove. Li dwe kanpe nan jijman an.

283 Vyèj k ap dòmi yo va kanpe drèt la anba menm—menm bagay la. Remake, Jezi di nan Sen Jan 5:24, “Sila ki tande Pawòl Mwen.” Sa se sila ki ka resevwa L; se pa senpleman sila ki jis tande L preche pou pati ap di, “Tenten.” Ou wè? “Sila ki resevwa Pawòl Mwen, Sila ki koute Pawòl Mwen e ki kwè tout bon (pa swadizan-kwayan, men ki kwè vrèman) Sila ki voye M lan (sa se te Pawòl la) *posede* Lavi etènèl e li p ap vin nan jijman; men li te” (tan pase) “pase de lanmò a Lavi.” Ou wè? Se sa.

284 Kidonk Jida te gen non l la nan Liv Lavi a (se egzaktman sa), men li te kondane, poutèt sa li te fè a? Li te vann dwadenès li.

Ezawou te ne nan yon fanmi avèk pwomès Bondye a. Pitit ki te pi gran an te gen dwadenès la. Konbyen moun ki konn sa? Pa yon pwomès Bondye, non Ezawou te nan liv pou dwadenès la (èske se vre?), men li te twoke l pou yon plat lantiy sovaj, oswa ti pwa chèch. Grangou pou ranpli vant li, avantaj pa l, li te twoke dwadenès li pou benefis pa l e li pa t ka jwenn ankenn kote pou repanti.

ò Ò [, “—Editè a.]

285 Espyon sa yo ki te ale avèk...lòt bò a pou espyone peyi a, yo tounen e yo menm manje rezen yo ke Jozye ak Kalèb te pote tounen. E poutan, sa yo fè? Yo vann dwa kòm premye pitit yo a.

286 Jezi te di, ou Pòl, ki tap pale sou enspirasyon Kris la, nan Ebre chapit 6: “An efè li enposib pou moun ki te resevwa limyè Bondye a yon fwa deja, yo te goute kado Bondye te ba yo a, yo te resevwa pòsyon pa yo nan Sentespri Bondye a; e si yo tonbe, pa gen mwayen pou yo tounen vin jwenn Bondye ankò, paske yo kloure Fis de Dye a, epi yo joure San alyans lan ki te sanktifye yo, epi yo krache sou zèv gras la...” Li enposib pou moun sa a janm retounen on jou.

287 Yo tout, eksepte Jozye ak Kalèb, te mouri epi te peri nan dezè sa a, poutan yo te kwayan, poutan non yo te nan liv yo.

288 Epi isit la, Pòl di ke si on moun janm rive la a; li sove epi li sanktifye (San an sanktifye; Ebre 13.12 e 13 di ke San an sanktifye), epi la a li rive jiska pòt batèm Sentespri a, men poutèt prestij li oubyen denominasyon li, li refize antre Ladann. Li di: “Moun sa a pèdi epi li pap janm ka sove” (wè?); paske li krache sou zèv gras la menm, ki te rele I a pozisyon sa a epi ki te montre li, men kounye a li vire tounen epi li elwaye I de li. Li joure San alyans la pa ki li te kloure...Kris te kloure kòm on bagay endiy. Paske San an ki sove li, epi ki jistifye li, epi ki sanktifye li, mennen li jiske nan batèm Sentespri a. Epi la a li elwaye li, li kite sa...

289 Kounye a, swiv modèl sa a. M pran anpil tan, men gade! Juda Iskariòt te swivi menm tras sa yo. Li te jistifye lè I te kwè Seyè Jezi epi apres a lè I te aksepte I kòm Sovè pèsonèl li. Li te sanktifye, epi li te resevwa pouvwa pou chase lespri yo; non I te mete nan Liv Lavi Ayo a. Men lè Pannkot la vini epi batèm Sentespri a, epi plenitid Pawòl la, li te montre koulè I yo. Se egzakteman sa espyon Kanaran yo te fè, se egzakteman sa Ezaou te fè.

290 Se egzakteman sa Satan te fè Èv nan jaden Eden lan: “Se sèten Bondye pap...”

Men li di: “Bondye di...”

Li di: “Wi, mwen konnen li di *sesi*; mwen konnen li di *se/a*, men se sèten ke...” Wè, se menm bagay la depi kòmansman an, epi se sa I ye jodia.

291 Legliz la swiv atravè Jistikasyon, Martin Luther; atravè Sanktifikasyon, Wesley. Men, lè tan batèm Sentespri a vini, yo montre koulè yo; yo pa vle konn anyen de Sa. Nazareyen, Pèlren nan sentete, Legliz Bondye, tout sa yo ki kwè nan sanktifikasyon, ou pa ka dezapwouve sa; se vre. Men lè nou rive nan fwontyè a, lè nou pwoche kote sa, pou resevwa Sentespri a pou nouvel nesans lan, alò kisa dyab la fè? Li vini epi li eseye defòme I. Oh, li... lap fè tout bagay ki nan pouvwa I pou anpeche moun yo ale la a.

292 Yo tounen avèk ide sa a, yo di: “Ou dwe pale an lang. Ou dwe gen sansasyon. Ou dwe fè *sesi*.” Ou dwe fèt ladann. Pa kite pèsonn moun di w ke sanktifikasyon e Sentespri an se menm bagay, paske se pa vre! Se sèten ke non!

Tande Nazareyen sa a kap rele isi a: “Se pa vre.” Wè? Li konnen gon diferans, paske gen youn. Frè Capps, vanyan frè nou. Wè?

293 Evidaman, Nazareyen yo...Pa gen moun ki ka di yon mo kont bon moun relijye sa yo; yo osi janti ke yo kapab. Legliz Bondye, Nazareyen, Metodis lib, moun sa yo sensè, men lè nap pale de zèv Lespri a, yo di: "Oh, oh, sa se dyab la." E kisa yap fè la a? Yo blasfeme kont Sentespri a. Lè yo fè sa...

294 Kounye a, kisa ki yon blasfèm? Pa gen padon. Pa vre? "Moun ki te resevwa limyè Bondye a yon fwa deja, ki te patisipe epi ki te goute don selès yo." Pa-...Goute-goute sanktifikasyon Bondye: debarase de sigarèt, fanm sal, epi tout kalite vi konsa. "Epi yo goute bagay selès yo." Pou wè yo kap vanse jiska fwontyè a, menm jan espyon sa yo te fè, sa yo ki te manje on pati nan rezen yo. Men kisa yo dwe fè? Yo dwe abandone denominasyon yo pou vin nan sa a. Wè? Di...Wè? "Yo goute don selès yo; pou yo krisifye Fis de Dye a ankò; epi joure San alyans la kòm on bagay endiy ki te sanktifye yo."

295 Sanktifikasyon an se moman an kote non w enskri sou liv la antan ke kwayan. Pawòl ou...Non w ekri nan San Li. Wè? Sanktifikasyon an fè sa; epi ou rive, alò ke Li fè w konfyans jiske la a, epi ou rive la a...Yo di: "Ebyen, èske L te konn sa?"

296 Wi, Li te konn sa. Li te konnen ke w pa tap fè l nan kòmansman an. Li te konnen ke Jida pa tap fè l. Li te konnen l depi nan kòmansman an; se te fis de pèdisyon an. Men bagay sa yo dwe akonpli. Wè? Pawòl la dwe akonpli, tout, menm tip yo ak lonbraj yo. Oh lala! Nou te ka rete sou sa pandan lontan.

370. Frè Branham, lè ou te bay mesaj la sou swasanndis semèn legliz la... swasanndis semèn (padone m) de Danyèl, mwen kwe ke ou mansyone ke tout-dènye semèn lan nèt oswa sèt dènye ane yo pral kòmanse lè Epouz la ap pran nan Anlèvman an.

297 Non, non, non, non, non, men non, men non, men non! Ou twonpe w (wè?), pa tout sèt semèn yo. Semèn la-la kòmanse lè Jezi vin sou latè a. Li te di: "Mesi a, Prens lan, ap vini epi Lap pwofetize, e nan mitan sèt semèn yo, Lap anlve." E Jezi preche egzakteman twazan edmi, ki se mwatye swasanndis semèn yo, sèt jou, jou nan semèn lan. Wè? E rete twazan edmi.

298 Kounye a, lè Moyiz ak Eli vini sou latè a, sa ki koresponn a Apokalips e Zakari...(Frè Coomer kesyon ou-ou avèk Sè Coomer, se te menm lan.) Donk, lè yo... Nan Zakari 4 epi Apokalips 11, de olivye sa yo e elatriye, ki se Moyiz ak Eli, lè yo vini sou latè a, yo pwofetize pandan mil desan swasann-kat jou. Kisa l ye? Egzakteman twazan edmi. Se te egzakteman menm bagay la. Non pa...Wè? Kèlkeswa byenneme moun sa a ye. Li trè, trè, bèl, ekri-ekri sou papye avèk antèt ak kèk liy tèks relijye isi e la, e se trè byen. E se yon trè bèl kesyon, men (wè?) nou pa konprann egzakteman sa m te di. M pa janm kwè ke tout swasann-dis semèn yo tap sou bò isit. Mesi a anlve. Konbyen ki sonje sa lè m te preche l isit la? Sètènman! Wè? Sèt semèn.

371. Depi lè a, sanble ke premye twazan edmi yo akonpli pandan ministè (Ebyen, isit la nou byen konprann li.) Jezi a-a, men ekspresyon, “nan mitan semèn yo” sanble aplike sèlman a antikris la ki koupe alyans li avèk...(Non, antikris sa a koupe alyans li nan fen dènye twazan edmi yo. Wè?) Dapre sa m konprann sou bann Danyèl la, premye swasant-nèf semèn yo te fini lè Jezi te antre nan Jerizalèm nan ane 30, kifè ke twazan edmi ministè Li enkli nan swasant-nèf semèn yo; e dènye semèn yo nèt-e dènye semèn la nèt oswa sèt ane yo ta toujou rete pou yo akonpli e ta kòmanse a Anlèvman an. Klarifye sa a pou mwen tanpri.

299 Nou konnen, frè, sè, kèlkeswa moun ki poze kesyon an. Trè byen (wè?), men m kwè ke ou on ti jan melanje tèt ou nan sa mwen di. Wè? Bon, lè Jezi antre nan Jerizalèm (se egzakteman sa), se te lafen...Wè? Li pati dirèkteman de la a epi Li te krisifye. Wè? E Li-Li pwofetize pandan mwatye swasann-dis semèn yo, sa fè twazan edmi. Kounye a, Li te anlve, e nanm Li te bay kòm sakrifis. E kounye a, ta pral genyen... Nan dènye jou sa yo, toujou gen twazan edmi ki te pwomèt bay Jwif yo-yo. Epi...antretan vin gen yon rasanbleman sen yo pou Anlèvman an, Legliz la.

300 Kounye a, m pap rive reponn tout, Frè-Frè, Sè.

372. Tanpri èske ou ka eksplike 1 Korint, chapit 7, vèsè 1 a 9? (Pran sa, Frè Nevil, 1 Korint, chapit 7, vèsè 1, byen.)

373. Epi èske chak veritab kwayan pral fè zèv ke Jezi te di, jan li deklare nan Jan 14:12 (Pa egzakteman. Non!): geri malad yo, chase demon yo, resisite mò yo (M pa kwè ke sa a nan Jan 14, men sa pa fè anyen. Se Mak 16.), oubyen-oubyen-oubyen èske se sèlman pou Eli? Èske kwayan an dwe fè tout sa... tout sa... fè sa vrèman... ki kwè vrèman? E si li reyèlman on veritab kwayan, èske li pral resisite mò yo epi fè gwo mirak?

301 Kounye a, sa se pami kwayan yo. Wè? Se pa tout moun ki gen don sa yo, e sa pa vle se yon sèl moun ki pral fè l; pral gen gwoup moun. Kòm pa egzanp, e si-si nou te gon ti fi isit la nan legliz la, oubyen on ti gason, oubyen on moun ke nou vrèman renmen anpil, epi ke li pèdi lavi. Tout legliz tap reyini, epi yo ta pral priye epi fè jèn: “Seyè, gen pitye pou timoun sa a.” Wè? Bondye te ka resisite li.

302 Konbyen moun ki deja li *Papa Nice yo* e liv sa yo? Nou konnen, se konsa yo te fè l nan kòmansman legliz la. Yo tout te rasanble, nou konnen, e gendelè yo te menm resisite pastè yo e lòt moun konsa, si Bondye te dakò fè l; men yo te fè l.

374. Si legliz la sove menm si li pa pral nan Anlèvman an, jan m kwè ke ou anseye l, li dwe pase pa tribilasyon pou pirifye tèt li. Men e pou sa ki mouri yo, kijan yap fè pirifye?

303 Trè byen. Sa yo ki gen... Lepouz la pa bezwen pirifikasyon; Li deja pirifye. E sa yo ki-ki-ki mouri nan tan lontan, sa yo ki pral pase pa... Wè? Yo pa janm resevwa Limyè a ke legliz isit la resevwa; yo te viv anba Jistifikasyon yo, Sanktifikasyon yo, e elatriye. Yo te viv selon Limyè a ke yo te genyen, petèt nan-nan sans sa a ke yo te soufri epi yo sibi tout sa yo te genyen pou yo sibi, pandan pèsikasyon yo a. Men kounye a, nan tan anlèvman sa a konsa (wè?), pral vin gon moman kounye a kote Epouz sa pral (sa ki rejte pati Epouz la ki se tèt la), oblije soufri poutèt li te rejte, paske Levanjil la pat eksplike klèman, jan l ye pou nou jodia. Wè? Nou tèl man wè l klè. Nou te gen tout ane sa yo e tout egzanp sa yo, So yo ki te louvri, Laj Legliz ki te prezante, e tout bagay sa yo konsa. Li tèlman klè ke ou pa ka manke l. Wè? E alò, si ou rejte l konplètman, gon sèl bagay pou fè, se soufri pou sa.

304 Èske ou jwenn li Frè Nevil? Kisa l konsène? M jis... pito m ale kounye a, paske li twò ta. Nou wè? Mwen... Sèt-sèt, nèf...Ann gade.

Men, si nou pa ka kontwole kò nou, marye marye nou. Pito nou marye pase pou n kite lanvi boule nou.

305 Trè byen. La nap pale de vi sal. Olye ke yon nèg, on gason, on fi, ou ki k se swa, lè yo soti ansanm, e-e ke yo konnen ke yo ta dwe marye, ke yo fè l e ke yo marye. Mwen panse ke nou-nou konprann sa m vle di, pa vre? Wè? Pa mennen on ti vi sal isit la, paske li pa bon. Nou wè? Se sè nou, nan on sans, si ou son Kreyen. Kounye a, si se lemonn, se lemonn; chen manje chen. Men fi sa a avèk kilès wap soti, se sè w tou. Lap manman pitit ou-ou yo kap vini. Pa mennen on ti vi sal avè l, montre l ke ou son vrè Kreyen ki moun de byen. Viv tankou on Kreyen moun de byen ta sipoze viv. Wè? Epi trete l tankou yon sè, epi lè ou pral marye, kontinye trete l konsa.

306 M ka reponn kesyon sa a kounye a. M pa kwè nan imoralite ki pami Pannkotis yo, moun sentete, menm si yo marye. M pa kwè nan sa. Non, mesye! Bagay sal sa yo sa-sa tèlman degoutan... M vin isit la pafwa sou yo... Pa maten an, non, se pa sa map di. Men m vle di ke pafwa, lè m al Kalifòni epi nan diferan kote konsa. M rankontre minis lòt bò a, e la a, sou disèman an, m gen lenpresyon ke m te ka lonje yo sou jenou mwen epi ba yo on ti "stimilasyon matyè selil vivan Levanjil la". Wi mesye! Oh lala, pou wè on nèg kap eseye pran ti madanm li, epi salte, obsenite, sa se... Nou konprann sa m vle di. M panse ke ou ta dwe wont de ou antan ke òm de Dye pou... Rete yon mari; rete yon cheri. Respekte l jan ou toujou fè l. Pa prete okenn atansyon a, kèk nan liv obs- seksi sa yo, ou tenten sa yo ke w jwenn nan liv seksi sa yo, epi bagay ke ou li, e tout bagay sa yo, e bagay konsa. Retire bagay degoutan sa a de lespri w.

307 Bib la di pa kite on grenn konvèsasyon sal vini pami nou lè nou pwofese sentete. Trete ti dam sa a kòm si l te ti cheri w. Menm si l gen swasantan, rete menm lan. Rete ti menaj galan sa a; sonje, se sa w ye.

Pa eseye anyen nan nouvo bagay sa yo, e m konnen de kisa map pale...Rete yon mari, on frè otantik, on Kreyen otantik.

M konnen ke sa sanble... Men... Nou se pitit mwen. M gen dwa di nou sa m vle. Nou wè? Nou se pitit mwen; mennen on vi dwat.

308 E noumenm, medam, mennen on vi dwat ak mari w. E noumenm, mari, mennen on vi dwat ak-ak-ak madanm nou yo. Rete vrèman, vrèman janti epi respekte youn lòt avèk... E relasyon anmoure nou-nou e elatriye, se pou I gen respè, pou I sakre, epi pou youn dakò ak lòt e tou. Pa janm pouse, epi bouskile, epi-epi pa janm grosye e vilgè.

309 Konprann, pale ak madanm ou. Si-si w gon nati epi ke I gon lòt nati, pale de sa avè I. Ou-ou eseye fè menm bagay la avè I, sè. E menm jan an... Konprann youn lòt epi rete-rete de vrè Kreyen òm de byen epi de vrè dam Kreyènn, epi-epi rete frè ak sè youn ak lòt. Toujou sonje, nou se pitit Bondye, e nou soti nan on Fanmi Wayal. Nou se san wayal; pa gen meyè san nan lemonn ke pa nou. E se vre! E yon san wayal montre sa li ye. Se sa li ye, li wayal. Tout sa ki kwè di: "Amèn." [Asanble a di: "Amen."—Ed.] Wi, mesye! Montre sa w ye. M son... m se... m se pitit on Wa, m se pitit Wa a. Madanm mwen se pitit fi yon Wa. Kijan m pral trete pitit fi Wa sa a? Kijan I pral trete pitit gason Wa sa a? Wè sa m vle di? Rete otantik.

375. Èske pral gon mouvman Sentespri a, siy, epi pwodij, epi mirak ki akonpli pa Lepouz anvan ke L pati, oubyen nap tann sèlman ke L parèt?

310 Map oblije fini sou sa a, m panse, paske rete m twonp toujou isit la. Epi li fin trè ta. Li midi karant kounye a, epi m gen apeprè on trantèn ou on karantèn toujou, petèt. Map reponn sa a janm kapab. Mwen... map jis pran twa lòt minit. Map reponn sa yo lè map kapab. Wè? M pa konn ki lè map ka reponn yo; map fè sa m kapab. Èske nou apresye yo? Mwen... Li ede m tou. Wè?

Pou vin isit epi pou pran yo konsa, anvan menm ke ou egzaminen yo (ou wè?), gen de bagay ou pa ka reponn, e-e m-m te byen espere tonbe sou...m konnen gen youn ladann apwopo de semans sèpan an. M te tèlman vle genyen I; m te vle eksplike I. Wè? Alò, panse ke m jis rate li, alò map jis gen...Petèt ke Seyè a pa vle ke sa fèt konsa, men se te semans sèpan an. Pou yon moun pa tande bann sa epi pou kòmanse di: "Ebyen, li fè I, li kite sa de kote." Konbyen ki pral soufri de minit de plis pou sa? Huh? Trè byen.

311 Kounye a tann, kite m reponn sa an premye. Ann gade! “Èske...?” Non. Kesyon sa la a se: “Èske ap gen mirak kap fèt pa Epouz la?” Wi, mesye! Sa a ap fèt kounye a. Se vre! Wè? Men pa chache yon bagay ki gwo, oswa louvri syèl la, e fèmèn syèl la pou lapli pa tonbe. Sa se pou Jwif yo-yo kounye a. Wè? Sa pa konsène sa a ditou; se Moyiz ak Eli pou Jwif yo, pa pou Legliz sa a ditou. Li twa premye chapit Apokalips; wap konprann sa Legliz la ye la a. Sa se pou tout Legliz la. E lè lap tounen ak Epouz la, lè lap tounen epi... Li... si ou vle konnen sa Legliz la ye, sa ki konsène Li, li Apokalips twa premye chapit yo, apres a ale nan chapit 19 epi kòmanse li apati de la. La a wap jwenn Epouz la. Rès la nan Jwif yo la a.

312 Kounye a, kan ta semans sèpan an. M pa ka jwenn li la a, paske (ou wè?) se vrèman on gwo pil nan yo. Men moun lan di: “Si sèpan an-si semans sèpan an (wè?)...? Fanm lan, li-li resevwa on pitit gason de Seyè a, se sa li di.”

Ebyen, m kwè ke Dimanch pase, mwen te eksplike kijan I te resevwa I de Seyè a. Si li resevwa I, li resevwa I de Seyè a (wè?), paske li te dwe vini de Seyè a. Paske lalwa Bondye dwe...Li-li obeyi Bondye. Egzakteman.

313 Li te òdone pou solèy la klere, e solèy la klere. Li òdone pou lapli tonbe sou moun ki jis ak moun ki enjis yo; li fè I. E semans yo ki plante nan nenpòt ki chan, ke yo bon ke yo move, yap pouse; se yon semans. E si yon semans plante, pe enpòt...

E sèl jan pou sèpan sa a plante semans sa a, se te sèl bèt ki te pwòch èt imen an. Annefè nan evolisyon limanite, lè nònm nan... Bondye te chita sou tè a... epi L te kòmanse fè zwazo parèt, epi... soti nan zwazo Li pase a diferan bagay, apres a chenpanze, epi de chenpanze a sèpan.

314 Kounye a, li chanje sèpan sa a tèl jan (sa te dwe fèt) ke lap konfonn jenerasyon sa a, kap eseye jwenn on zo ki sanble on espès bèt ki te on pati òm e on pati bèt, pou deklare ke se de la ke lòm... Yo pèdi tras la apati de chenpanze a; sèlman chepanze a pa gen entelijans. Chenpanze a pa gen nanm; li pa ka panse. Li jis gen...Li-li ka... Jis on-on bri, epi li ka... On chwal: “gee,” “haw,” ou on bagay konsa. On chen: “Vin isit, Fido, fè yon trik. Sote!” Epi plase blòk epi bagay konsa, yo fè sa pa emosyon, nan tandè, epi bagay konsa, on aksyon; men pou

panse epi pou konprann, yo pa kapab. Yo pa konnen yo toutouni, yo pa konn diferans lan ant mal a femèl. Yo pa gen lwa konsa...?...Wè? Yo pa ka fè l. Èt imen an se li sèl ki ka fè l.

E sa ki te pi pwòch èt imen an, se te sèpan an. Bib la di se li ki te pi malen pami tout bèt ki te nan chan. Pi entelijan, li-li-li te prèske gen yon nanm. Li te gen yon plas pou yon nanm, men kisa l te fè? Li vann tèt li bay Satan pou twonpe Bondye, pou eseye twonpe L. Konbyen ki konprann jiske la?

315 Satan, sèpan an te prèske gen yon nanm. Bondye te konnen ke yo ta pral chache zo sa yo, e pa gon grenn zo nan sèpan an ki sanble a sa nonm lan. Li te... Se malediksyon sa a ki sou li. Li te kanpe sou pye tankou yon nonm.

316 Remake, alò semans sa a, ki te pwòch semans imen an... Satan limenm, lespri a, te konnen ke se te sèl semans lan ki te ka fekonde fanm lan, paske chenpanze an pat ka fè l. Yo fè kwazman ak tout kalite bagay, li pa mache. Men li te konnen ke jèm de vi a ki te nan chenpanze a pa tap ka vini na chan fanm lan, ovul la; men li te konnen ke semans sèpan an tap kapab, alò li trete ak sèpan an.

317 E Adan pat janm konnen ke zak sa a te ka fèt. Wè? Li te fèt femèl. Sètènman, li tap tounen sa pi ta; men nou wè, souverènte Bondye tap manifeste tèt Li kòm Sovè e-e elatriye, kòm mwen eksplike l plizyè fwa. Men Satan te konn sa, paske li parèt sou li sou fòm sèpan sa a, ki te bèt la; epi on-on bèt, epi li parèt sou li. Epi li te ansent Satan an premye.

318 E si nou remake, de zak sèlman ki te akonpli, epi te gen twa timoun ki te fèt. Chache nan Ekriti yo. Li te akouche jimo. Youn nan yo se te semans sèpan an; lòt la se te Abèl. Li te atire mari l epi l te di...Wè? Apresa li montre mari l sa l te ye, epi apre li viv avè l tou, epi li akouche pitit sa a. Epi mwen vle nou... pou montre ke li te ansent jimo avèk de defiran...Li te yon... Se te yon fanm vyèj.

319 Yo, ou wè, yo djanm. Tankou gad isi a. Abraham te marye ak pwòp sè li. Enben, si yon nonm ta marye ak sè l jodi a, pitit li yo tap idyo. Ou wè? Men imen an...E isi a Jacob...oswa—oswa Isaac te marye ak Rebekah ki te pwòp kouzin li, pwòp kouzin menm san, relasyon san, ou wè, pitit frè Abraham.

320 Remake, remake kounye a, sou sa, ou wè, gen...ras imen an te tèlman djanm. Kounye a, si nou remake se te toujou marasa pandan tout tan an. Te gen... Kayen ak Abèl te marasa, epi Ezayi ak Jacob te marasa. Jezi ak Jida soti nan menm tribi an ak nan menm legliz lan. E la...Menm Sentespri an ak antikris lan dwe marasa: "Tèlman pre ke li tap twonpe Eli yo menm si sa te posib." Èske nou konprann li? Trè byen.

321 Kounye a pou pwouve sa, m vle nou pran Jid nan...m kwè vèsè 17 lan, oswa vèsè 14 nan Jid epi te di...Bon, kounye a, remake sa. Kounye a, m ap fenmen. Remake. Pou koupe tout bagay la pou fè l kòrèk, premye kote Li te di: "M ap fè semans ou ak semans sèpan an lènmi youn ak lòt." Ou wè? Kounye a li pa gen yon semans. Se poutèt sa, kijan li te gen semans sa a se te semans Satan. Kayen se te pitit gason Satan. Li pat gen semans, kidonk li te resevwa l nan relasyon sèks. E lè l te fè l, se te lènmi Bondye ki te ba li l. Epi apre, lè Bondye te ba li yon Semans, Li pat gen sèks ditou ladan L. Nou konprann li? Fanm esklav la ak pitit li chase, paske yo pap eritye ak fanm lib lan ak pitit li.

322 E remake, apres a yo te ba li yon Semans ki te Kris. Ni ze li...Kounye a, Pwotestan yo vle kwè ke se te yon nesans de emoglobin yon vyèj, sa te San Bondye ki kreye a se kote jèm lan te poze, men te di se te ze li. Non, mesye! Ze sa a pa ka desann atravè tib sa a al nan matris la sòf si gen yon sensasyon. Alò nou mete Bondye, ak yon—yon Lespri, kap gen yon relasyon sèks ak yon fanm. Kijan sa ka fèt? Se te yon matyè ke Bondye te kreye an antye, toude ni ze ni jèm.

323 E Li te Pitit Bondye, pa pitit Mari, paske Li pat janm rele l manman. "Fanm," Li te rele l, jamè manman. Li pat manman Li. Se te Pitit Bondye an, e Bondye se Yon Sèl. Konprann li?

324 Kounye a, yon lòt bagay pou pwouve sa epi pou mete yon pwen final, kote si yon moun janm fè gwo diskisyon avè nou, tounen isi a nan Liv Jid lan, m panse se vèsè 17 lan (vèsè 14 la oswa vèsè 17), li te di: "Kounye, Enòk..." Nou vle m li li? Èske nou gen kantite tan sa? Ann—ann...epi m ap pran...Lè sa a m ap konnen, paske kasèt lan isi a ap kontinye, e nou—nou ta ka fè l mele nan—nan sa kounye a. Kite m wè si se yon...vèsè 14:

...Enòk, ki te vin sèt jenerasyon apre Adan, te pale sou bagay sa yo, lè l' te di:

Koute. Men Bondye ap vini ak li di mil nan sen pa li yo.

325 Kounye a tounen nan chapit 5 (m kwè l ye) nan Jenèz, epi apre ale tou, nan Liv Lik la (m swete m te ka jwenn li; m te ekri l tout isi a, si m te ka jwenn li isi a) e n ap dekouvri ke nan desandans yo, pyès kote nan Bib lan...Si...Gade! Si Noye...Si Enòk se setyèm lan apati de Adan, Bib lan te di: “Adan epi pitit gason l Seth,” paske Kayen se pat semans Adan. Li te di Adan te anjandre Seth, epi Seth te anjandre...Jared; Jared te anjandre, desann ale nèt rive nan Enòk; e Enòk se te setyèm lan depi Adan. Pa gen pyès kote ke l te janm pale ke yo te janm konsidere Kayen kòm on bagay nan desandans Bondye yo.

326 Kounye a, jis gade epi chache konnen si se sa ou non; fouye li. E Lik vini la a epi tounen nonmen l dwat ankò, epi mete apati de Adan. Pa yon sèl fwa Kayen te janm mansyone nan tout bagay la. E si Enòk (ou wè?) se te setyèm lan apati de Adan, ki kote Kayen te antre? Paske Bib lan te di sa, nan desandans yo, ke Adan te anjandre yon pitit gason, Seth. E Seth te anjandre Jared, e Jared te anjandre *Entèl entèl*, kontinye desann; e pa yon sèl fwa Kayen te janm mansyone. Alò li pat ka pitit gason Adan. Kidonk li te dwe pitit gason sèpan an, e li pat ka yon pitit gason san relasyon seksyèl. Amèn! Si li pat sa, li te fèt de yon vyèj, alò li tap yon pitit Bondye. M vle yo santi nan sa a yon fwa.

327 Kounye a, menm Bondye ki te revele sa, se menm Bondye a ki te pale m de maryaj ak divòs nou an. Lè Li di bagay sa yo, Frè m, Sè...M se frè nou, yon nonm. Men lè L di sa, epi sa frape anndan isi a, m pa ka eksplike nou li. Pa gen nesesitye pou m eseye fè l, paske m pa tap kapab. Men li pa janm antò yon sèl fwa. Menmsi, m pat ka wè l mwenmenm ditou, m pat ka wè l, men m jis akwoche a li; epi Li kòmanse revele l, apres a m jis—li fese m atè. Men l te dwat la a, epi m pat wè l. Edikasyon nou—nou lese de kote, epi rezon nou yo lese de kote, ak tout lòt bagay; se konsa Kayen te lese de kote.

Kounye a, si nou te gen tan pou tounen isi a nan Jenèz epi kòmanse li...Ann wè si m te ka jis pran l epi jwenn li dèyè isi a. M pa konnen ak sètitud si—si m te kapab ou non. Mesye Wood, èske w sonje lè m tap montre w sa lòt jou an? Jis kisa... Èske se te chapit 5 lan? 5 lan, en, en. Trè byen.l

Men lis non pitit pitit Adan yo: Lè Bondye kreye moun, li te fè yo pòtre...!'

Li kreye yo gason ak fi. Li beni yo. Jou li kreye yo a, li rele yo Adan.

Adan te gen santrantan (130 an) lè li te anjandre...dè pitit gason—epi te ankandre—te anjandre yon pitit gason ki te sanble avè li tèt koupe, li rele l'... (Kayen? Ha-ha-ha-ha-ha! Kijan l ta rele non l? Where—kote premye ne sa a ki te gen dwa denès yo lè sa a? Pat menm janm mansyone li. Seth te pitit gason l.)

328 Kounye a, nou vin bò isi a ankò e nou jwenn kote sa te di... E Èv te resevwa yon pitit gason, paske Kayen te touye Abèl. Kounye a remake antan nou kontinye. Adan ak jou kreye...

Adan te gen santrantan (130 an)—te gen santrantan lè li te anjandre yon pitit gason—te anjandre yon pitit gason ki te sanble avè l' tèt koupe, li rele l' Sèt.

Aprè li...te anjandre Sèt, Adan viv witsanzan (800 an). Li te anjandre anpil lòt pitit gason ak pitit fi.

Lè Adan mouri li te gen nèfsantrantan (930 an).

Sèt te gen sansenkan (105 an) lè li te anjandre yon pitit gason yo te rele Enòs. (Epi kontinye desann jouk li kontinye desann, epi li se setyèm lan, Enòk se setyèm lan depi Adan.)

Kounye a, m pa sonje jis ki kote nan Lik. Èske nou genyen sa a make tou, Madan Wood? Li avè mwen...M tap montre l li lòt jou an la a nan...Sa w di? [Frè Branham fè konvèsasyon ak Sè Wood—Editè a.] M kwè w gen rezon, Sè Wood. Nou te make l la a nan liv li, kote nou te ye, Bib li, kote m tap montre an. Men li, ya, desandans yo. Trè byen.

329 Kounye a, si n ap remake isi a...Nan chapit 3 an nan Lik nou jwenn menm bagay la a." ...pitit gason l yo e latriye...ak Noye, ki te yon Lamech, ki pitit gason Mathusala tou, ki pitit gason Enòk tou, ki te pitit gason Jared, ki te pitit gason Maleleel, ki te pitit gason Cainan, ki te pitit gason Enos, ki te pitit gason Seth, ki te pitit gason Adan, ki te pitit gason Bondye." Ki kote Kayen te antre? Ki kote Kayen ye, premye ne an? Dwa denès lan pou li; ki kote l te soti? Li te semans Satan an, e pa pa Bondye. Pat pa Adan nonplis, paske non pitit gason Adan se te—se te Seth. Kayen, semans sèpan an, te touye premye pitit gason l ki te yon tip epi lonbray sèpan an ki tap touye tou lòt pitit gason l lan, Jezi. E Seth te pran plas li nan desandans yo, ki te vle di rezirèksyon an, ke desandans Bondye yo tap kontinye nèt.

330 M vle wè yon moun mete l anndan la a kounye a epi di se pat semans sèpan an. Sa pat rekonèt nan desandans Bondye yo, oswa nitou desandans ras imen an, desandans Adan yo, okenn nan rès yo. Èske se vre? Konbyen moun ki kwè sa, di: “Amèn!” [Asanbke reponn: “Amèn!”—Editè a.] Sèten. Se pa sa l te ye; li te semans sèpan an e pa semans Adan!

331 Li te di se te pitit gason Adan. Se pat pitit gason Adan. Li te di: “M te genyen l de Bondye.” Epi l te dwe genyen sa, se te yon semans. Se te yon semans, men se te semans sèpan. Ou wè?

332 E Li ta dwe tounen yon vyèj lè sa a pou netwaye zak seksyèl sa a ki te fèt la. Yo te mete Adan isi a sou latè, men li pa tap—pa tap janm dekouvri ke l ta pral yon papa. Nou konprann sa m vle di. Satan ki te konn sa, li te rive sou Èv anvan Adan te rive la a. Epi men kote tout bagay la chita jodi a. E frè, se sa ki fè maryaj ak divòs ak tout lòt bagay tèlman bay pwoblèm jan sa ye jodi a. Sa pi fè pitye. Ou wè? Men mwen...Bondye te fè yon chimen, ke nou rekonesan pou li.

333 Èske nou renmen Li? Èske Li pa mèveye? Kounye a, èske semans sèpan an kòrèk? M te panse petèt yon moun sou kasèt la tap...te ka panse m te pè atake sa. Nou wè? Kidonk yo tap di: “Enben, li te pase sou sa de fwa. Li jis pè met men sou li.” Nou pa pè sa. Toutotan Seyè a nan sa, se kòrèk.

Nou konn kisa? Jan m te di, èg sa a m te gade lè sa a, ap santi zèl li, nou konnen. M te panse: “Èske w pa pè mwen?” M te gen zam mwen ki chita deyò la a; m te di: “M te ka tire w.” Li te konnen m pa tap ka tire l; m te twò lwen zam sa a. M te di: “Èske w pè?” Li te jis woule gwo je l yo epi l te gade m. Yon ti tanyà ki te chita bò la a ap fè: “Cha, cha, cha, cha, cha, cha; m ap rache w an myèt moso, rache w an myèt moso!” Li pa tap pote atansyon a tanyà sa a, men li te bouke koute l. Kidonk apre on moman, li te jis fè yon gwo mouvman flòp, li t ale kon sa, epi jis louvri zèl li. E l te konn kijan pou l manevre zèl sa yo, li jis te kontinye vole dwat pou pa wè l. Ou wè? M te jis wè l jis vin yon ti bout bagay kon sa, jis yon ti tach.

334 Frè Fred, m kwè m te montre w. M te lokalize Frè Fred dèyè la a kounye a, lè li te rele “Amèn!” sa fè on moman. M—m kwè m te montre w kote sa a anwo la a, ak Frè Wood,

kèlkeswa kote w ye a, anwo nèt nan mòn yo anwo la a, kote sa te pase a. M te wè èg sa a. Mwen...Li te oblije desann nan tanpèt sa a, epi m te kanpe dèyè pyebwa sa a.

335 M tap chase elan (epi on ti jan pi ta), e se te an oktòb, epi nèj ak bagay. Frè sa a isi a te anwo la a otòn dènye avè nou, Frè John avè yo, dwat sou tèt Corral Peak se kote I te ye a.

336 M te kanpe la a, epi m te kanpe dèyè pyebwa sa a. Neje on tikal epi lapli tonbe on tikal, epi m te jis kanpe la a. Èg sa a kanpe la a, epi li te vin oblije desann. Li te kontinye vole anwo la a, gran, gwo kanmarad sanble mons, yon gwo èg mawon. Poze la a epi te gade nan viwonn lan, m te panse: "Ebyen..." M—m te gen yon—yon bon moman tout bon. M tap rele: "Louwe Seyè an! Alelouya!" M tap fè tou epi fè tou epi fè tou rakbwa an, ap rele kon sa. M te gad anba la a; m te ka tande vye kòyòt sa a kap rele. Nou konn kijan yo pran rele.

337 Ane pase anba la a, lè...jis anvan lapli tap kòmanse tonbe, yo tap kòmanse rele; se te yon ti lou, nou konnen. M jis renmen tande yo.

338 Apresa m te ka tande elan an byen lwen bò isi a, "Whee hoo" an, klewonnen. Epi byen lwen bò isi a konpayon an reponn li. (Semèn pwochèn, semèn ki vin apre I lan, m ap chase yo, si Seyè an vle.) Kidonk lè sa a, ap tande sa bò la a, o, li jis tèlman diven pou w anwo la a. O, m—m jis... Se—se katedral mwen anwo la a kote m pale avè Li, epi desann isi a epi pale avè nou. Ou wè?

339 E anwo la a, o, sa tèlman mèveye, jis ap rilaks. Jis kanpe la a, m te panse: "O, Bondye..." M te gade, apres lapli an soti, epi sapen yo te jele nèt, epi yon lakansyèl te pase travèse sa a depi nan Corral Peak ale dwat nan Mòn Sheep, nan direksyon sa a, travèse wout sa a. Epi m te panse: "O, Bondye, gade la a. Umm," m te panse: "men W isi a, Alfa ak Omega, Kòmansman an ak Fen an. Men I desann epi isi a, la a. Ou se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, Sèt Laj Legliz yo, Sèt Chandelye Lò yo. Men W la a, Bondye, ala Ou mèveye."

340 Epi m te jis ap rele, m poze zam mwen atè; m tal fè tou pyebwa an ap rele: "Glwa pou Bondye! Louwe Seyè a," fè tou epi tou pyebwa an kon sa. M te jis gen yon gwo moman anwo la a poukont mwen, jis Seyè an avè m, nou konnen.

341 Epi apre on moman èg sa a monte sot nan lo touf bwa sa a epi te jis gade mwen. M te panse: “Ebyen, ou pa renmen sa?” M te di: “Vye gason, m ap adore menm Bondye ki te fè w lan.” Ou wè? Li te jis bat gran gwo je gri l yo epi te gade nan viwonn mwen, epi mwenmenm kap rele kon sa.

342 Yon vye ti ekirèy pye pen (nenpòt moun ki janm chase nan mòn yo, li se—li se polisye bwa yo), epi l te sote sou la a (yon vye ti kanmarad, ki pa gwo ase pou fè anyen, men o, al on bri)—epi te sote sou la a, ap sote ponpe, nou konnen: “Yah, yah, yah, yah, yah, yah—yah, yah, yah, yah, yah, yah,” jis ap eksite kon sa.

343 Epi èg sa a tap gade l; li tap gade mwen. M te panse: “O la la, Seyè, ebyen, poukisa W ta fè m kanpe sou on bagay kon sa?” Ou wè? M te di: “Paske, Ou konnen, m tap adore W. Ou vle m wè on bagay sou èg sa a?” M te di: “M ap etidye l, oswa èske se sou ekirèy pye pen an?” M te kanpe la a epi m te gade yo; m te panse: “M ap etidye l jis on ti kal.” M te di: “Yon sèl bagay m te remake li, li pat pè.” M renmen sa, pa pè. Li te kanpe la a, gran gwo zwazo sa a; m te di: “Ou konn kisa?” (Zam mwen te poze kont yon pyebwa.) M te di: “Ou konnen m te ka tire w?” Li te konn pi byen pase sa; li te konnen yon sèl bagay: m pa tap fè sa; m te admire l twòp. Ou wè? Men l te kanpe la a, pa pè on tikras.

344 Epi m te panse: “M te ka tire w.” Kounye a, m tap wè li; li tap vire gade m kon sa. Epi l te ret ap fè zèl li yo, nou konnen, al dèyè. Nou konn kijan yo fè kon sa, zèl yo, nou konnen. Gran gwo zèl apeprè longè sa a, nou konnen, epi li te yon gwo kanmarad. Li te poze la a, epi m te gade li. (Se te byennavan m te konn bagay sa yo; se te dè zane ak dè zane de sa, petèt ventan de sa.)

345 Epi m te gade li. Apre on moman, m wè l; m te panse: “Kisa li—kisa li...Li pa pè, kidonk m admire sa. Men kisa ki tèlman diven sou vye èg sa a?” Ap wè gran, gwo bèk kwochi sa a soti kon sa, ak gwo je sa yo, m te panse: “Gason, li se yon vrè zwazo.”

346 Kounye a, pèsòn...Yon malfini, si l ta eseye swiv li, li tap detwi. Pa gen anyen ki ka swiv li. Non, non! Sa tap pran yon avyon pou fè sa. Wi, mesye! Okenn zwazo pa ka swiv li, kidonk, l ale tèlman wo. Epi, li gen je; li ka wè desann dwat rive atè a tou, apre l fin anwo la a, wè ale lwen.

347 Kounye a, Jehovah te konpare pwofèt Li yo ak èg (nou wè?); Li tap leve yo monte kon sa. Yo te dwe fèt espesyal. Ann wè. Predestine, ne pou objektif sa a (ou wè?), fè yo leve kon sa. Epi nou...Ki byen sa fè nou pou nou monte la a si nou pa ka wè kote nou ye a? Ou wè? Ki itilite pou n monte la a si nou pa konn kisa n ap fè? Ou wè, ou wè?

348 Ki itilite ki gen nan sote ponpe, rele epi pale nan lang, si nou pa konn kisa tout sa a ye? Ou wè, ou wè? Nou dwe konprann pandan nou la a. Ou wè?

349 Kidonk lè sa a, m te gade li, nou konnen, antan li te bouje fè tou la a. M te ret...M te jis admire li; li te tèlman yon bèl zwazo. E poutan, li tap petèt manje enpe nan vyann sèf mwen an ak bagay ke mwen...M te gade li, epi apre on moman m te panse: "Nou konnen, kisa—kisa li..."

350 Apre on moman li te vin bouke. M pa panse li te vin bouke gade m, men m panse li te vin bouke koute vye ti tany sa a ki te chita la a. Nou konnen, nou gen tèlman anpil ladan yo nan kan an jodi a. Nou konnen? Ou wè? "Cha, cha, cha! Jou mirak pase! Nanpwen bagay konsa tankou gerizon divin. Pa gen bagay sa yo ankò!" Ou wè? Vye ti tany terès ki chita sou souch pyebwa sa a. "Nou dwe fè pati de sa a. Nou se—nou se—nou se la..." Ou wè? Chita la a jis ap pale anpil monte desann. O, li tap vibre, li tap tranble tèlman fò.

351 Li te vin bouke koute li, epi l te jis fè yon sèl gran gwo sote, epi l te jis souke branch sa a kote l poze a, kon sa. Branch lan te souke, kon sa, epi l te soti dwat. Ou wè, li te bat zèl li epi te jis pati atravè bwa sa a la a. Epi lè l te fè sa, m te remake l. Ou wè? Li pat pè, paske li te ka santi prezans zèl li ke Bondye ba li. Li te konnen zèl sa yo te ka mennen l ale lwen nenpòt kalite danje. Ou wè?

352 E kidonk, sa se fason nou vle santi nou. Sa se Pawòl la, e Sila a ki te ekri Pawòl la se Zèl mwen yo. M pa pè Pawòl lan; L ap fè nou travèse dwat nenpòt kalite pwoblèm ki genyen. Se yon Nepe kap koupe louvri wout Li tou dwat atravè sa. Piga nou janm enkyè sou sa. Ou wè?

353 M te remake li lè sa a. Li pat bat, li jis louvri zèl li yo. Ou wè? Epi sa a, chak fwa van an tap vini, li tap jis monte, monte al pi wo epi pi wo.

M te kanpe la a, epi m te kwaze bra m, epi m te gade l jouk li te jis yon ti tach m pat ka wè apèn ankò. Epi m te panse: “Bondye, se sa.” Se pa kouri al jwenn sesi, epi kouri al jwenn sela, epi fè sesi, sela, oswa se lòt bò; se jis louvri zèl nou (ou wè?); konn kijan pou n louvri zèl lafwa nou nan Pawòl Bondye an, epi navige lwen tout pale pale anpil san sans sa a isi a ak pale pale anpil la a. Ya! “Syèl ak latè ap pase, men Pawòl Mwen pap janm fayi.”

354 Kounye a, m gen apeprè ven nan nou ankò apremidi an. Kounye a, noumenm ki sou...ke entèvyou nou se pou apremidi an, enben, wè ak Billy, paske m panse yo pral eseye kòmanse jis on tikal bonè pou m pran tout sa yo. Si m kapab, m vle pran chak grenn nan yo ki posib ke m ka pran. Epi m te fè sa, pa paske...Billy pat konn sa, ou wè, men lespri m te tèlman fini apre apeprè ven vision anndan la a maten a, nou wè, jouk li...oswa kèlkeswa sa l te ye a. Li jis on jan mete w nan yo...Epi Billy te di: “Poukisa w pa soti epi pran on ti...Rilaks, soti, epi reponn kèk nan kesyon sa yo la a.”

Epi m te di: “Frè Neville gen mesaj li.”

Te di: “M pral di li.” Li tal fè tou an.

Frè Neville te di: “Vini!” Kidonk lè sa a, m te leve epi m vin isi a. Epi kèk nan yo ap tann apremidi an. M regrèt m te kenbe nou isi a jiska inè, men m ap...sipoze m ap dwe pati apre demen, konsa pou m retounen Arizona ankò.

355 Sonje, si Seyè a vle, pwochen fwa m tounen, m vle preche sou, pou nou, sou...montre nou nan Lekriti sa ki kòrèk sou maryaj ak divòs. Sa a...E kounye a...Epi apre, jis kite l...Poze l jis fason l ye vrèman an, apres a n ap wè li apati de lè sa a. Kidonk jiska moman sa a, pran bon kouraj; Seyè a beni nou vrèman richman. Èske nou ka kanpe? [Yon dam bay yon pwofesi nan asanble an—Editè a.] Louwe Seyè a.

Mwen renmen Li, mwen renmen Li, (Èske nou renmen Li?)

Paske Li te renmen m an premye,

E te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

356 Nou renmen Li? Kounye a, ann bay youn lòt lanmen, pandan nou chante ankò.

Mwen renmen Li, mwen renmen Li,

Paske Li te renmen m an premye,

E te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

357 O, èske sa pa mèveye? O la la! Billy te vle m anonse, ke apre benediksyon an, li gen on pawòl pou di nou moun yo isi a ki vle entèvyou prive sa yo. Nou wè? Li vle rankontre nou jis nan kèk minit. Men mwen santi kounye a menm, jis on moman adorasyon. Sa yo...Èske nou pa renmen adore Li nan Lespri?

E te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

358 O èske sa pa mèveye? O, mwen—mwen renmen Li. Nan kè mwen mwen renmen Li, si m konn kè mwen. M kwè nou renmen L tou. Kidonk ansanm nou se pitit Li yo. Nou renmen youn lòt. Kounye a, m pa ka renmen Li san m pa renmen nou. E si m di ke m renmen Li epi m pa renmen nou, Bib lan te di mwen se yon mantè. Ou wè? E si mwen...Si nou vle—si nou te vle renmen mwen oswa renmen fanmi mwen... Chwa an se te, kisa m vle pou n fè, renmen mwen oswa renmen fanmi mwen; renmen fanmi mwen. M ta pito nou ta renmen Billy Paul pase pou n renmen mwen. Si sa rive nan jan de konfwontasyon sa a, m ta pito nou ta fè sa. M vle nou koute m, paske Billy pa yon minis. Men m vle nou koute mwen, sa ke m di nou; men lè...si nou vle renmen yon moun, vrèman renmen yo, nou di: “M vle pou swa renmen w oswa Billy,” se pou n renmen Billy. Ou wè? Bondye santi L menm fason an apwopo de nou. E nou pa ka... Lè sa a mwen konnen ke nou pa ka renmen Billy san nou pa renmen m, paske li fè pati de mwen. Ou wè? Kidonk m pa ka renmen Bondye san m pa renmen nou, paske nou fè pati de Bondye. E nou renmen youn lòt. O, m panse sa tèlman mèveye. Èske nou pa panse ke chante yo se bèl bagay apre nou gen sa yo, reponn bagay sa yo, kote li mete nou nan on pozisyon difisil? Uhm, uhm, o tèlman vre.

Mwen renmen Li, mwen renmen Li,

Paske Li te renmen m an premye,

E te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

O, y ap soti nan lès ak...